

Pamekar Diajar

# BASA SUNDA

Pikeun Murid SMP/MTs Kelas VIII

KURIKULUM 2013



DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT  
2014



Pamekar Diajar  
**BASA SUNDA**  
Pikeun Murid SMP/MTs Kelas VIII

Hak cipta © kagungan Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat  
Ditangtayungan ku Undang-undang

**Disklaimer:** Ieu buku téh diajangeun pikeun murid dina raraga larapna Kurikulum 2013. Ieu buku disusun tur ditalaah ku hiji tim kalawan dikoordinasi ku Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian (BPBDK) Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat minangka buku kurikulum daerah. Mimitina dipakéna buku taun 2014. Ieu buku téh sipatna “dokumén hirup”. Hartina bakal tuluy disarungsum luyu jeung kabutuh katut panéka jaman. Pangdeudeul ti rupining pihak dipiharep bisa ngundakkeun ajén ieu buku.

**PANYUSUN:**

Tatang Sumarsono  
Ahmad Hadi  
Ano Karsana  
Asep Ruhimat  
Darpan  
Dede Kosasih  
H. Dingding Haerudin  
H. Yayat Sudaryat  
Risnawati

**PENELAAH:**

Prof. Dr. H. Iskandarwassid, M.Pd.  
Dr. Hj. Ai Sofianti, M.Pd.  
Drs. H. Elin Syamsuri  
Drs. Apip Ruhamdani, M.Pd.  
Budi Riyanto

**Rarancang Eusi:** Yoshi Sukadar

**Rarancang Jilid:** Yoshi Sukadar

**Rarancang Gambar:** Toto Rianto

Eusi ngagunakeun Adobe InDesign CS3 jeung Adobe Photoshop CS3  
Aksara ngagunakeun Palatino Linotype 12 pt - 18 pt.

Dipedalkeun ku:  
**DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT**

ISBN: 978-602-1300-07-7 (Jilid Lengkap)  
978-602-1300-09-1 (Jilid 2)  
Perpustakaan Nasional : Katalog Dalam Terbitan (KDT)

## KEPALA DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Alhamdulillah, ieu buku pangajaran basa Sunda tiasa ngawujud, enggoning nyaosan impleméntasi Kurikulum 2013, pikeun ngeusian lolongkrang Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Daerah di Jawa Barat.

Hasil garapan tim panyusun téh aya dua rupi buku nyaéta buku murid sareng buku guru. Éta téh mangrupa bagian tina pakét Kurikulum Daerah, hususna ngeunaan pangajaran basa jeung sastra daérah, dumasar kana Permendikbud No. 81A/2013, ngeunaan implementasi kurikulum. Pami diwincik deui, sanés mung buku wungkul bagian éta Permendikbud téh, tapi deuih ngawengku Kompetensi Inti jeung Kompetensi Dasar (KI-KD), silabus, sareng Rencana Pelaksanaan Pembelajaran (RPP).

Ku medalna ieu buku, dipiharep implementasi kurikulum 2013, hususna ngeunaan pangajaran muatan lokal basa jeung sastra daérah di Jawa Barat tiasa dilaksanakeun kalawan merenah, luyu sareng udaganana. Saparantosna dialajar ngeunaan basa jeung sastra daérah, dipiharep dina diri murid aya parobihan anu tétéla, boh unsur sikepna (*attitude*), boh pangaweruhna (*knowledge*), boh kamampuh ngagunakeun katut karancagéan (*performance; behavior*). Singgetna mah éta unsur anu tilu téh bisa disebut kompetensi.

Kalungguhan guru dina posisi agén parobahan utama enggoning ngaimpleméntasikeun kurikulum 2013 teu kinten pentingna. Aya hiji hipotésis basajan, saupami guru kagungan kompetensi anu nohonan pasaratan Kurikulum 2013, tangtosna gé kalebet guru basa daérah deuih, tinangtos éta kurikulum bakal tiasa diimpleméntasikeun kalawan merenah. Ku margi kitu,

dina nataharkeun sareng ngaronjatkeun kompetensi guru téh, di antawisna ku cara nysusun buku padoman guru, kalebet tarékah anu kedah kénging pangajén.

Muga-muga waé harepan urang sadaya ngeunaan ayana parobihan anu tétéla dina dunya atikan ku diimpleméntasikeunana Kurikulum 2013 téh tiasa ngawujud, enggoning lahirna *Generasi Emas Indonesia* dina taun 2045 nu badé dongkap.

Bandung, Desember 2013

Kepala Dinas Pendidikan

Provinsi Jawa Barat,



**Prof. Dr. H. Moh. Wahyudin Zarkasyi, CPA**

Pembina Utama Madya

NIP. 19570807 198601 1 001



## KEPALA BALAI PENGEMBANGAN BAHASA DAERAH DAN KESENIAN DINAS PENDIDIKAN PROVINSI JAWA BARAT

Kurikulum 2013 ti wangkid ayeuna parantos ngawitan dianggo sacara nasional. Jalaran kitu, pangajaran basa jeung sastra daérah nu diperenahkeun janten muatan lokal di Jawa Barat kedah luyu sareng Kurikulum 2013 hususna patali luyuna sareng élémén-élémén parobihan anu janten karakteristik Kurikulum 2013 anu ngawengku: *Standar Kompetensi Lulusan, Standar Isi, Standar Prosés, sareng Standar Penilaian*. Éta katangtosan kedah kacangkem sareng kalaksanakeun ku sakumna guru-guru basa jeung sastra daerah anu mancén tugas di SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, sareng SMK/MAK.

Ieu buku bahan ajar teh dijudulan *Pamekar Diajar Basa Sunda*, sadayana aya 24 jilid, ngurung buku siswa 12 jilid sareng buku guru 12 jilid. Kalungguhanana janten buku babon anggoeun di sakola nu aya di Jawa Barat. Buku murid diajangkeun pikeun sakumna murid dumasar kana tingkatan kelas. Buku Murid eusina medar materi ajar sareng pertanyaan-pertanyaan, latihan, tugas/pancen anu raket patalina sareng kompetensi dasar (KD). Buku Guru eusina medar silabus, métodologi pangajaran, sareng évaluasi, ogé mangrupi pangjembar buku murid.

Komponén-komponén anu dimekarkeun boh dina buku murid atanapi buku guru dumasar kana opat kaparigelan basa anu ngawengku ngaregepkeun, nyarita, maca, sareng nulis anu diajarkeun maké pamarekan saintifik sareng penilaian auténtik. Hal ieu dumasar kana karakteristik Kurikulum 2013 nu ngalarapkeun pamerakan saintifik sareng penilaian auténtik dina prosés pangajaran.


Disusuna ieu buku téh mangrupa lajuning laku tina Surat Edaran Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, Nomor 423/2372/Setdisdik, 26 Maret 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada jenjang SD/MI, SMP/MTs, SMA/MA, SMK/MAK. Sajabi ti eta, ogé dumasar kana Peraturan Gubernur Jawa Barat Nomor 69 Tahun 2013, ngeunaan Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Pendidikan Dasar dan Menengah.

Muga-muga waé ieu buku téh aya manpaatna ka urang sadaya, tur janten cukanglantaran dina merenahkeun sareng memeres basa jeung sastra daerah, anu udagan langkung tebihna pikeun ngamumulé sareng mekarkeun basa jeung sastra daérah, ngalangkungan jalur atikan di Jawa Barat.

Tangtosna ogé ieu buku téh teu acan tiasa disebut sampurna. Ku margi kitu, teu kinten diantos-antosna kamadang ti sadayana. Saukur kakirangan anu nyampak dina ieu buku bakal teras didangdosan, supados tiasa nyumponan pameredih sareng kaayaan pajaman.

Bandung, Desember 2013

Kepala Balai Pengembangan  
Bahasa Daerah dan Kesenian,



**Drs. H. Husen R. Hasan, M.Pd.**

Pembina Tk. I

NIP. 196110051986031014

# Panganteur

Anu keur disanghareupan ku hidep téh buku *Pamekar Diajar Basa Sunda*. Ieu buku diajangkeun pikeun sakumna murid di Jawa Barat, jadi buku babon pikeun pangajaran basa Sunda. Kabéhna téh aya 12 buku, hasil gawé tim panyusun anu meunang pancén ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Jilid I tepi ka VI pikeun murid SD/MI, jilid VII tepi ka IX pikeun murid SMP/MTs, jeung jilid X tepi ka XII pikeun murid SMA/SMK/MA/MAK.

Medalna ieu buku téh pikeun méré lahan ka sakumna murid anu diajar basa Sunda, kalawan harepan hidep sakabéh enya-nya ngamangpaatkeun. Ku diajar basa Sunda tina ieu buku, dipiharep kanyaho jeung kabisa hidep dina ngagunakeun basa Sunda bisa ningkat jeung nambahan. Lian ti éta, hidep jadi leuwih resep ngagunakeun basa Sunda dina kahirupan sapopoé. Éta mah naha di sakola, di lingkungan kulawarga, atawa di tempat ulin.

Meureun ti antara hidep aya nu tumanya, naha maké kudu diajar basa Sunda sagala? Naha naon gunana atuh? Jih, pangna diajarkeun di sakola ogé éta téh ku sabab loba mangpaatna dina kahirupan sapopoé. Anu paling karasa upamana waé urang bakal bisa komunikasi ku basa Sunda kalawan hadé tur merenah. Loba kauntunganana lamun urang bisa ngagunakeun basa Sunda téh, di antarana waé urang bakal nyaho jeung bisa neuleuman kabeungharan budaya Sunda. Apan budaya Sunda téh jadi bagian penting tina budaya nasional Indonésia. Salian ti éta, apan hidep di sakola diwajibkeun diajar basa Sunda. Meureun hidep tumanya deui, naha ari diajar basa Sunda téh babari? Jih, nya babari atuh. Jaba deuih resep.

Bieu gé geus disebutkeun, teu hésé diajar basa Sunda téh, komo deui pikeun urang Sundana sorangan mah. Dalah najan lain

keur urang Sunda ogé sarua waé teu hésé. Ku kituna, hidep teu kudu ngarasa seungguh. Ulah tacan gé nanaon geus nyebut horéam. Anu penting mah urangna sing enya-nya, boh enya-nya ngabandungan pedaran ti Ibu/Bapa Guru, boh enya-nya dina ngapalkeun jeung migawé latihanana. Lian ti éta, kacida hadéna mun hidep getol maca buku-buku basa Sunda lianna, maca surat kabar jeung majalah anu ngagunakeun basa Sunda, atawa ngabandungan siaran radio jeung televisi dina program basa Sunda. Hal séjénna anu bisa dipigawé ku hidep nyaéta lalajo pagelaran kasenian Sunda.

Cindekna mah, sakali deui rék ditandeskeun, entong ngarasa sieun atawa horéam dina nyanghareupan pangajaran basa Sunda téh. Kapan heueuh babari, jeung matak resep deuih.

Geura ayeuna urang mimitian. Bismillah ....

Bandung, Oktober 2013

Salam ti nu nyusun ieu buku

# Daptar Eusi

## Pangbagéa:

1. Kepala Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat \_\_\_\_\_ iii
2. Kepala Balai Pengembangan Bahasa Daerah dan Kesenian Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat \_\_\_\_\_ v

Panganteur \_\_\_\_\_ vii

Pangajaran 1: Kwaih \_\_\_\_\_ 1

- A. Ngaregepkeun Kawih \_\_\_\_\_ 2
- B. Mahamkeun Eusi Kawih \_\_\_\_\_ 3
- C. Medar Eusi Kawih \_\_\_\_\_ 6
- D. Pancén \_\_\_\_\_ 11

Pangajaran 2: Warta \_\_\_\_\_ 15

- A. Maca Warta \_\_\_\_\_ 16
- B. Medar Warta \_\_\_\_\_ 17
- C. Nyarungsum Eusi Warta \_\_\_\_\_ 24
- D. Pancén \_\_\_\_\_ 25

Pangajaran 3: Guguritan \_\_\_\_\_ 31

- A. Nembangkeun Guguritan Pupuh Sinom \_\_\_\_\_ 32
- B. Mahamkeun Eusi Guguritan \_\_\_\_\_ 34
- C. Nyangkem Guguritan \_\_\_\_\_ 37
- D. Nulis Guguritan \_\_\_\_\_ 43
- E. Pancén \_\_\_\_\_ 49

Pangajaran 4: Sisindiran \_\_\_\_\_ 53

- A. Maca Sisindiran Dina Paguneman \_\_\_\_\_ 54
- B. Nyangkem Sisindiran \_\_\_\_\_ 58
- C. Nulis Sisindiran \_\_\_\_\_ 65



D.	Maca Sisindiran Dina Wangun Drama _____	67
E.	Pancén _____	73
<b>Pangajaran 5: Biantara</b> _____		77
A.	Maca Biantara _____	78
B.	Nyangkem Eusi Biantara _____	80
C.	Niténan Biantara _____	86
D.	Pancén Kelompok _____	88
E.	Pancén _____	90
<b>Pangajaran 6: Bahasan Budaya Sunda</b> _____		91
A.	Maca Bahasan _____	92
B.	Medar Eusi Bahasan _____	95
C.	Nulis Bahasan _____	102
D.	Niténan Bahasan _____	106
E.	Pancén _____	120
<b>Pangajaran 7: Surat</b> _____		121
A.	Maca Surat Dines _____	122
B.	Maca Surat Pribadi _____	125
C.	Maca Surat Ondangan Hajat _____	129
D.	Medar Surat _____	131
E.	Pancén _____	134
<b>Pangajaran 8: Carita Pondok</b> _____		139
A.	Maca Carita Pondok _____	140
B.	Medar Carita Pondok _____	144
C.	Niténan Carita Pondok _____	148
D.	Pancén _____	155
E.	Nulis Carita Pondok _____	158
F.	Pancén Mandiri _____	160
<b>Daftar Pustaka</b> _____		162



Sumber: [ns1.indonesia.travel.com](http://ns1.indonesia.travel.com)

PANGAJARAN  
1

# KAWIH

Saha nu resep ngahariring? Ulah *K-pop* waé nya ngahariringna. Geura kawih-kawih Sunda ogé ngeunah pisan mun dihariringkeun. Nurutkeun panalungtikan paraahli, remen ngawih téh bisa ngaron-jatkeun kamampuh gawé uteuk jeung ngurangan strés nepi ka 30 %. Wah...wah...gedé ogé nya mangpaat ngahariring téh. Lian ti kitu, kawih ogé bisa jadi média pikeun ngébréhkeun eusi haté. Nu matak, hayu geura urang diajar ngawih. Dina ieu pangajaran hidep bakal diajar ngahaleuangkeun kawih-kawih Sunda, mahamkeun eusina, néangan purwakantina, jeung nyaritakeun eusina.

### **A. Ngaregepkeun Kawih**

Regepkeun kawih di handap ngaliwatan kasét/CD/ dihaleuangkeun ku Bapa/Ibu Guru.

### **Pahlawan Toha**



Muhammad Toha  
Sumber: [id.wikipedia.org](http://id.wikipedia.org)

*Getih suci nyiram bumi  
tulang sétra mulang lemah  
babakti sungkem pertiwi  
cikal bugang putra bangsa*

*Nyatana Muhamad Toha  
pahlawan Bandung Selatan  
patriot ti Dayeuh Kolot  
tugu diwangun ngajadi ciri  
taraté nu mangkak ligar di émpang  
jadi bukti gugurna pahlawan bangsa*



## B. Mahamkeun Eusi Kawih

### 1. Eusi Kawih

Kawih Sunda téh loba pisan rupana. Aya anu dipirig ku calung, ku degung, kacapi suling, malah anu dipirig ku *keyboard* jeung gitar ogé loba. Jejer/témamana ogé rupa-rupa deuih. Aya nu nyaritakeun cinta, kahirupan, kaéndahan alam, cinta lemah cai, rupa-rupa kadaharan, jsb. Jejer kawih anu judulna “Pahlawan Toha” mah ngeunaan kapahlawanan. Eusina nyaritakeun kajadian gugurna Muhammad Toha salasaurang pahlawan pajoang kamerdékaan ti Jawa Barat. Kajadian ieu téh kawangikeun ka sakuliah Nusantara. Kumaha gedéna jasa Muhammad Toha, kagambar dina rumpaka kawih. Muhammad Toha dianggap maot sahid dina kaayaan suci. Pan disebutna ogé : getih suci nyiram bumi/tulang sétra mulang lemah. Rumpaka *getih suci* jeung *tulang sétra* nganggap yén maotna dina kaayaan sahid. Satuluyna Muhammad Toha gé disebut *cikal bugang putra bangsa*. Ieu rumpaka nétélakeun Muhammad Toha téh dianggap korban munggaran di pangperangan. Sana-jan saméméhna tangtu baé geus loba nu jadi korban perang, tapi ku gedé-gédéna jasa Muhammad Toha dina mangsa perjoangan nepi ka dianggap cikal bugangna putra bangsa. Pantès rék kitu ogé, kapan Muhammad Toha téh ngorbankeun dirina sorangan waktu ngahuru gudang mesiu.

Dina pada kadua, ieu kawih téh nyaritakeun yén Muhammad Toha téh urang Dayeuh Kolot, Bandung Selatan. Pikeun pangéling-éling kana jasana, diwangun tugu anu dikurilingan ku émpang pinuh kembang taraté. Éta tugu téh perenahna di sisi lapang di Dayeuh Kolot.

## Latihan 1

Pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan kawih, jawab pananya di handap!

1. Sebutkeun kawih-kawih anu témana rupa-rupa kadaharan minimal lima judul!
2. Sebutkeun kawih-kawih anu témana kaéndahan alam minimal lima judul!
3. Sebutkeun kawih-kawih anu témana ngeunaan cinta minimal lima judul!
4. Sebutkeun kawih séjénna anu témana kapahlawanan minimal lima judul!
5. Saha Muhammad Toha téh? Caritakeun kalawan jéntré naon jasana ka nagara!
6. Naha Muhamad Toha dianggap korban munggaran di pangperangan?
7. Naha Muhamad Toha dianggap maot sahid?
8. Kumaha perasaan hidep sabada maca rumpaka kawih Pahlawan Toha?
9. Keur naon diwangun tugu anu dikuriling ku émpang pinuh kembang taraté?
10. Sebutkeun pahlawan Jawa Barat séjénna anu kungsi kasebut dina kawih!

## 2. Purwakanti dina Kawih

Basa anu digunakeun dina kawih, biasana karasa pisan kaéndahanana. Lian ti kekecapanna meunang pilihan téh, ogé leubeut ku purwakanti. Ku ayana purwakanti, beuki karasa baé éndahna basa téh. Ari nu dimaksud purwakanti téh padeukeutna sora dina tungtung kecap atawa kalimah. Jadi, sarupaning mamais basa nu diudagkeun kana sora, boh vokal boh konsonan. Dina kawih *Pahlawan Toha*, leubeut pisan ku purwakanti, boh dina jajaranna boh dina gundukanana. Geura urang cutat deui kawihna!



- Getih suci nyiram bumi (murwakanti dina sora i)
- tulang sétra mulang lemah (murwakanti dina sora a)
- babakti sungkem pertiwi (murwakanti dina sora i)
- cikal bugang putra bangsa (murwakanti dina sora a)
- Nyatana Muhamad Toha (murwakanti dina sora a)
- pahlawan Bandung Selatan (murwakanti dina sora a)
- patriot ti Dayeuh Kolot (murwakanti dina sora o)
- tugu diwangun ngajadi ciri (murwakanti dina sora u jeung i)
- taraté nu mangkak ligar di émpang (murwakanti dina sora a)
- jadi ciri gugurna pahlawan bangsa (murwakanti dina sora i jeung a)

## Latihan 2

Dina rumpaka kawih Pahlawan Toha, loba kecap-kecap anu carang dipaké dina paguneman sapopoé. Pék téangan hartina dina kamus, sarta larapkeun kana kalimah saperti conto nomer hiji!

- sétra hartina beresih , suci, tempat suci, daérah médan perang  
Larapna dina kalimah:  
Néng Intan mah keur geulis téh putih ati sétra manah.
- lemah hartina ...  
Larapna dina kalimah: ...
- cikal bugang hartina ...  
Larapna dina kalimah: ...
- patriot hartina ...  
Larapna dina kalimah ...
- mangkak hartina ...  
Larapna dina kalimah: ...
- ligar hartina ...  
Larapna dina kalimah ...
- émpang hartina ...  
Larapna dina kalimah: ...

### **C. Medar Eusi Kawih**

Di handap aya opat kawih anu jejer/témamana béda-béda. Hidep nyieun kelompok jadi dalapan kelompok. Unggal kelompok bakal kabagéan niténan salahsahiji kawih di handap. Jadi bakal aya dua kelompok anu kawihna sarua. Teu nanaon, engké hasil paniténna bakal dibandingkeun. Geura titénan kawihna:

#### **a. Pancén Kelompok 1 jeung 2:**

### **Karatagan Pamuda Indonésia**

*Rempug jukung pamuda Indonésia  
tingkahna waspada ariyatna  
raksa jaring raga sukma  
kukuh pengkuh kuat nahan cocoba  
Lemah cai merdékana abadi  
urang kabéh pada kagiliran  
teguh nempuh perjuangan rayat Indonésia  
ngajungjung darajat bangsa*

### **Latihan**

1. Kawihkeun babarengan jeung anggota kelompok kawihna nepi ka lancar!
2. Téangan kekecapan anu teu kaharti, tuluy téangan hartina dina kamus!
3. Kecap-kecap anu geus kapanggih hartina, larapkeun kana kalimah!
4. Sebutkeun naon téma kawihna!
5. Téangan kecap-kecap anu murwakanti!
6. Caritakeun deui eusi kawihna maké basa sorangan!
7. Kelompok hiji jeung kelompok dua maju ka hareup, giliran ngahaleuangkeun kawih jeung midangkeun hasil pedaranana!
8. Kelompok séjén ngoméntaran kana pedaran ti kelompok hiji jeung kelompok dua. Najan kawihna

sarua, tangtu hasil pedaranana bakal aya bédana.  
Bédana ieu jadi bahan diskusi kelas!

9. Kelompok hiji jeung dua babarengan nyindekkeun sagala rupa hal anu kapanggih dina kawih Karatagan Pamuda Indonésia!

#### b. Pancén kelompok 3 jeung 4:

### Sabilulungan

*Sabilulungan dasar gotong-royong*

*sabilulungan dasar silihrojong*

*sabilulungan genténg ulah potong*

*sabilulungan persatuan témbong*

*Tohaga*

*rohaka*

*teguh tanggoh perbawa sabilulungan*

*sadia*

*sajiwa*

*segut singkil ngabasmi pasalingsingan*

*Sabilulungan hirup sauyunan*

*sabilulungan silihpihahéman*

*sabilulungan tulung tinulungan*

*sabilulungan kukuh persatuan*

*Santosa*

*samakta*

*teuneung ludeung ngajaring kawibawaan*

*saihwan*

*sapaham*

*nagri nanjung berekah sabilulungan*

### Latihan

1. Kawihkeun babarengan jeung anggota kelompok kawihna nepi ka lancar!

2. Téangan kekecapan anu teu kaharti, tuluy téangan hartina dina kamus!
3. Kecap-kecap anu geus kapanggih hartina, larapkeun kana kalimah!
4. Sebutkeun naon téma kawihna!
5. Téangan kecap-kecap anu murwakanti!
6. Caritakeun deui eusi kawihna maké basa sorangan!
7. Kelompok tilu jeung kelompok opat maju ka hareup, giliran ngahaleuangkeun kawih jeung midangkeun hasil pedaranana!
8. Kelompok séjén ngoméntaran kana pedaran ti kelompok tilu jeung kelompok opat. Najan kawihna sarua, tangtu hasil pedaranana bakal aya bédana. Bédana ieu jadi bahan diskusi kelas!
9. Kelompok tilu jeung kelompok opat nyindekkeun sagala rupa hal anu kapanggih dina kawih Sabilulungan.

### c. Pancén kelompok 5 jeung 6:

## Ka Bulan

*mun pareng nincak ka bulan  
 hayang mawa nini aki jeung baraya  
 moal réa barangbawa  
 nu dibawa ngan samping eujeung kabaya  
     Hayu batur saréréa  
     di bulan engké urang nyieun nagara  
     bisi urang rumah tangga  
     boga budak tong loba siga di dunya  
 Bulan mah ceuk béja béda jeung dunya  
 hésé cai ngan ukur batu nu jadi sagara  
 mun rék mandi ngahaja kumpul baraya  
 ceurik bareng bari nandéan sabatok cimata*

*Mun pareng nincak ka bulan  
hayang ngaronjatkeun budaya Sunda  
ketuk tilu jaipongan moal leungit  
sanajan pindah ka bulan*

*Mun pareng nincak ka bulan  
hayang mawa nini aki jeung baraya  
moal réa barangbawa  
nu dibawa ngan samping eujeung kabaya*

*Ka bulan urang ka bulan  
ka bulan urang ka bulan  
ka bulan urang ka bulan*

Sumber: <http://bp4.blogspot.com>

### Latihan!

1. Kawihkeun babarengan jeung anggota kelompok kawihna nepi ka lancar!
2. Téangan kekecapan anu teu kaharti, tuluy téangan hartina dina kamus!
3. Kecap-kecap anu geus kapanggih hartina, larapkeun kana kalimah!
4. Sebutkeun naon téma kawihna!
5. Téangan kecap-kecap anu murwakanti!
6. Caritakeun deui eusi kawihna maké basa sorangan!
7. Kelompok lima jeung kelompok genep maju ka hareup, giliran ngahaleuangkeun kawih jeung midangkeun hasil pedaranana!
8. Kelompok séjén ngoméntaran kana pedaran ti kelompok lima jeung kelompok genep. Najan kawihna sarua, tangtu hasil pedaranana bakal aya bédana. Bédana ieu jadi bahan diskusi kelas!
9. Kelompok lima jeung kelompok genep babarengan nyindekkeun sagala rupa hal anu kapanggih dina kawih Ka Bulan!



d. Pancén kelompok 7 jeung 8:



### Mojang Priangan

*Angkat ngagandeuang  
bangun taya karingrang  
nganggo sinjang dilamban  
mojang Priangan*

*Umat-imut lucu  
larak-lirik nyari  
rarat-rérét keupat  
mojang Priangan*

*Diraksukan kabaya  
nambihan cahayana  
dangdosan sederhana  
mojang Priangan*

*Mun disanggul ayu  
mun disinjang lenjang  
mun dierok dénok  
mojang Priangan*

*Gareulis maranis  
disinjang laleng  
estu surup nu nempo  
mojang priangan*

Sumber: [www.jahitkebaya.net](http://www.jahitkebaya.net)

### Latihan

1. Kawihkeun babarengan jeung anggota kelompok kawihna nepi ka lancar!
2. Téangan kekecapan anu teu kaharti, tuluy téangan hartina dina kamus!
3. Kecap-kecap anu geus kapanggih hartina, tuluy larapkeun kana kalimah!
4. Sebutkeun naon téma kawihna!
5. Téangan kecap-kecap anu murwakanti!

6. Caritakeun deui eusi kawihna maké basa sorangan!
7. Kelompok tujuh jeung kelompok dalapan maju ka hareup, giliran ngahaleuangkeun kawih jeung midangkeun hasil pedaranana!
8. Kelompok séjén ngoméntaran kana pedaran ti kelompok tujuh jeung kelompok dalapan. Najan kawihna sarua, tangtu hasil pedaranana bakal aya bédana. Bédana ieu jadi bahan diskusi kelas!
9. Kelompok tujuh jeung kelompok dalapan babarengan nyindekkeun sagala rupa hal anu kapanggih dina kawih Mojang Priangan!

#### **Pancén**

1. Bandingkeun eusi kawih Sabilulungan jeung Mojang Priangan. Téangan naon bédana jeung naon sasaruanna!
  - a. Témana
  - b. Eusina
  - c. Kecap-kecap nu digunakeunna
2. Pék hidep masing-masing néangan conto-conto kawih séjénna anu can aya dina buku. Minimal saurang hiji kawih. Mun geus manggih kawih anu dipikaresep, pék pigawé:
  - a. Diajar ngawihkeunana naha nurutan tina CD atawa nanyakeun ka Bapa/Ibu Guru.
  - b. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti tuluy téangan hartina dina kamus!
  - c. Larapkeun kecap-kecap kasebut kana kalimah!
  - d. Téangan kecap-kecap anu murwakanti!
  - e. Tuliskeun deui eusi kawihna dina wangun lancar maké basa hidep sorangan. Hasil pancén ieu bakal dipintonkeun di kelas!
3. Regepkeun kawih Angin Priangan, Kembang Tanjung Panineungan, jeung Duh Indung, dina CD sarta disetél ngan sabalikan, terus lengkepan kekecapan dina kawih di handap! Saméméhna kadé kawihna disalin heula kana buku tulis.

1)

## Angin Priangan

\_\_\_\_\_ angin Priangan  
ngusapan \_\_\_\_\_  
duh embun-embunan  
hawar-hawar \_\_\_\_\_ ngahariring  
ayun ambing ayun ambing  
Seungit angin \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ na lelembutan  
duh na \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ reunreundahan ngahariring  
éling-éling mangka éling  
Dengkleung déngdék  
Dengkleung déngdék sisi \_\_\_\_\_  
Anu déwék enya anu kuring  
Tanah wasiat tanah \_\_\_\_\_  
Anu matak \_\_\_\_\_ na rarasaan  
Dengkleung déngdék  
Dengkleung déngdék sisi lamping  
Anu déwék enya anu kuring  
Tanah katresna jadi \_\_\_\_\_  
Anu tetep marengan nya \_\_\_\_\_

2)

## Kembang Tanjung Panineungan

Anaking jimat \_\_\_\_\_  
basa ema \_\_\_\_\_ tanjung rebun-rebun  
di \_\_\_\_\_ nu reumis kénéh  
harita keur \_\_\_\_\_ ku hidep  
geus opat taun ka \_\_\_\_\_  
ema \_\_\_\_\_ mulung béntang  
nu \_\_\_\_\_ peuting tadi  
béntang seungit \_\_\_\_\_ pangangguran

Anaking \_\_\_\_\_ awaking  
 basa ema mulung tanjung rebun-rebun  
 bet \_\_\_\_\_ aya nu datang  
 ti \_\_\_\_\_ rék ngabéjakeun bapa hidep  
 nu opat poé teu \_\_\_\_\_  
 ngepung gunung \_\_\_\_\_  
 cenah \_\_\_\_\_ peuting tadi  
 \_\_\_\_\_ keur ka dieukeun dipulangkeun  
 Harita waktu layonna geus datang  
 ema ceurik ieung \_\_\_\_\_  
 ras ka hidep ieung na kandungan  
 \_\_\_\_\_ budak yatim deudeuh teuing  
 Harita waktu \_\_\_\_\_ geus digotong  
 ema inget ieung kana \_\_\_\_\_  
 dikalungkeun na \_\_\_\_\_  
 kembang asih \_\_\_\_\_ ieung ti duaan  
 Anaking jimat awaking  
 Lamun ema mulung tanjung \_\_\_\_\_ hidep  
 \_\_\_\_\_ nya pipikiran  
 Tapina \_\_\_\_\_ téh ku hariring  
 \_\_\_\_\_ éling ku éling  
 Kana tanjung nu dipulung éh  
 Kembang tanjung nu \_\_\_\_\_ pakarangan  
 Nu nyeungitan haté urang \_\_\_\_\_

3)

### Duh Indung

Duh indung \_\_\_\_\_ ngajaring anak  
 najan \_\_\_\_\_ matak pusing  
 henteu \_\_\_\_\_ deudeuh mikanyaah asih  
 dimomong jeung \_\_\_\_\_  
 Duh indung ngatik \_\_\_\_\_ anak  
 \_\_\_\_\_ buah haté  
 ngajungjung tur \_\_\_\_\_  
 anak dijieun \_\_\_\_\_

*Duh indung duh indung  
nimang titi \_\_\_\_\_ anak  
duh indung aduh indung  
teu \_\_\_\_\_ ngadudu'a*

4. Kecap-kecap anu kapanggih pikeun ngalengkepan bagian anu kosong di luhur, gundukkeun sakawih-sakawih, tuluy téangan hartina dina kamus!
5. Sanggeus kapanggih hartina tuluy larapkeun kana kalimah!
6. Téangan kecap-kecap anu murwakanti dina kawih di luhur!
7. Tuliskeun deui eusi kawihna dina wangun lancar maké basa hidep sorangan, geus kitu bacakeun saurang-saurang di hareup!
8. Hasil pagawéan hidep, diskusikeun jeung batur sakelas!



# WARTA JABAR



Sumber: [www.seputarjabar.com](http://www.seputarjabar.com)

PANGAJARAN  
**2**

# W A R T A

15

**W**arta téh béja. Mun dina koran, majalah, atawa televisi sok disebut berita. Unggal poé televisi ngawartakeun rupa-rupa béja ti sakuliah dunya, dina unggal widang kahirupan. Ayeuna mah mun hayang nyaho kana kajadian di Amérika ogé teu kudu hiber jauh-jauh ka ditu, cukup nyetél televisi atawa maca koran jeung majalah, kabéh geus nyampak. Ku kituna, warta téh geus jadi pangabutuh hirup sangkan urang apal sagala rupa kajadian di sakuliah dunya. Ceuk barudak ayeuna mah sangkan up-date alias teu tinggaleun jaman. Warta dina basa Sunda mah teu loba jiga dina basa Indonésia. Majalah ogé ukur sababaraha hiji, kitu deui koran jeung televisi. Keun baé saeutik ogé, nu penting aya. Dina pangajaran ieu mah hidep ngan rék diwanohkeun warta nu kungsi dimuat dina majalah jeung televisi. Naon waé eusina, kumawa wangunna, jeung unsur-unsur naon waé anu kudu aya dina warta sangkan informasi anu ditepikeunana lengkep.

## **A. Maca Warta**

### **1. Warta dina Majalah**

#### **Seni Unggulan Daerah Midang di Bandung**

Horéng seni daérah di Jawa Barat téh kacida euyebna. Unggal daérah boga kasenian anu jadi unggulan sarta jadi asét nu bisa dijual keur kapentingan pariwisata. Kumaha warna-warnina budaya daérah, katangén dina acara “Pekan Seni Budaya Jawa Barat 2013” nu lumangsung salila tujuh poé tujuh peuting nyaéta ti tanggal tujuh nepi ka tilubelas Séptémber 2013, di sabudeureun Gedong Saté Bandung.

Eta acara téh dialpu-kahan ku Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Jawa Barat, dina raraga miéling milangkala Provinsi Jawa Barat anu ka-68. Ieu acara anu dideugdeug

ku rébuan panongton téh dibuka ku Wakil Gupernur Jawa Barat, Deddy Mizwar. Dina pamapagna, Deddy Mizwar nétélakeun yén seni budaya Jawa Barat téh boga ajén anu kacida luhurna sarta bisa jadi asét budaya anu payu dijual keur kapentingan pariwisata.

Rupaning seni ung-gulan ti 26 kabupatén/kota téh dipintonkeun babarengan dina wangun hélaran. Lian ti éta, dipin-tonkeun ogé kaulinan urang lembur, pagelaran seni kontémporér, pés-tival ngabodor sorangan (borangan), lomba ngalukis tingkat barudak, *workshop* seni budaya, péstival wayang internasional, paméran seni rupa ténda, sarta paméran kujang. Sakabéh pintonan dikokolakeun ku paraseniman budayawan ti 26 kabupatén/kota, komunitas seni, sarta pangrajin seni di Jawa Barat.

Pangbagéa masarakat kana ieu acara téh kacida pikabungaheunana. Salila tujuh poé tujuh peuting acara pintonan, teu weléh dideugdeug ku nu lalajo, nepi ka patalimarga sabudeureun Gedong Saté macét pisan.



## **B. Medar Warta**

Aya sababaraha hal anu kudu dipigawé ku hidep jeroning mikawanoh warta. Geura titénan contona.

### **1. Néangan Jejer/téma warta**

Warta di luhur téh midangkeun kagiatan budaya. Ku kituna, jejer atawa témana ogé tangtu baé budaya.

### **2. Ngaringkes Warta**

Warta di luhur téh nyaritakeun kagiatan miéling milangkala Provinsi Jawa Barat anu ka-68. Eta kagiatan téh dilaksanakeun di sabudeureun Gedong Saté Bandung salila tujuh poé tujuh peuting. Acarana dibuka ku Wakil Gupernur Jawa Barat, Deddy Mizwar.

Ieu acara téh magelarkeun hélaran seni tradisi unggulan ti 26 kabupatén/kota nu aya di Jawa Barat. Lian ti éta, dipagelarkeun ogé rupa-rupa kaparigelan jeung kamonésan seni budaya ti sababaraha daérah upamana kaulinan urang lembur, pagelaran seni kontéporér, péstival ngabodor sorangan (borangan), lomba lukis tingkat barudak, *workshop* seni budaya, péstival wayang internasional, paméran seni rupa ténda, sarta paméran kujang. Kabéh pintonan dikokolakeun ku seniman budayawan ti unggal daérah, sarta meunang pangbagéa anu hadé ti masarakat.

### 3. Néangan Rumusan Warta

Pikeun manggihan rumusan warta di luhur, hayu urang jieun pananya anu jawabanana aya dina warta!

a. Naon anu jadi jejer warta di luhur?

Jawabanana: Kagiatan Pekan Seni Jawa Barat 2013 anu mintonkeun rupa-rupa seni unggulan ti kabupatén/kota nu aya di Jawa Barat.

b. Kasenian naon waé anu dipintonkeunana?

Jawabanana: Hélaran seni tradisi Jawa Barat, kaulinan urang lembur, pagelaran seni kontéporér, péstival ngabodor sorangan (borangan), lomba lukis tingkat barudak, *workshop* seni budaya, péstival wayang internasional, paméran seni rupa ténda, jeung paméran kujang.

c. Saha nu ngayakeunana?

Jawabanana: Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat

d. Saha anu muka kagiatanana?

Jawabanana: Wakil Gubernur Jawa Barat Deddy Mizwar.

e. Saha anu mintonna?

Jawabanana: Paraseniman budayawan ti 26

- kabupatén/kota, kuminitas seni, jeung pangrajin seni Jawa Barat.
- f. Di mana lumangsungna éta kagiatan?  
Jawabanana: Di sabudeureun Gedong Saté Bandung.
- g. Iraha lumangsungna éta kagiatan?  
Jawabanana: Ti tanggal 7 nepi ka 13 Séptémber 2013.
- h. Naha éta kagiatan diayakeun?  
Jawabanana: Pikeun ngareuah-reuah miéling Provinsi Jawa Barat anu ka-68.
- i. Kumaha kaayaan di sabudeureun Gedong Saté?  
Jawabanana: Ramé pisan, nepi ka patalimarga ogé macét pisan.
- j. Kumaha pangbagéa ti masarakat?  
Jawabanana: Hadé pisan, buktina salila tujuh poé tujuh peuting lumangsungna éta acara, teu weléh dideugdeug ku masarakat.

Sabada urang niténan pananya jeung jawaban anu aya dina warta di luhur, katitén yén dina nulis warta téh kudu nyumponan hiji rumusan anu disebut 5 W + 1H nyaéta *what* (naon), *who* (saha), *where* (di mana), *when* (iraha), *why* (naha), jeung *how* (kumaha). Ieu rumusan téh dina unggal warta kudu aya, sangkan eusi wartana jéntré tur tétéla nepi ka anu maca atawa anu ngabandungan éta warta bisa meunang informasi anu salengkep-lengkepna. Geura urang wincik deui ngarah jéntré!

Rumusan Warta	Conto Larapna
Naon ( <i>what</i> )	1. Kagiatan Pekan Seni Jawa Barat 2013 anu mintonkeun rupa-rupa seni unggulan ti kabupatén/kota nu aya di Jawa Barat.

	2. Hélaran seni tradisi Jawa Barat, kaulinan urang lembur, pagelaran seni kontémporér, féstival ngabodor sorangan (borangan), lomba lukis tingkat barudak, <i>workshop</i> seni budaya, péstival wayang internasional, paméran seni rupa ténda, jeung paméran kujang.
Saha ( <i>who</i> )	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Dinas Pariwisata dan Kebudayaan Provinsi Jawa Barat.</li> <li>2. Wakil Gubernur Jawa Barat Deddy Mizwar.</li> <li>3. Paraseniman, budayawan ti 26 kabupatén/kota, komunitas seni, jeung pangrajin seni Jawa Barat.</li> </ol>
Di mana ( <i>where</i> )	Di sabudeureun Gedong Saté Bandung.
Iraha ( <i>when</i> )	Ti tanggal 7 nepi ka 13 Séptémber 2013.
Naha ( <i>why</i> )	Pikeun ngareuah-reuah miéling Provinsi Jawa Barat anu ka-68.
Kumaha ( <i>how</i> )	<ol style="list-style-type: none"> <li>1. Ramé pisan, nepi ka patalimarga ogé macét.</li> <li>2. Hadé pisan, buktina salila tujuh poé tujuh peuting lumangsungna éta acara, teu weléh dideugdeug ku masarakat.</li> </ol>

Mun hidep maca gemet tabél di luhur, bakal kapanggih yén dina rumus warta, hiji rumus téh bisa aya sababaraha pananya atawa sababaraha béja. Upamana dina naon (*what*) aya dua pananya jeung dua béja. Kitu deui dina saha (*who*). Ku kituna, dina nyieun warta téh

bisa ngamuat sababaraha béja. Ulah pédah rumusna ngan aya genep, nulis ogé ukur hiji-hiji dina unggal rumus, sakadar pikeun nyumponan genep rumus éta wungkul.

### Latihan

#### Baca conto warta di handap!

*Ti tanggal 5 nepi ka 15 Agustus 2013, di Gedong Kasenian Rumentang Siang Bandung diayakeun pasang-giri drama tingkat SMP/Mts sa-Jawa Barat anu diayakeun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Unggal kabupatén/kota ngirimkeun wawakilna. Aya anu ngan ukur ngirimkeun hiji wawakil, aya ogé anu nepi ka dua atawa tilu wawakil. Jumlah pamilon anu miluan kana éta pasanggiri aya 63 grup drama. Teu wudu Gedong Kasenian Rumentang Siang anu biasana tiiseun téh ngadadak ramé, boh ku pamilon boh ku nu lalajo. Unggal poé korsi panongton teu weléh pinuh. Matak reugreug ka panitia.*

Sabada maca warta di luhur, pék téangan:

Kalimah tanyana	Rumusan wartana	Larapna dina warta
Kegiatan naon anu diayakeunna?	naon ( <i>what</i> )	
	saha ( <i>who</i> )	
	di mana ( <i>where</i> )	
	iraha ( <i>when</i> )	
	Naha ( <i>why</i> )	
	kumaha ( <i>how</i> )	

## 2. Warta dina Televisi

### SUNDA TELEVISI

DIVISI PEMBERITAAN

TANGGAL : 4 -10 -2012

REPORTER : SANDY

CAMERAMAN : SANDY

EIC : RANGGA



## POKOK BERITA

### Pasanggiri Ngadongéng pikeun Ngarojong Karep Diajar Siswa

VIDEO	AUDIO
PENYIAR	Cimahi ngagelar pasanggiri ngadongéng/tingkat SMP sa-Kota Cimahi// Eta lomba diayakeun pikeun ngarojong karep siswa SMP/ ngaludang deui tradisi ngadongéng/ anu geus méh leungit.
VTR STAR	<p>..... VOICE OVER .....</p> <p>Dina tanggal 21 Pebruari 2014 anu anyar kaliwat/ MGMP Basa Sunda Kota Cimahi/ngagelar pasanggiri ngadongéng tingkat SMP sa-Kota Cimahi//Ieu kagiatan anu diayakeun di SMPN 8 Cimahi téh/ pikeun ngareuah-reuah miéling poé basa indung sadunya atawa mother tangué//Nurutkeun katerangan ti pupuhu MGMP Basa Sunda Kota Cimahi/Ibu Susi Budiwati,S.Pd./ ieu kagiatan téh geus rutin diayakeun saban taun// Dipiharep/ ieu kagiatan bisa ngahudang deui karesep barudak kana dongéng-dongéng Sunda/anu geus ngeureuyeuh laleungitan//Lian ti éta/pikeun numuwuhkeun deui tradisi ngadongéng anu geus méh leungit//Sakabéh SMP anu aya di Kota Cimahi/ngirimkeun wawakilna// Matak reueus/lantaran geuning barudak téh palinter ngadongéngna// Tina 54 urang pamilon/22 urang pamilon istri jeung 22 urang pamilon pameget/ ditetepkeun masing-masing genep pinunjul//Unggal pinunjul meunang piala/ piagem/ jeung béasiswa ti kapala Dinas Pendidikan Kota Cimahi//</p>
<u>Susi Budiwati,S.</u> <u>Pd.</u> Pupuhu MGMP	<p>..... STATEMENT .....</p> <p>SANDY NUGROHO/ SUNDA TV//</p>

**a. Jejer/téma Warta**

Warta di luhur téh méré béja ngeunaan kagiatan pasanggiri ngadongéng pikeun budak SMP. Ku kituna, bisa dicindekkeun yén témana téh kagiatan budaya.

**b. Ngaringkes Warta**

Dina warta di luhur nyaritakeun pasanggiri ngadongéng tingkat SMP sa-Kota Cimahi, dina raraga miéling poé basa indung sadunya dina tanggal 21 Pebruari 2014. Éta kagiatan téh diayakeun pikeun ngahudangkeun deui karesep barudak kana dongéng jeung numuwuhkeun tradisi ngadongéng anu geus leungit. Singhoréng barudak téh aralus ngadongéngna. Eta pasanggiri diiluan ku 54 urang pamilon, 22 urang pamilon awéwé jeung 22 urang pamilon lalaki. Unggal katégori, dipilih genep urang pinunjul anu meunangkeun hadiah mangrupa piala, piagem, jeung duit béasiswa ti kapala Dinas Pendidikan Kota Cimahi.

**c. Rumusan Warta**

Hayu jieun deui sababaraha pananya anu jawabanana aya dina warta di luhur!

1. Kagiatan naon anu diayakeunana ?  
Jawabanana: Pasanggiri ngadongéng tingkat SMP sa-Kota Cimahi.
2. Saha anu ngayakeunana?  
Jawabanana: MGMP Basa Sunda Kota Cimahi.
3. Saha anu méré hadiahna?  
Jawabanana: Kapala Dinas Pendidikan Kota Cimahi.
4. Di mana diayakeunana éta kagiatan?  
Jawabanana: Di SMPN 8 Kota Cimahi
5. Iraha diayakeunana?  
Jawabanana: Tanggal 21 Pebruari 2014.
6. Naha éta kagiatan diayakeun?  
Jawabanana: Pikeun ngahudang deui karesep barudak kana dongéng-dongéng Sunda anu geus ngeureuyeuh laleungitan. Lian ti éta, pikeun numuwuhkeun deui tradisi ngadongéng anu geus méh leungit.

7. Kumaha pangbagéa sakola kana éta kagiatan?  
Jawabanana: Hadé pisan, buktina sakabéh SMP anu aya di Kota Cimahi ngirimkeun wawakilna.
8. Naon waé hadiahna?  
Jawabanana: piala, piagem, jeung béasiswa.

### **C. Nyarungsum Eusi Warta**

Ieu di handap aya conto warta tina majalah, pék baca sing gemet!

#### **FFB Ngeureuyeuh Ngajén Pilem**

Unggal taun teu kungsi copong. Najan teu loba disorot ku média televisi, tapi Forum Film Bandung (FFB) ngeureuyeuh ngajén pilem-pilem anu diputer di bioskop-bioskop di kota Bandung, boh pilem nasional boh pilem impor. Kitu deui sinétron anu diputer dina televisi nasional.

Béda jeung taun-taun saméméhna, pamasrahan pangajén kana pilem jeung sinétron taun 2013 mah ti saméméhna kénéh geus ramé dibéwarakeun, boh ngaliwatan média koran boh televisi. Kawuwuh acarana gawé bareng jeung televisi swasta badag; SCTV. Acarana bakal disiारkeun langsung ti Lapang Gasibu Bandung, poé Saptu tanggal 15 Juni 2013. Pilem jeung sinétron anu diajénna, anu diputer salila taun 2012.

Nurutkeun pupuhu FFB, H. Eddy D. Iskandar, pilem anu diajén salila taun 2012 téh aya 92 judul pilem nasional jeung 140 judul pilem impor. Sedeng sinétron anu diajén téh aya 335 judul. Tah tina jumlah anu sakitu lobana téh, anu ditetepkeun jadi nominasi ngan 13 judul pilem nasional jeung 12 judul pilem impor.

Tina jumlah nominasi anu sakitu téh bakal dipilih pilem anu pinuji. Saur H. Eddy D. Iskandar, ngahaja cenah maké kecap pinuji lain kecap pangalusna, lantaran anu dipilihna pilem atawa sinétron anu meunang pamuji atawa anu pantes dipuji. Tangtu baé ieu pangajén téh meunang pangbagéa jeung pangrojong anu kacida hadéna ti parainsan pilem Indonesia.

*(Dicutat jeung diropéa tina Majalah Mangle no: 2440)*

Sabada hidep maca conto warta di luhur, pék téangan:

1. Témana
2. Jieun ringkesanana
3. Téangan rumusanana. Pikeun nangtukeun rumusanna, pék tuluykeun eusian tabél di handap!

Kalimah Tanyana	Rumusan Wartana	Larapna dina Warta
1. Kagiatan naon anu diayakeunna?	Naon ( <i>what</i> )	
	Saha ( <i>who</i> )	
	Di mana ( <i>where</i> )	
	Iraha ( <i>when</i> )	
	Naha ( <i>why</i> )	
	Kumaha ( <i>how</i> )	

## D. Pancén

Sabada hidep macaan conto warta di luhur, tangtu hidep geus bisa nyindekkeun nu kumaha anu disebut warta téh. Warta-warta samodél kitu téh loba kapanggih dina majalah, koran, atawa internét. Geura bukaan *website* Sunda, loba pisan warta parondok anu ku hidep bisa disarungsum.

### Pancén Kelompok

1. Titénan conto naskah warta dina majalah jeung dina televisi di luhur, tuluy tataan naon bédana boh tina wangun boh tina eusi!

Wangunna	Eusina
Warta dina Majalah:	Warta dina televisi:

2. Téangan warta dina majalah, koran, televisi, atawa internét. Tuluy pigawé:
  - a. Téangan jejerna!
  - b. Jieun ringkesanana!
  - c. Téangan rumusan wartana. Sangkan jéntré, rumusan wartana ditabélkeun jiga conto!

Kalimah Tanyana	Rumusan wartana	Larapna dina Warta
	Naon ( <i>what</i> )	
	Saha ( <i>who</i> )	
	Di mana ( <i>where</i> )	
	Iraha ( <i>when</i> )	
	Naha ( <i>why</i> )	
	Kumaha ( <i>how</i> )	

3. Di handap aya conto wawancara antara wartawan jeung Andika, pinunjul biantara tingkat SMP sa-Jawa Barat taun 2013, anu diayakeun ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Baca hasil wawancarana sing gemet!

Wartawan : *Asalamu'alaikum*. Andika damang? Punten sim kuring nyangkolong waktos sadérék.

Andika : *Walaikum'salam*. Mangga, teu sawios. Aya anu tiasa dibantos?

Wartawan : Muhun. Sateuacanna sim kuring nepangkeun heula, pun Dadan, wartawan ti Majalah Sunda.

Andika : Oh, hatur nuhun tiasa ditepangkeun. Aya perkawis naon nya? Sok asa rareuwas.

Wartawan : Ah teu kedah reuwas. Dina pasanggiri biantara taun ieu, sadérék janten pinunjul kahiji tingkat Jawa Bara. Leres?

Andika : Sumuhun, leres pisan.

Wartawan : Wilujeng, ngiring bingah. Dupi jenengan lengkep sadérék saha sareng wawakil ti mana?

- Andika : Hatur nuhun. Sim kuring wawakil ti Kabupatén Subang.
- Wartawan : Dupi sakolana?
- Andika : Di SMP negeri Subang, kelas dalapan.
- Wartawan : Naha sadérék bet milih ngiringan biantara?
- Andika : Margi sim kuring hoyong nguji kamampuh nyarios payuneun balaré
- Wartawan : Ti iraha sadérék sok ngiringan pasanggiri?
- Andika : Saleresna mah nembéan di tingkat provinsi mah. Mung sateuacanna ngiringan pasanggiri di sakola, teras di tingkat kabupatén. *Alhamdulillah* janten pinunjul kahiji, boh di sakola boh di kabupatén, numawi ayeuna diutus ngawakilan ka provinsi ogé.
- Wartawan : Sateuacanna, teu acan kantos ngiringan pasanggiri?
- Andika : Nuju di SD kantos ngiringan. Nuju ngawitan janten pinunjul di tingkat kacamatan, mung di tingkat kabupatén kawon. Kénging deui kasempetan ngiringan pasanggiri téh, nya taun ieu pisan. Kaleresan saé milikna.
- Wartawan : Janten tos pangalaman panginten nya ngiringan pasanggiri biantara téh. Upami badé ngiringan biantara, kumaha tah tataharna lami henteu?
- Andika : Lami ogé. Anu taun ieu waé latihan téh aya kana dua sasihna.
- Wartawan : Saha anu ngalatihna?
- Andika : Pami nuju persiapan ngiringan pasanggiri di sakola mah latihan nyalira baé. Pas badé dikintun ka tingkat kabupatén, nembé diaping latihan ku Guru Basa Sunda. Kitu deui pas badé ka tingkat propinsi, latihan téh diaping deui ku pangaping anu disayogikeun ku Dinas Pendidikan. Kaleresan pangaping anu ditunjuk ku Dinas Pendidikan téh Guru Basa Sunda sim kuring di sakola.
- Wartawan : Wah, kaleresan pisan atuh. Dupi hadiahna naon baé?
- Andika : Kénging piala ti Bapa Gubernur, piagem, sareng artos wéh anu ageungna dua juta rupia.

- Wartawan : Uluh-uluh, ageung ogé nya hadiahna. Kumaha tah perasaan sadérék janten pinunjul di tingkat propinsi téh?
- Andika : Tangtosna ogé bingah pisan. Sesah ngagambarkeunana. Kénging capé latihan téh aya hasilna. Kantenan punbiang mah dugi ka nangis, panginten ku teu kinten ngaraos bingahna.
- Wartawan : Muhun, tangtos. Kanggo naon tah hadiahna?
- Andika : Samentawis mah badé ditabungkeun waé, kanggo bekel nerasken sakola ka SMA.
- Wartawan : Muhun, saé pisan. Rupina parantos cekap. Hatur nuhun tos kersa ngobrol sareng sim kuring.
- Andika : Muhun sami-sami. Hapunten bilih waleran sim kuring kirang nyugemakeun.
- Wartawan : Cepak. Sakali deui wilujeng, mugi-mugi ka payunna teras ngahontal préstasi. Mangga, *asalamu'alaikum...*
- Andika : *Aamiiin...mangga, waalaikum'salam.*

Sabada maca hasil wawancara di luhur, pigawé:

- a. Sebutkeun pertanyaan nu luyu jeung rumus  $5W + 1H$ !
  - b. Jieun jadi naskah warta muatkeuneun dina majalah!
  - c. Jieun jadi naskah warta bacakeuneun dina televisi!
4. Jieun warta keur majalah tuluy tulis deui dina wangun keur televisi, anu jeurna bisa milih salahsahiji:
- a. Kagiatan karyawisata sakola ka Yogyakarta
  - b. Kagiatan pekan kréativitas siswa di sakola
  - c. Kagiatan miéling poé Agustus
  - d. Kagiatan pasanggiri ngadongéng tingkat Kabupatén
  - e. Miéling Maulud Nabi di sakola
  - f. Kagiatan kuliah duha di Masjid Agung
  - g. Konsér Band Noah di alun-alun
  - h. Kagiatan milangkala kabupatén/kota
  - i. Paméran kréativitas siswa dina miéling Hari Pendidikan Nasional.
  - j. Kagiatan pertandingan putsal antar SMP sa kabupatén/kota.
  - k. Kagiatan Jamboré Pramuka tingkat kabupatén/kota



### Pancén Mandiri

1. Téangan warta pondok anu geus dimuat dina majalah. Robah warta kasebut kana wangun warta bacakeuneun dina televisi!
2. Sabada lancar nulis warta, ayeuna urang diajar kumaha cara macana. Meureun hidep kungsi lalajo acara warta basa Sunda di TVRI atawa Bandung TV. Alusna mah bari lalajo téh bari latihan. Nu kudu dilatih téh lentong, ngucapkeun kecap-kecap, jeung riuk beungeut dina waktu-na maca pikeun ngarojong ngantebkeun eusi warta. Minggu hareupna saurang-saurang prakték maca hareupeun kelas. Anggap waé keur siaran di televisi. Warta pikeun bacakeuneun hareupeun kelas, pilih salahsahiji di handap!

### Warta 1:

### Bantuan Buku Pangrojong Pangajaran

Dina taun anggaran 2014, pamaréndah daérah provinsi Jawa Barat, geus nyadiakeun waragad pikeun meuli buku-buku pangrojong pangajaran basa Sunda anu gedéna 3,5 milyar rupia. Kitu anu ditandeskeun ku gubernur Jawa Barat dina wawancarana jeung Majalah Sunda, Kemis 10 Nopember 2013.

Buku-buku anu dibeuli ku anggaran pamaréntah téh bakal dibagikeun ka sakumna SMP anu aya di Jawa Barat, boh negri boh swasta, kalawan haratis. Anapon jenis bukuna ngawengku: buku kumpulan dongéng, buku kumpulan sajak, buku kumpulan carita pondok, buku kumpulan drama, jeung novel barudak.

Buku anu bakal dibagikeun téh henteu sagawayah, tapi kudu diajén heula ku tim pangajén anu diwangun ku parasastrawan, budayawan, jeung akademisi. Buku anu nyumponan sarat, kakarak dibagikeun ngaliwatan Dinas Pendidikan kabupatén/kota masing-masing daérah.

Aya 800 buku anu diajén taun ieu, sarta anu nyumponan sarat pikeun jadi buku pangrojong pangajaran di sakola ngan 630 buku. Sésana, eusina jeung témana dianggap kurang loyog keur bacaeun barudak SMP.

## Warta 2:

### Pasanggiri Kawih Murangkalih

Bulan Désémber anu anyar ka liwat, Daséntra, gawé bareng jeung pémda Kabupatén Subang, ngagelar pasanggiri kawih murangkalih anu tempatna di aula pémda Kabupatén Subang. Ieu pasanggiri dilaksanakeun dina raraga ngareuah-reuah acara milangkala Kabupatén Subang anu ka-65.

Lantaran lobana pamilon, ieu pasanggiri dilaksanakeun salila dua poé, ti tanggal 12 nepi ka tanggal 13 Désémber. Dipidangkeun dina wanda rampak sekar atawa sok disebut ogé layeutan swara, anu jumlah anggotana minimal 10 urang.

Acara dibuka langsung ku Bupati Subang. Dina pamapagna, Bupati Subang nétélakeun kareueusna ka barudak SMP anu geus mahér ngahaleuangkeun kawih-kawih Sunda. Anjeunna ogé nétélakeun kabingahna, lantaran ampir sakabéh SMP anu aya di Kabupatén Subang ngirimkeun wawakilna. Gedé harepan cenah, mun kagiatan samodél kieu tuluy tumuluy diayakeun, minat barudak kana kasenian Sunda bakal beuki ngaronjat.



Sumber: dokumen pribadi

PANGAJARAN  
3

# GUGURITAN

**G**uguritan téh karangan pondok anu ditulis dina wangun pupuh. Barudak ayeuna mah geus loba anu teu wanoheun kana guguritan, padahal unggal taun Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat ngagelar pasanggiri pupuh raéhan ti mimiti tingkat SD, SMP, nepi ka SMA. Laguna ogé ayeuna mah diraéh deui, dipirig ku musik anu modéren sarta ngeunaheun lamun dijogédan. Pantesda, paraahli seni nepi ka ngulik lagu jeung musik anu leuwih deukeut kana rasa barudak ngora téh sangkan ieu pupuh dipikaresep ku entragan ngora. Babari dilagukeunna sarta ngeunaheun kakupingna. Atuh eusina ogé, leubeut ku papatah anu gedé gunana keur kahirupan. Geura hayu urang diajar nembangkeun guguritan, nyangkeum eusina, jeung sakalian diajar nulisna.

## **A. Nembangkeun Guguritan Pupuh Sinom**

**Tembangkeun ieu guguritan di handap!**

### **Ka Alun-Alun Bandung**

*Ngalanglang ka Kota Kembang,  
Bapa, Mamah, Adé, kuring,  
mios satengah dalapan,  
tabuh sabelas can dugi,  
macét téh di Cileunyi,  
alah ieung mani ripuh,  
hawa panas kacida,  
teu eureun-eureun kikiplik,  
tapi angger hawa téh beuki bayeungyang.*

Kuring wawartos ka Bapa,  
teu kiat hoyong ka cai,  
saur Bapa tahan heula,  
sakedap deui gé dugi,  
di payun téh pom béngsin,  
di dinya bisa tarurun,  
pék bari jajan heula,  
ngadagoan ngeusi bénsin,  
mun manjing mah bisa bari lohor heula.

Jalan macét geus kaliwat,  
Si Adé geus seuri deui,  
Mamah gé hahariringan,  
teu lila nepi pom bénsin,  
geuwat kuring ka cai,  
lumpat bari rada rusuh,  
atuda tos teu kiat,  
hoyong ka cai ti tadi,  
tos bérés mah rarasaan ngemplong pisan.

Singgetna ieu carita,  
ka alun-alun geus nepi,  
geuning loba téténjoan,  
raména kaliwat saking,  
itu aya KFC,  
Si Adé mani tutunjuk,  
jigana lapar pisan,  
kuring gé nya kitu deui,  
nya mupakat saréréa dahar heula.



*Tos wareg mah jalan-jalan,  
asup téh ka Matahari,  
baju mani loba pisan,  
beureum, konéng, héjo deui,  
éstuning warna-warni,  
matak resep matak uruy,  
kuring titah milihan,  
mana anu cop jeung ati,  
ka luar téh meunang sakérésék éwang.*

*Pasosoré tuluy mulang,  
heug kapegat macét deui,  
kacida matak aralna,  
urut bungah kesel deui,  
jalan heurin ku mobil,  
matak bingung nu ti lembur,  
biasa jalan lega,  
ngalaman nu heurin usik,  
matak kapok embung ngaduakalian.*

## **B. Mahamkeun Eusi Guguritan**

### **1. Eusi pupuh**

- a. Pupuh di luhur téh diwangun ku genep pada (gunduk). Eusi pada kahiji nyaéta nyaritakeun hiji kulawarga (kuring, bapana, indungna, jeung adina) nu rék arulin ka Bandung kapegat macét di Cileunyi. Mangkaning hawa keur meumeujeuhna panas matak hareudang bayeungyang.
- b. Eusi pada kadua nyaéta si kuring bébéja ka bapana hayang ka cai. Tapi ku bapana diupahan sangkan kuat nahan nepi ka pom bénsin. Bisa bari jajan cenah mun eureun di pom bénsin mah.

- c. Eusi pada katilu nyaéta jalan macét geus kaliwat. Atuh saréréa ngarasa senang, malah indungna mah hahariringan sagala. Basa nepi ka pom bénsin, si kuring laksana hayang ka caina.
- d. Eusi pada kaopat nyaéta nyaritakeun lalampahan éta kulawarga geus nepi ka alun-alun. Kaayaan di alun-alun téh kacida raména, sagala aya. Basa ningali KFC, Si Adé tutunjuk hayang dahar di dinya. Nya saréréa reureuh heula ngadon dalahar di dinya.
- e. Eusi pada kalima nyaritakeun sabada dalahar tuluy balanja ka supermarkét Matahari, baralanja baju. Bubuhan di supermarket, baju ogé mani loba warna-warni matak pikabitaen. Saréréa dibébaskeun milih sakahayangna. Kaluar ti Matahari téh meunang balanjaan sakérésék éwang.
- f. Pada panungtung nyaritakeun saréréa mulang deui ka lemburna. Ari heug téh kapegat macét deui. Mobil ngantay minuhan jalan. Nu ti lembur mah pasti bingung manggih kaayaan sarupa kitu téh lantaran biasa jalan lowong, matak kapok embung balik deui. Jadi, ulin ka Bandung téh kalah matak kapok, lain matak deudeuieun.

## 2. Jejer (téma) guguritan

Anu jadi jejer dina guguritan di luhur téh kaayaan kota Bandung ayeuna.

## 3. Ngeunaan Pupuh Sinom

Sangkan leuwih paham kana pupuh Sinom, urang petik deui sabagian tina guguritan di luhur!

*Ngalanglang ka Kota Kembang,  
Bapa, Mamah, Adé, kuring,  
mios satengah dalapan,  
tabuh sabelas can dugi,  
macét téh di Cileunyi,*



*alah ieung mani ripuh,  
hawa kacida panasna,  
teu eureun-eureun kikiplik,  
tapi angger hawa téh beuki bayeungyang.*

Tah sagunduk di luhur téh disebutna sapada. Jadi pupuh di luhur téh diwangun ku genep pada. Dina sapada téh aya salapan jajar. Tah, sajajar dina sapada téh disebutna sapadalisan. Jadi pupuh sinom téh dina sapadana aya salapan padalisan.

Dina pupuh mah jumlah engangna ogé kudu matok, teu bisa sagawayah. Unggal pupuh boga aturan séwang-séwangan. Jumlah engang dina unggal padalisan téh disebutna guru wilangan. Kitu deui sora vokal dina unggal tungtung padalisan ogé kudu luyu jeung aturan pupuhna. Tah sora vokal dina unggal tungtung padalisan téh disebutna guru lagu. Geura urang titénan jumlah guru wilangan jeung guru lagu dina pupuh sinom.

Pada lisan	Pupuh sinom	Guru wilangan	Guru lagu
1.	Nga-lang-lang-ka-ko-ta-kem-bang	8	a
2.	Ba-pa-ma-mah-a-dé-ku-ring	8	i
3.	mi-os-sa-teng-ah-da-la-pan	8	a
4.	ta-buh-sa-la-pan-can-du-gi	8	i
5.	ma-cét-na-di-Ci-leu-nyi	7	i
6.	a-lah-i-eung-ma-ni-ri-puh	8	u
7.	ha-wa-ka-ci-da-pa-nas-na	7	a
8.	teu-eu-reun-eu-reun-ki-kip-lik	8	i
9.	ta-pi-ang-ger-ha-wa-téh-beu-ki-ba-yeung-yang	12	a

Tina wincikan di luhur katangén, patokan pupuh Sinom téh dina sapadana diwangun ku 9 padalisan. Patokanana: 8-a, 8-i, 8-a, 8-i, 7-i, 8-u, 7-a, 8-i, 12-a.

## **C. Nyangkem Guguritan**

Guguritan téh karangan pondok anu disusunna maké patokan pupuh. Jadi mun nurutkeun wangunanana, guguritan téh wangun ugeran teu bébas, da kauger ku patokan pupuh téa. Jumlah pupuh sakabéhna aya 17 pupuh, nyaéta: dangdanggula, sinom, asmarandana, kinanti, mijil, magatru, pangkur, durma, pucung, balakbak, maskumambang, wirangrong, gambuh, gurisa, lambang, ladrang, jeung jurudemung. Tapi anu dipedar ayeuna mah moal kabéh, cukup opat pupuh waé heula.

### **1. Guguritan dina Pupuh Kinanti**

**Tembangkeun babarengan guguritan di handap!**

#### **Bandung Ayeuna**

*Bandung geus heurin ku tangtung,  
nu datang ti mana mendi,  
loba nu ngadon usaha,  
atawa nu ngadon cicing,  
balatak ku nu daragang,  
matak heurin anu ulin.*

*Toko-toko pararinuh,  
trotoar heurin ku parkir,  
pabeulit jeung nu balanja,  
pahibut nu barangbeuli,  
adu tawar ramé pisan  
kasawur ku sora mobil*

*sorana patinggarerung,  
angkot pabeulit jeung taksi,  
riweuh néangan panumpang,  
pada-pada embung rugi,  
puguh diudag setoran,  
balik kudu meunang bati.*



Sumber: infobdg.com

*Kaki lima enggeus puguh,  
wuwuh nambah heurin usik,  
mémang raos nu balanja,  
tapi heurin ka nu ulin,  
Bandung kota keur balanja,  
kota kembang salin jinis.*

- a. Eusi guguritan  
Eusi gururitan dina pupuh kinanti di luhur, nyaritakeun kaayaan kota Bandung anu geus salin jinis (robah) tina Kota Kembang jadi kota tempat balanja. Nepi ka trotoar gé pinuh dipaké nu dagang. Sisi jalan ramé ku anu adu tawar sorana kasawur ku sora angkot jeung taksi nu néangan panumpang.
- b. Jejer/téma guguritan  
Nu jadi jejer guguritan kinanti di luhur masih kénéh nyaritakeun kaayaan kota Bandung ayeuna.
- c. Patokan Guguritan Kinanti  
Ti heula geus dipedar, unggal guguritan/pupuh boga patokan séwang-séwangan. Patokan pupuh sinom tangtu baé béda jeung pupuh kinanti. Geura urang cutat patokan pupuh kinanti.

Padalisan	Pupuh Kinanti	Guru wilangan	Guru lagu
1	Ban-dung-geus-heu-rin-ku-tang-tung	8	u
2	nu-da-tang-ti-ma-na-men-di	8	i
3	lo-ba-nu-nga-don-u-sa-ha	8	a
4	a-ta-wa-nu-nga-don-ci-cing	8	i
5	ba-la-tak-ku-nu-da-ra-gang	8	a
6	ma-tak-heu-rin-a-nu-u-lin	8	i

Tina wincikan di luhur katangén, pupuh Kinanti téh dina sapadana diwangun ku genep padalisan. Patokanana: 8-u, 8-i, 8-a, 8-i, 8-a, 8-i.

## 2. Guguritan dina Pupuh Asmarandana

### Budak Bangor

*Kacatur Arman jeung Andi,  
budak sakola ti kota,  
di kelas ngan heureuy baé,  
diajar sakahayangna,  
lamun dipapatahan,  
tara ieuh daék nurut,  
dasar adatna wangkelang.*

*Hiji poé baradami,  
éta budak nu duaan,  
arék arulin ka warnét,  
kajeun bolos ti sakola,  
teu mikir akibatna,  
nurut laku nu teu puguh,  
kaleungitan akal séhat.*

*Caritana enggeus nepi  
ka warnét di deukeut pasar,  
lumayan tempatna ramé,  
puguh da loba nu dagang,  
Andi kadua Arman,  
di warnét diukna nyumput  
meureun sieun kanyahoan.*

*Ibu Guru Biologi,  
nuju ngawulang di kelas,  
héran kelas henteu gandéng,  
geuwat naros ka barudak,*

*saha anu teu aya,  
Arman Andi nyampak suwung,  
paingan atuh paingan.*

*Bu guru naros taliti,  
narosna téh lantip pisan,  
barudak téh éléh déét,  
balaka budak nu dua,  
ngahaja internétan,  
di pasar rada béh juru,  
anu nyanghareup ka wétan.*

*Lapor ka Pembina OSIS,  
budak kabur ti sakola,  
cenah mah nyingkur di warnét,  
hayang wareg internétan,  
nu deukeut pasar téa,  
ngaréndéng jeung warung sangu,  
geuwat kudu didatangan.*

*Harita kénéh digidig,  
didatanganna jeung satpam,  
langsung muru warnét baé,  
Andi jeung Arman kasampak,  
gancangna mah dibawa,  
Andi jeung Arman tarungkul,  
lantaran ngarasa éra.*

### **Latihan**

Sabada maca guguritan dina pupuh Asmarandana di luhur, pasti ku hidep katitén bédana jeung pupuh Sinom atawa pupuh Kinanti anu tadi geus dipesék. Niténan kana gundukanna, saliwat ogé sidik jumlah jajaranna béda. Tah sangkan leuwih jéntré, pék ku hidep pigawé pancén di handap!

**a. Jawab pananya di handap!**

1. Saha anu jadi tokoh dina guguritan Budak Bangor?

2. Saha anu mimiti manggihan éta dua budak leungit ti kelas?
3. Ka marana cenah éta dua budak inditna?
4. Kumaha watek éta dua budak téh?
5. Kumaha balukarna kalakuan éta dua budak téh?
6. Nurutkeun pamanggih hidep, alus henteu éta kalakuan budak anu dua téh? Sebutkeun alesanana!
7. Tuliskeun deui kumaha jalan carita atawa runtuyan kajadian dina guguritan Budak Bangor!

**b. Pancén Kelompok**

1. Jieun kelompok anu sakelompokna lima urang!
2. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti sarta téangan hartina dina kamus!
3. Tembangkeun guguritan di luhur babarengan!
4. Diskusikeun jeung kelompok naon eusi guguritanna sarta tunjuk saurang pikeun nyaritakeun deui eusina maké basa sorangan!
5. Téangan jejer/téma guguritanna!
6. Téangan guru wilangan jeung guru laguna!

Padalisan	Pupuh Asmarandana	Guru Wilangan	Guru Lagu
1			
2			
3			
4			
5			
6			
7			

### 3. Guguritan dina Pupuh Mijil

#### Di Mekah Tepung Silaturahmi

*Jamaah téh asal béda nagri,  
ti wétan ka kulon,  
nagri kidul katut nagri kalér,  
rupa-rupa bangsa pada hadir,  
mungguh umat Nabi,  
kabéh gé kasaur.*

*Di Mekah tepung silaturahmi,  
patanya patakon,  
silihrérét loba anu anéh,  
nyidik-nyidik kulit warna-warni  
panon, irung, biwir,  
dedegan nya kitu.*

*Ku pakéan gé matak kataji,  
godéblag berelong,  
potonganna gobrah jeung godobér,  
nu disarung jeung nu disamping,  
kabéh narik ati,  
runtut raut rukun.*

*Betah teuing mun pagilinggisik,  
salam silih walon,  
lamun pareng diuk paréréndéng,  
silih tanya asal téh ti mendi,  
silih beuli ati,  
patepung jeung dulur.*

*Nimat pisan jadi umat muslim,  
haté teguh tanggoh,  
salieuk béh ku réa sadérék,  
sosonoan jeung sakolong langit,  
saméméh jung balik,  
nuju alam kubur.*

(Dicutat tina Guguritan Mungguh Haji, 1995, karya Yus Rusyana)



## Latihan

Guguritan pupuh mijil ieu ogé, béda deui patokanna jeung pupuh nu tilu tadi. Sangkan hidep leuwih paham naon bédana, pék pigawé pancén di handap!

1. Diskusikeun jeung kelompok anu tadi kénéh!
2. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti sarta téangan hartina dina kamus!
3. Tembangkeun guguritan di luhur nepi ka bisa!
4. Diskusikeun jeung kelompok, naon eusi guguritanna sarta tunjuk saurang pikeun nyaritakeun deui eusina maké basa sorangan!
5. Téangan jejer/téma guguritanna!
6. Téangan guru wilangan jeung guru laguna!
7. Bandingkeun guguritan "*Budak Bangor*" jeung Di "*Mekah Tepung Silaturahmi*", boh tina eusi, téma, jeung kecap-kecap anu dipakéna!

Guguritan	Eusina	témamana	kecap-kecap anu dipakéna
Budak Bangor			
Di Mekah Tepung Silaturahmi			

## D. Nulis Guguritan

Hayu urang diajar nulis guguritan!

1. Nulis guguritan téh sabenerna babari pisan. Anu kudu dipikanyaho, patokanana heula. Upamana urang rék nulis pupuh sinom. Geura urang cirian heula patokanana:

— — — — — 8-a  
— — — — — 8-i  
— — — — — 8-a  
— — — — — 8-i  
— — — — — 7-i  
— — — — — 8-u

\_ \_ \_ \_ \_ 7-a  
 \_ \_ \_ \_ \_ 8-i  
 \_ \_ \_ \_ \_ 12-a

2. Sabada urang ngawincik patokanana, ayeuna tang-tukeun jejer atawa témana. Léngkah-léngkahna:

a. Anu babari heula, nyambungkeun kecap ulah waka mikiran eusi. Upamana rék nyaritakeun ngaran bungbuahan. Téangan ngaran-ngaran bungbuahan anu sora vokal panungtungna luyu jeung patokan pupuh sinom.

\_\_\_\_\_ gedang (8-a)  
 \_\_\_\_\_ kacapi (8-i)  
 \_\_\_\_\_ salak (8-a)  
 \_\_\_\_\_ céri (8-i)  
 \_\_\_\_\_ strowbéri (7-i)  
 \_\_\_\_\_ kadu (8-u)  
 \_\_\_\_\_ nangka (7-a)  
 \_\_\_\_\_ manalagi (8-i)  
 \_\_\_\_\_ sarikaya (8-a)

Sabada kapanggih kecap-kecap keur tungtung unggal padalisan, ayeuna urang téangan keur kalimahna. Geura titénan:

*Anu amis hipu gedang (8-a)*  
*haseum mah buah kacapi (8-i)*  
*anu kesed éta salak (8-a)*  
*nu beureum leutik mah céri (8-i)*  
*amis haseum strawbéri (7-i)*  
*amis kareueut mah kadu (8-u)*  
*seungit melenghir nangka (7-a)*  
*mun buah mah manalagi (8-i)*  
*daging bodas semu empuk sarikaya (12-a)*

b. Ayeuna urang nyieun pupuh sinom anu jejerna nyaritakeun kaéndahan alam di kebon entéh. Mimitina téangan kecap-kecap anu patali jeung kaayaan di kebon entéh atawa jeung kaayaan haté lamun ningali kebon entéh sarta vokal panungtungna luyu jeung patokan pupuh sinom téa. Upamana:

\_\_\_\_\_ lega (8-a)  
 \_\_\_\_\_ ati (8-i)  
 \_\_\_\_\_ kagagas (8-a)  
 \_\_\_\_\_ pikir (8-i)  
 \_\_\_\_\_ ningali (7-i)  
 \_\_\_\_\_ isuk-isuk (8-u)  
 \_\_\_\_\_ kacida (7-a)  
 \_\_\_\_\_ ricit (8-i)  
 \_\_\_\_\_ pipikiran (12-a)

Ayeuna hayu urang lengkepan kalimahna, jadi kieu:

*Kebon entéh ngaplak lega (8-a)*  
*matak sumérédét ati (8-i)*  
*éstuning matak kagagas (8-a)*  
*matak tingtrim kana pikir (8-i)*  
*lamun urang ningali (7-i)*  
*dina wanci isuk-isuk (8-u)*  
*matak waas kacida (7-a)*  
*manuk disarada ricit (8-a)*  
*matak waas matak kelar pipikiran (12-a)*

- c. Ayeuna urang cobaan nyieun pupuh sinom anu eusi éta pupuh nyaritakeun lalampahan ulin ka kebon binatang Bandung. Hidep kungsi ulin ka kebon binatang? Anu kungsi mah tangtu bakal kagambar kumaha kaayaan di kebon binatang anu perenahna di Jl. Taman Sari Bandung téh. Tapi lamun can kungsi, geura hayu baé urang babarengan nulis guguritanana. Mimitina urang kumpulkeun kecap-kecap anu patali jeung kebon binatang anu sora vokal panungtungna sarua jeung patokan pupuh sinom. Kumpulkeun baé saloba-lobana. Dina pada mimiti mah ulah langsung nyaritakeun kebon binatang méh jalan caritana ngajalur, bisa dimimitian ku nyaritakeun lalampahan basa indit ka éta tempat. Hayu geura urang mimitian, urang judulan Ka Kebon Binatang! Bisi poho, urang tuliskeun deui patokanana!

\_\_\_\_\_ 8-a  
 \_\_\_\_\_ 8-i  
 \_\_\_\_\_ 8-a

\_\_\_\_ 8-i  
 \_\_\_\_ 7-i  
 \_\_\_\_ 8-u  
 \_\_\_\_ 7-a  
 \_\_\_\_ 8-i  
 \_\_\_\_ 12-a

## Ka Kebon Binatang

Ulin ka kebon binatang, (8-a)  
 di Bandung di Taman Sari, (8-i)  
 kuring ulin téh opatan, (8-a)  
 Bapa, Mamah, Tétéh, kuring, (8-i)  
 di jalan suka seuri, (7-i)  
 datang téh tabuh sapuluh, (8-u)  
 nu ka lokét mung Bapa, (7-a)  
 maksudna ngagaleuh karcis, (8-i)  
 sedeng kuring tiluan nungguan heula. (12-a)  
     Teu lila ronghéap Bapa, (8-a)  
     bari ngiwir-ngiwir karcis, (8-i)  
     ngajak kuring saréréa, (8-a)  
     muru gerbang beulah sisi, (8-i)  
     Bapa anu mimiti, (7-i)  
     mapah angkatna ti payun, (8-u)  
     Tétéh pengkereunana, (7-a)  
     leumpang bari sura-seuri, (8-a)  
     bungah pisan pareng ka kebon binatang. (12-a)  
 Tuluy kuring saréréa, (8-a)  
 ngantay asup hiji-hiji, (8-i)  
 singhoréng lega kacida, (8-a)  
 jaba hawana gé tiis, (8-i)  
 seger kaliwat saking, (7-i)  
 tatangkalan jararangkung, (8-u)  
 aya tangkal camara, (7-a)  
 paselang jeung tangkal pornis, (8-i)  
 linduk iuh beresih ku matak betah. (12-a)

*Mimitina Bapa ngajak, (8-a)*  
*ka kandang manuk laleutik, (8-i)*  
*loba manuk rupa-rupa, (8-a)*  
*disarada mani ricit, (8-i)*  
*tuh itu Jalak Bali, (7-i)*  
*eunteup dina kawat luhur, (8-u)*  
*di juru aya gagak, (7-a)*  
*buluna hideung laluis, (8-i)*  
*sora béar kakupingna matak hégar. (12-a)*  
     *Ti dinya ka kandang oray, (8-a)*  
     *Si Tétéh rada muringis, (8-i)*  
     *kandang orayna ngajajar, (8-a)*  
     *oray gedé oray leutik, (8-i)*  
     *peurahna maratih, (7-i)*  
     *matak sieun matak paur, (8-u)*  
     *komo oray welang, (7-a)*  
     *keur leutik peurahna matih, (8-i)*  
     *nu badag mah oray piton reujeung sanca. (12-a)*  
*Geus bosen lalajo oray (8-a)*  
*tuluyna nguriling deui, (8-i)*  
*ningal gajah, ajag, singa, (8-a)*  
*onta, buaya, kuda nil, (8-i)*  
*aya sakadang peusing, (7-i)*  
*biruang madu jeung maung, (8-u)*  
*peucang ogé loba, (7-a)*  
*manuk merak cendrawasih, (8-i)*  
*monyét, lutung, surili, reujeung gorila. (12-a)*  
     *Poé geus maju ka panas, (8-a)*  
     *Bapa tuluy ngajak calik, (8-i)*  
     *handapeun tangkal nu badag, (8-a)*  
     *ngarah hawa rada tiis, (8-i)*  
     *Mamah ngabagi cai, (7-i)*  
     *saréréa leguk nginum, (8-u)*  
     *timbel ogé dipurak, (7-a)*  
     *brak dalahar suka seuri, (8-i)*  
     *haté bungah tos terang kebon binatang. (12-a)*

- d. Sabada diajar nyieun pupuh sinom, ayeuna hayu urang diajar nyieun pupuh kinanti. Sapada waé heula. Urang tangtukeun heula patokanana:

\_\_\_\_ (8-u)  
\_\_\_\_ (8-i)  
\_\_\_\_ (8-a)  
\_\_\_\_ (8-i)  
\_\_\_\_ (8-a)  
\_\_\_\_ (8-i)

Ayeuna upamana rék nyieun pupuh kinanti ngeunaan ngaran-ngaran kekembangan. Téangan heula ngaran kekembangan anu sora vokalna sarua jeung patokan di luhur:

\_\_\_\_\_ bakung (8-u)  
\_\_\_\_\_ malati (8-i)  
\_\_\_\_\_ érmawar (8-a)  
\_\_\_\_\_ lili (8-i)  
\_\_\_\_\_ dahlia (8-a)  
\_\_\_\_\_ kacapiring (8-i)

Ayeuna hayu urang lengkepan padalisanna:

*Éndah pisan kembang bakung (8-u)*

*Ari nu seungit malati (8-i)*

*Matak hégar mah érmawar (8-a)*

*Ngirut ati kembang lili (8-i)*

*Paselang reujeung dahlia (8-a)*

*Dipapaés kacapiring (8-i)*

- e. Sabada bisa nyieun sapada, ayeuna hayu urang diajar nyieun guguritan dina pupuh kinanti anu ngalalakon (nyaritakeun hiji kajadian). Eusina nyaritakeun kagiatan urang waktu hudang saré subuh nepi ka indit ka sakola. Rupa-rupa kajadian bisa kaalaman. Geura pék baca sing gemet guguritan di handap!

### Kabeurangan ka Sakola

*Kuring hudang subuh-subuh, (8-u)*

*gura-giru tuluy mandi, (8-i)*

*geus mandi maké saragam, (8-a)*

*henteu poho maké dasi, (8-i)*  
*geus dangdan tuluy sasarap, (8-a)*  
*geus rapih mah tuluy indit. (8-i)*  
*Naék angkot asa rusuh, (8-u)*  
*asup gé henteu tarapti, (8-i)*  
*diuk téh rada ngajengkan, (8-a)*  
*diseungseurikeun ku supir, (8-i)*  
*beungeut beureum sabab éra, (8-a)*  
*da saangkot milu seuri. (8-i)*

*Geus nepi téh rusuh turun, (8-u)*  
*poho can mayar ka supir, (8-i)*  
*supir nagih bari namprak, (8-a)*  
*geuwat kuring ngodok duit, (8-i)*  
*duit lecek sarébuan, (8-a)*  
*sok dibikeun léos indit. (8-i)*  
*Panto gerbang geus ditutup, (8-u)*  
*abong geus apes titadi, (8-i)*  
*kalah ngadon kabeurangan, (8-a)*  
*gerbang kaburu dikonci, (8-i)*  
*kuring gugupay ka satpam, (8-a)*  
*ménta gerbang buka deui. (8-i)*  
*Satpam nyampeurkeun jamedud, (8-u)*  
*saeutik ogé teu seuri, (8-i)*  
*meureun keuheul digupayan, (8-a)*  
*ku budak sapantar kuring, (8-i)*  
*kuring ménta dihampura, (8-a)*  
*pa satpam kakara seuri. (8-i)*

## **E. Pancén**

### **a. Pancén Mandiri**

1. Témbangkeun guguritan anu judulna “Ka Kebon Binatang” jeung “Kabeurangan ka Sakola”, saurang-saurang ka hareup!
2. Caritakeun deui maké basa hidep sorangan eusi guguritan “Ka Kebon Binatang” jeung “Kabeurangan ka Sakola” di luhur!
3. Anggeuskeun guguritan sinom di handap!

Di kelas mani hareudang (8-a)  
 saeuik gé taya angin, (8-i)  
 panon kalah nundutan, (8-a)  
 \_\_\_\_\_ (8-i)  
 \_\_\_\_\_ (7-i)  
 \_\_\_\_\_ (8-u)  
 \_\_\_\_\_ (7-a)  
 \_\_\_\_\_ (8-i)  
 \_\_\_\_\_ (12-u)

4. Anggeuskeun guguritan Kinanti di handap!

Ayeuna diajar pupuh, (8-u)  
 Pupuhna pupuh kinanti, (8-i)  
 \_\_\_\_\_ (8-a)  
 \_\_\_\_\_ (8-i)  
 \_\_\_\_\_ (8-a)  
 \_\_\_\_\_ (8-i)

Nguping soanten Bu Guru, (8-u)  
 Matak raos kana cepil, (8-i)  
 \_\_\_\_\_ (8-a)  
 \_\_\_\_\_ (8-i)  
 \_\_\_\_\_ (8-a)  
 \_\_\_\_\_ (8-i)

5. Anggeuskeun pupuh asmarandana di handap!

Ayeuna téh poé Kemis (8-i)  
 pangajaran basa Sunda (8-a)  
 \_\_\_\_\_ (8-é/o)  
 \_\_\_\_\_ (8-a)  
 \_\_\_\_\_ (7-a)  
 \_\_\_\_\_ (8-u)  
 \_\_\_\_\_ (8-a)

Saréréa rampak ngawih (8-i)  
 patarik-tarik sorana (8-a)



\_\_\_\_\_ (8-é/o)  
 \_\_\_\_\_ (8-a)  
 \_\_\_\_\_ (7-a)  
 \_\_\_\_\_ (8-u)  
 \_\_\_\_\_ (8-a)

6. Anggeuskeun pupuh mijil di handap!

Budak bageur ngaranna téh Dandi (10-i)

Nyobatna jeung Nonon (6-o)

\_\_\_\_\_ (10-é)  
 \_\_\_\_\_ (10-i)  
 \_\_\_\_\_ (6-i)  
 \_\_\_\_\_ (6-u)

Di kelasna Dandi réngking hiji (10-i)

Ngéléhkeun nu bangor (6-o)

\_\_\_\_\_ (10-é)  
 \_\_\_\_\_ (10-i)  
 \_\_\_\_\_ (6-i)  
 \_\_\_\_\_ (6-u)

**b. Pancén Kelompok**

1. Babari pan nyieun pupuh téh? Mun geus bisa nyieun pupuh, bisa dituluykeun nyusun guguritan. Nu penting paham heula kana patokanna, jadi bakal babari nyusunna. Tah sabada paham kumaha carana nyieun pupuh, jieun kelompok anu anggotana masing-masing opat urang. Geus kitu, jieun pupuh anu témana bisa milih:

- a. Ngaran kekembangan
- b. Ngaran bungbuahan
- c. Ngaran sasatoan
- d. Rupa-rupa lauk cai
- e. Pamandangan alam
- f. Kagiatan sapopoé
- g. Ngaran-ngaran babaturan di kelas
- h. Judul-judul lagu anu sohor
- i. Ngaran-ngaran artis sohor, jsb.

2. Lobana pupuh: Sinom sapada, Kinanti sapada, Maskumambang sapada, Asmarandana sapada, jeung Mijil sapada.
3. Sabada lancar nulis sapada, tuluy nulis lima pada anu caritana ngaruntuy (ngalalakon). Pupuhna pék milih sakahayang, teu kudu opatanana. Témana ogé bébas milih sorangan.

**c. Pancén di imah**

1. Sabada hidep mikawanoh guguritan, pék téangan conto guguritan séjénna. Hidep bisa néangan tina buku, majalah, atawa internét. Pilih anu eusina kaharti ku hidep. Guguritan dina pupuh sinom, guguritan dina pupuh kinanti, guguritan dina pupuh asmarandana, jeung guguritan dina pupuh mijil. Masing-masing hiji baé!
2. Baca guguritanana sing gemet, ulah poho bari dicirian kecap-kecap anu teu kaharti, tuluy téangan hartina dina kamus!
3. Caritakeun eusi masing-masing guguritan maké basa hidep sorangan, dituliskeun dina wangun lancaran!
4. Sebutkeun naon témana!
5. Tuliskeun guru lagu jeung guru wilanganana. Méh babari nuliskeunana maké tabél jiga dina conto!



Sumber: <http://bp1.blogspot.com>

PANGAJARAN  
**4**

# SISINDIRAN

**M**un dina basa Indonésia mah sisindiran téh *pantun* téa. Bisa dipaké keur paguneman. Malah sok diselapkeun dina biantara, maksudna keur mamanis basa. Resep geura ngobrol silihables ku sisindiran mah. Sok komo pan sisindiran mah eusina ogé lian ti papatah jeung silihasih téh, aya anu heureuy atawa banyol. Upamana:

*Rarasaan cengkéh konéng  
Kulit peuteuy dina nyiru  
Rarasaan lengkéh konéng  
Kulit beuteung mani nambru*

Dijawab ku anu disindiran:

*Najan peuteuy dina nyiru  
Sakoteng dibawa muter  
Najan kulit beuteung nambru  
Da ganteng katambah pinter*

Tuh pan, najan silihpooyok ogé teu matak nyeri haté ari nyaritana ku sisindiran mah. Nu matak kolot baheula mah mun nyarios sok direumbeuy ku sisindiran ogé, maksudna mah sangkan omongan teu togmol teuing karasana. Geura hayu urang diajar nulis sisindiran sangkan engké bisa nyarita nu direumbeuy ku sisindiran.

## **A. Maca Sisindiran dina Paguneman**

Guru : Ayeuna pangajaran kaopat. Urang diajar sisindiran.

*Ngawuluku ngawalajar  
kudu dibaladah heula  
dina waktu rék diajar  
hayu ngadaro'a heula*

Sok KM siapkeun heula!

KM : Mangga Bu... siap! ngado'a ngawitan!

Guru : Amiiin... dicandak bukuna sadayana?

Barudak : Dibantun, Bu...!

Guru : Muhun saé pisan.

*Ulah loba dahar peuteuy  
ngala awi ngan sabuku  
barudak ulah hareureuy  
sok geura baruka buku*

Kamari dugi ka mana diajar téh?

Andi : *Meuli roti ka Lodaya  
Balikna téh kaburitan  
kamari abdi sadaya  
dialajar guguritan.*

Barudak : Horéééé... Andi pinter...!

Guru : Wah, Andi hébat pisan tiasa ngadamel  
sisindiran.

*Ka leuweung néwak titiran  
dijualna ngan sarébu  
budak pinter sisindiran  
éta pasti murid ibu...*

Dadan : Ah, Ibu mah mujina ka Andi wungkul. Geura  
dangukeun ieu Bu:

*Ka toko rék mésér kendi  
salah jalan kalah muter  
ibu ulah muji Andi  
abdi gé da sami pinter.*

Barudak : Horééééé... Dadan ogé pinter...!

Guru : Uluh geuning Dadan ogé tiasaan.

*Kudu getol neukteuk kuku  
ngarah pinter lamun dangdan  
kudu getol maca buku  
ngarah pinter jiga Dadan.*

Rina : Kin heula Bu, ulah waka séséépan muji Andi  
sareng Dadan. Cobi dangukeun geura:

*Mandi dangdan tos balébat  
terasna muka komputer*

- Andi Dadan leres hébat  
tapi Rina langkung pinter.*
- Barudak : Horééééé... istri ogé aya nu tiasa...
- Guru : Wah... wah... ieu mah leres-leres hébat.  
*Isukna muka komputer  
diseuseulan ku Bu Lilis  
Rina mah sanés mung pinter  
katambahan ogé geulis...*
- Rina : Héhé... Ibu hatur nuhun.  
*Manuk piit manuk wilis  
eunteup dina tangkal waru  
Rina mémang leres geulis  
margi nurun ti Bu Guru...*
- Nunur : Ibu, Nunur mah teu ngalartos hartosna, tapi  
mani resep pisan. *Buah Nanas Buah kedongdong,  
ikutan dooooong...*
- Guru : Ih éta mah sanés sisindiran atuh.  
*Titiran eunteup ngajajar  
bangkuang palid ka sisi  
sisindiran opat jajar  
aya cangkang aya eusi.*
- Rina : Muhun atuh Nur, éta mah sanés sindiran.  
*Haur Geulis Indramayu  
Mésér ayakan jeung nyiru  
Nunur geulis sareng ayu  
Tah dangukeun Ibu Guru*
- Andi : Sanaos ka Haur geulis  
*Andi mah resep ka Cina  
Sanaos Néng Nunur geulis  
Andi mah resep ka Rina*
- Barudak : Adeueueueueuh... suit suiw...
- Dadan : Wah... wah... Rin... kumaha tah?  
*Mandi isuk rada beurang  
Tampian jalanna nanjak  
Andi atos terus terang  
Badé ditampi, ditolak?*



Guru : Eh, kadé ah janten ka mana karep. Sing émut Rin:

*ulah ngala cocongoan  
Bisi ruksak tangkal manggu  
Ulah waka bogohan  
Bisi sakola kaganggu*

Andi : Ha ha.... Ibu mah meni kitu.

*Tangkal waru tangkal randu  
Jaradi handapeun peuteuy  
Ibu guru ulah bendu  
Andi mah mung ukur heureuy*

Rina : Muhun Bu, ulah dianggap Andi mah.

*Andi resep dahar peuteuy  
Ngan sapérak sakilona  
Andi mémang resep heureuy  
Nu matak awét jomlona*

Dadan : Eh Rin, ulah waka moyok teu payu ka Andi, dangukeun geura:

*Meuli pedes ngan sakilo  
Diwadahan ku Si bayu  
Andi mah da sanés jomlo  
Ngan sakadar henteu payu*

Andi : Euleuh-euleuh moyok téh meni jero. Yeuh geura dangukeun:

*meuli cingcin jeung Néng Ayu  
dahar nangka jeung si Johan  
abdi mah lain teu payu  
moal waka bobogohan*

Guru : Tah leres Andi. Nuju sakola mah kadé ulah waka ngémutan nu karitu, dialajar waé sing daria.

*Anténeu piring nu badag  
Sing garetol ka sakola*

*Mesin ketik maké layar  
Dialajar ambéh pinter*

Andi : Tah kadangu kasauran Ibu Guru.

*Abdi mah kapiring leutik  
Kaisinan ku gamparan.*

Guru : Hé hé hé .... ah Andi mah tiasa waé. Hayu ayeuna mah urang teraskeun diajarna.

## **B. Nyangkem Sisindiran**

Dina wacana di luhur, omongan anu digunduk-gunduk sarta dicondongkeun disebutna sisindiran, nyaéta omongan anu eusina dibalibirkeun, henteu langsung kana maksud. Nurutkeun wangunna, sisindiran téh aya tilu rupa: Paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan. Geura urang pedar hiji-hiji.

### **1. Paparikan**

Paparikan téh kaasup wangun sisindiran anu sorana padeukeut sarta murwakanti dina tungtung kecap atawa padalisan. Conto dina paguneman di luhur:



*Ngawuluku ngawalajar  
kudu dibaladah heula  
dina waktu rék diajar  
hayu ngadaro'a heula*

Ibu guru téh ngajak ngado'a ka barudak saméméh der diajar. Eta maksud anu poko téh dikedalkeunana dina jajaran katilu jeung kaopat, nyaéta

*Dina waktu rék diajar  
Hayu ngadaro'a heula*

Tapi ngedalkeunana henteu langsung pok, dibali-  
birkeun heula dina cangkang nyaéta jajaran kahiji jeung kadua nyaéta:

*Ngawuluku ngawalajar  
Kudu dibaladah heula*

Jadi dina paparikan téh aya bagian cangkang jeung bagian eusi. Ku ayana cangkang anu sorana nyindirkeun kana pieusieun, karasa ngeunah pisan kadéngéna. Lamun ku urang ditengetan, bréh baé katénjo, paparikan téh diwangun ku opat jajar. Dina saajarna diwangun ku dalapan engang. Geura urang pérélékeun:

Nga - wu - lu - ku - nga - wa - la - jar

1    2    3    4    5    6    7    8

Ku - du - di - ba - la - dah - heu - la

1    2    3    4    5    6    7    8

Di - na - wak - tu - rék - di - a - jar

1    2    3    4    5    6    7    8

Ha - yu - nga - da - ro - a - heu - la

1    2    3    4    5    6    7    8

Satuluyana pék tengetan kecap dina tungtung jajaran:

\_\_\_\_\_ *ngawalajar*  
\_\_\_\_\_ *heula*  
\_\_\_\_\_ *diajar*  
\_\_\_\_\_ *heula*

Dina kecap *ngawalajar* jajaran kahiji, aya sora anu dibalikan deui dina jajaran katilu nyaéta *diajar*. Kecap *heula* dina jajaran katilu mah dibalikan sagemblengna dina jajaran kaopat. Jadi, kecap *ngawalajar* murwakanti jeung kecap *diajar* dina sora jar, sedeng kecap *heula* dina jajaran kadua murwakanti jeung kecap *heula* dina jajaran kaopat.

Lian ti murwakanti di tungtung, ogé aya nu murwakanti ti mimiti kénéh. Geura tengetan paparikan di handap:

*Titiran eunteup ngajajar*  
*bangkuang palid ka sisi*  
*sisindiran opat jajar*  
*aya cangkang aya eusi*

Sabada dititénan, kapanggih anu murwakanti téh lain tungtung wungkul. Méh jéntré geura urang réndéngkeun jajaran kahiji jeung katilu, kadua jeung kaopat:

*Titiran eunteup ngajajar*  
*Sisindiran opat jajar*  
*Bangkuang palid ka sisi*  
*Aya cangkang aya eusi*

Tétéla pisan kecap *titiran* jeung *ngajajar* dina jajaran kahiji murwakanti jeung kecap *sisindiran* jeung *jajar* dina jajaran kaopat. Kitu deui kecap *bangkuang* jeung *sisi* dina jajaran katilu murwakanti jeung kecap *cangkang* jeung *eusi* dina jajaran kaopat.

Dumasar kana conto di luhur, bisa dicindekkeun ciri-ciri paparikan téh nyaéta:

- a. Sapada (sagunduk) diwangun ku opat padalisan (jajar)
- b. Padalisan kahiji jeung kadua mangrupa cangkang, sedeng padalisan katilu jeung kaopat mangrupa eusi.
- c. Jumlah engang dina unggal padalisan umumna aya dalapan engang.
- d. Sora tungtung padalisan kahiji sarua jeung tungtung padalisan katilu, sora tungtung padalisan kadua sarua jeung sora tungtung padalisan kaopat.

## 2. Rarakitan

Rarakitan ampir sarua jeung paparikan, boh sorana boh ciri-cirina. Ngan bédana téh, dina rarakitan mah aya kecap anu dibalikan deui sagemblengna jadi sarakit-sarakit atawa sapasang-sapasang.

Contona:

*Kudu getol neukteuk kuku  
ngarah pinter lamun dangdan  
kudu getol maca buku  
ngarah pinter jiga Dadan*

Kecap *kudu getol* dina jajaran kahiji dibalikan deui dina jajaran katilu, kitu deui kecap *ngarah pinter* dina jajaran kadua dibalikan deui dina jajaran kaopat. Jadi

aya kecap anu sarakit-sarakit atawa sapaasang-sapaasang nyaéta kecap *kudu getol* jeung kecap *ngarah pinter*. Titénan deui conto di handap:

*ulah ngala cocongoan*  
*Bisi ruksak tangkal manggu*  
*Ulah waka bogohan*  
*Bisi sakola kaganggu*

Kecap *ulah* dina jajaran kahiji dibalikan deui dina jajaran katilu, kitu deui kecap *bisi* dina jajaran kadua dibalikan deui dina jajaran kaopat.

*Sanaos ka Haur geulis*  
*Andi mah resep ka Cina*  
*Sanaos Neng Nunur Geulis*  
*Andi mah resep ka Rina*

Kecap *sanaos* dina jajaran kahiji dibalikan deui dina jajaran katilu. Kitu deui kecap *Andi* dina jajaran kadua dibalikan deui dina jajaran kaopat. Eta sababna disebut rarakitan.

### 3. Wawangsalan

Wawangsalan mah najan asup kana sisindiran, boga wangun anu béda mun dibandingkeun jeung paparikan atawa rarakitan. Wawangsalan ukur diwangun ku dua jajar. Jajaran kahiji mangrupa cangkang, jajaran kadua mangrupa eusi. Saliwat mah antara cangkang jeung eusi kawas nu taya patali nanaon. Kakara karasa nyambung lamun geus kapanggih wangsalna (eusina), nyaéta hiji kecap anu dibalibirkeun (ditarucingkeun) dina cangkang, sarta sabagian atawa sakabéh éta kecap murwakanti jeung salahsahiji kecap (sabagian atawa kabéh) nu aya dina eusi.

Geura titénan contona:

*Anténeu piring nu badag*  
*Sing garetol ka sakola (parabola)*

*Anténeu piring nu badag.* Ieu mangrupa cangkang. Kira-kira naon disebutna anténeu anu wangunna jiga piring badag. Geus pasti disebutna téh parabola. Kecap *parabola* dibalibirkeun dina kecap *sakola* dina jajaran kadua. Jadi kecap *sakola* murwakanti jeung *parabola*.

Titénan conto kadua:

*Mesin ketik maké layar*  
*Dialajar ambéh pinter (komputer)*

Jaman ayeuna naon deui atuh mesin ketik anu maké layar lamun lain komputer. Da mesin ketik biasa mah teu maké layar. Jadi eusina geus katebak, pasti komputer. Lamun maca jajaran kadua beuki yakin waé eusina komputer lantaran aya kecap *pinter* anu murwakanti jeung *komputer*. Titénan conto katilu:

*Abdi téh kapiring leutik*  
*Kaisinan ku gamparan (pisin)*

Dina cangkang disebutkeun piring leutik. Ari piring leutik téh disebutna pisin. Jawaban pisin nyamuni dina kecap ka-isin-an. Isin murwakanti jeung pisin.

Sabada niténan conto di luhur, bisa dicindekkeun wawangsalan téh mibanda ciri:

- Sapada diwangun ku dua jajar (padalisan)
- Jajaran kahiji mangrupa cangkang, sedeng jajaran kadua mangrupa eusi

- c. Jumlah engang dina unggal jajar umumna dalapan engang
- d. Aya wangsal anu nyambungkeun cangkang jeung eusi.

#### 4. Eusi Sisindiran

Mun niténan sisindiran dina paguneman di luhur, eusina téh bisa digolongkeun jadi:

- a. Papatah, sisindiran anu eusina mapatahan nitah bener atawa nyaram lampah salah.

Contona: *Ulah loba dahar peuteuy  
ngala awi ngan sabuku  
barudak ulah hareureuy  
sok geura baruka buku*

*Kudu getol neukteuk kuku  
ngarah pinter lamun dangdan  
kudu getol maca buku  
ngarah pinter jiga Dadan."*

- b. Silih asih, sisindiran nu eusina ngagambarkeun karesep atawa kanyaah ka papada jalma.

Contona : *Sanaos ka Haur geulis  
Andi mah resep ka Cina  
Sanaos Neng Nunur Geulis  
Andi mah resep ka Rina*

- c. Heureuy, banyol atawa gogonjakan nyaéta sisindiran anu eusina pikaseurieun atawa matak kapiasem.

Contona: *Isukna muka komputer  
diseuseulan ku Bu Lilis  
Rina mah sanés mung pinter  
katambahan ogé geulis.....*

*Mandi isuk rada beurang  
Tampian jalanna nanjak  
Andi atos terus terang  
Badé ditampi, ditolak?*

*Andi resep dahar peuteuy  
Ngan sapérak sakilona  
Andi mémang resep heureuy  
Nu matak awét jomlona*

*Meuli pedes ngan sakilo  
Diwadahan ku Si bayu  
Andi mah da sanés jomlo  
Ngan sakadar henteu payu*



### **Nulis Sisindiran**

Nulis sisindiran téh babari pisan mun geus paham mah kana patokan-patokanana. Nu penting nyumponan ciri-ciri anu geus dipedar di luhur. Léngkah-léngkahna bisa kawas kieu:

- a. Tangtukeun heula eusina, nyaéta maksud anu ku urang hayang ditepikeun. Naha rék mangrupa papatah, silih-asih, atawa gogonjakan.



Contona: \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

*Pajar manéh teuneung ludeung*  
*Ku cucunguk jejeritan*

- b. Jieun cangkangna. Téangan kecap-kecap anu engkéna diteundeun dina tungtung padalisan sarta bakal murwakanti jeung kecap ludeung keur padalisan kahiji jeung kecap jejeritan keur padalisan kadua. Jeung kecap ludeung upamana: hideung, leuweung, nineung, jsb. Jeung kecap jejeritan, upamana: sisikian, memenitan, jsb. Sanggeus kapanggih kecapna, jieun rarancangna. Upamana:

\_\_\_\_\_ *leuweung*

\_\_\_\_\_ *sisikian*

*Pajar manéh teuneung ludeung*  
*Ku cucunguk jejeritan*

- c. Geus kitu mah tinggal néangan kecap-kecap anu patali jeung kecap panungtung padalisan kahiji jeung kadua (leuweung jeung sisikian). Upamana:

*Pelak séréh sisi leuweung*

*Digemuk ku sisikian*

*Pajar manéh teuneung ludeung*  
*Ku cucunguk jejeritan*

Nulis wawangsalan leuwih babari batan nulis paparikan jeung rarakitan. Léngkah munggaran, tangtukeun heula eusina (wangsalna). Upamana:

Unggal dinten mikasono  
(wangsalna kulkas)

Lamun geus tangtu padalisan eusi jeung wangsalna, tah tinggal nangtukeun cangkang wungkul anu nerangkeun kana wangsal tadi. Upamana kulkas téh jiga kumaha wangunna, keur naon kagunaanna, jsb. Upamana kulkas téh wangunna jiga lomari, dijerona tiis, paranti neundeun dahareun. Cangkang anu patali jeung wangsal upamana:

Lomari jerona tiis  
Unggal dinten mikasono (kulkas)

#### **D. Maca Sisindiran dina Wangun Drama**

Di handap aya naskah drama pikeun acara paturay tineung. Pék titénan sing gemet!

Waktu acara paturay tineung jeung kelas salapan, luhur panggung geus dariuk barudak lalaki jeung awéwé maraké pakéan nu béda-béda. Aya anu diuk, aya anu émok, anu sila, malah anu nangtung ogé aya. Jleng Jupran ka hareup bari walahwah-weuleuhweuh tulung-tolongan.

Jupran : Lontong ... lontong ... lontong...!

Nu araya : Salah meureun. Tolong...

Jupran : Aéh enya, tulung... tulung... tulung!

Héra : (norjol nyampeurkun bari luway-liwey semu ogo) Aya naon ari Akang? Teu pupuguh bet gogorowokan tulung-tolongan?

Jupran : (balaham-béléhém) Teu... teu... aya nanaon. Sangkan ngarumpul wé, urang kaul ka nu badé paturay tineung.



Sumber: <http://bp2.blogspot.com>

Nu araya : Huh...! Apan ti tadi ogé geus karumpul (bareng saréréa nangtung ngabérés nyanghareup ka nu lalajo) breng rampak:

*Manuk bueuk ditalian  
Manuk aul jeung titiran  
Mun lanceuk lulus ujian  
Arék kaul sisindiran*

(Saréréa balik deui ka tempatna séwang-séwangan)

Dandi : (ka hareup bari paroman béar marahmay) kanggo akang-akang nu garandang sareng tétéh-tétéh nu lalengkéh, anu nembé diistrénan kénging ijazah, ieu ti adi-adi:

*Meuli piring ka Gang Tengah  
Ceuk béja hargana murah  
Adi-adi ngiring bingah  
Ki lanceuk kénging ijazah*

(torojol Entut bari ceurik meni eueuriheun bangun anu kanyenyieran. Panonna carindul. Cipanon teu eureun-eureun murubut kawas hujan silantang).

Dandi : Ku naon ari Entut, datang-datang ngadon ceurik teu pupuguh.

Entut : puguh sedih abdi téh Dandi. Meunang hésé hayang wawuh jeung si manéhna, meureun isuk mah...

Dandi : Ih sing jelas nyaritana sangkan puguh kadéngéna!

Entut : Meureun isuk mah:

*Korsi jok bahanna hoé*

*Hanjakal teu pati rapih*

*Tuman amprok unggal poé*

*Isukan bakal patebih*

Boa-bo...:

*Rék ngala manuk japati*

*Deukeut kadu sisi cai*

*Can lila pakait ati*

*Meureun kudu putus deui*

Nu araya : Euh... sugan téh... kaciaaaaaaaaaan deh lo... (Dandi jeung Entut baralik deui ka tempatna séwang-séwangan)

\*\*\*\*

Farhan : (bari médéngkréng) kadangu dulur-dulur? Kitu wé meureun di sakola téh. Paingan indit paisuk-isuk, balik pabeurang-beurang, dangdan paménor-ménor, bekel paloba-loba, da...

Nu araya : Da naon?

Farhan : Da... da... resep dialajar sisindiran...

Nu araya : Hih, Jaka Sembung dahar peuteuy, bau euy...!

Farhan : Lain bau, teu nyambung kituh! Kuring mah inget kana omongan kolot:

*Melak lobak dua jajar*

*Ripuh kalah kalémpohan*

*Ka sakola rék diajar*

*Lain kalah bobogohan*

Isah : (Nyirintil nyampeurkeun Farhan bari nulak cangkéng) ulah didangu baraya! Siga anu enya baé. Padahal manéhna ogé kieu geura:

*Tumpak béca rék ka pasar*

*Balanja kacang jeung uyah*

*Bébéja arék diajar*

*Padahal nganjang ka Isah*

- Farhan : Aduh Isah anu geulis, teu kénjing comél nya. Eta mah rusiah urang duaan. Kumaha upami kadangueun ku Bapa sareng Ibu guru?
- Isah : (Bari ngoloyong balik deui ka tempatna tadi) Sawios da... da... Isah ogé bingaaahh...pisan...
- Baraya : Eééééy... geuning saruana?
- Rifki : (nangtung muru tengah panggung bari ngodok saku. Sakapeung unggut-unggutan, sakapeung tatanggahan jiga anu ngitung béntang) Teu salah. Bener teu salah. Piraku guru agama salah. Yakin pisan ayeuna mah. Pasti kitu. Buktina, Nabi Sulaéman milih anu éta. Anjeunna jadi raja sadunya, pangpinterna, pangbeungharna, ngan lebet ka surgana pangpengkerna di antara paranabi. Tapi keun baé ah, arék nurutan.
- Jupran : (nyampeurkeun Rifki anu keur ngomong sorangan bari nepak taktakna) naon anu teu salah téh, béjaan uing. Nu opat angka mah sapuluh rébueun ogé meunang motor meureun. Engké lamun latihan pramuka Rifki diboncéng ku uing nya.
- Rifki : Naon ari Jupran, ujug-ujug béjaan waé. Eta deuih bet ngomongkeun lotré sagala, ih amit-amit. Ieu mah keur nyaritakeun élmu, kieu geura:  
*Sing getol nginum jajamu*  
*Nu guna nguatkeun urat*  
*Sing getol nya nyiar élmu*  
*Nu guna dunya ahérat*
- Jupran : Ari sugan téh nu keur ramé jaman ayeuna. Enya kétéh, teu meunang migawé anu karitu, pamali. Jaman ayeuna mah mun hayang maju kudu pinter jeung parigel, ulah kuuleun. Sabab anu pinter mah pasti padangabutuhkeun. Cenah geuning:  
*Cikamurang Kebon Jati*  
*Melak céngék sisi wésé*  
*Mun urang loba pangarti*  
*Nyiar gawé moal hésé*
- Syahid : (rusuh, ngadeukeutan anu duaan) satuju urang ogé. Mémang kudu kitu. Ceuk Aki urang ogé kitu. Ceuk Nini urang ogé kitu. Ceuk uyut urang ogé kitu. Ceuk...

- Fikri : Geus...geus! Jol-jol satuju waé. Satuju naonna?
- Syahid : Eta anu jaman ayeuna téa, hayang untung tina énténg, hayang bati embung rugi, hayang jegud tinggal udud...
- Fikri : (bari nyentak) Ku saruana! Ieu mah keur nyaritakeun élmu, lain nu kararitu.
- Syahid : Oh, keur nyaritakeun élmu, sugan téh judi jeung korupsi. Éta mah kuring ogé geus ngadéngé ti kiai, yén harkat darajat manusa téh gumantung kana élmana. Kieu geura:  
*Boboko wadah bakatul*  
*Kumbaheun mah diémbéran*  
*Mun bodo katambah kedul*  
*Hirup moal diajénan*
- Jupran : (bari ngacungkeun jempol ka hareupeun anu duaan) Tah, geuning pinter. Bener pisan éta téh. Beuki luhur élmana, beuki luhur harkat darajatna. Tapi kadé, ulah pinter kabalinger. Geus pinter, lali ka purwadaksi. Matak titip ka Akang-akang sareng Tétéh-tétéh:  
*Jalan Cagak Sariater*  
*Jalanna nanjak jeung muter*  
*Lamun jaga enggeus pinter*  
*Tong hilap ka almamater*
- Héra : (nyampeurkeun anu tiluan) Percanten ka Ki Lanceuk mah moal dugi ka hilap ka almamater, kantenan ka Bapa sareng Ibu Guru anu parantos ngatik ngadidik salami tilu taun. Mun teu aya urut guru mah urang téh moal tiasa kieu.
- Rifki : Is, gagabah pisan nyarita téh. Guru mah teu aya urutna, nepi ka iraha waé ogé sadayana tetep guru urang, lain urut guru urang. Nyebutna lain urut, tapi guru keur di SD, guru keur di SMP, guru keur di SMA, jeung satuluyna.
- Héra : Aéh muhun nya. Tapi urut kabogoh mah aya?
- Syahid : Aya, pan Héra ogé urut kabogoh Syahid....héhé...
- Héra : Eééééy... amit-amit...! (bari neunggeul Syahid) tonggong
- Jupran : Heueuh nya, bener Rifki. Geura dangukeun:  
*Sungapan caina biru*  
*Usum babut jeung ngagaru*

*Anggapan anu kaliru*

*Lamun nyebut urut guru*

Wildan : (nyampeurkeun anu keur guntreng) Geus ah, ulah ngobrol waé, mending ayeuna mah tamada ka Bapa sareng Ibu Guru, rumasa urang loba kasalahan.

Jupran : Aéh enya nya, saméméh urang paturay urang silihlabarkeun dosa heula. Parawagri, mung sakieu kaul ti adi-adi.

*Awi leutik lantasi buku*

*Sumangga geura bral miang*

*Lampah iseng leungeun usil*

*Mugia sing hasil maksud*

*Beulit cinggir simpay réma*

*Ulah lali ka sim abdi*

(saréréa narangtung, ngabérés di tengah panggung):

*Gunung Guntur Gunung Guntur*

*Jalanna ka peupeuntasan*

*Amit mundur amit mundur*

*Wiréh badé parantos*

*Saninten buah saninten*

*Saninten di parapatan*

*Hapunten abdi hapunten*

*Bilih aya kalepatan*

*Cikuray Gunung Cikuray*

*Jalanna ka Cikamiri*

*Paturay urang paturay*

*Mugi ditepangkeun deui*

### Latihan

1. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti, tuluy téangan hartina dina kamus!
2. Sisindiran anu mana anu kaasup paparikan? Tuliskeun deui sisindiranana, tuluy cirian purwakanti kecapna!



3. Pisahkeun mana anu eusina papatah, silihasih, jeung gogonjakan!
4. Anu kaasup rarakitan nu mana? Tuliskeun deui sarta cirian purwakanti kecapna!
5. Tuliskeun deui anu kaasup wawangsalan!
6. Naon eusi wangsalna?



## E. Pancén

### Kagiatan ka-1

1. Téangan conto paparikan minimal 10 pada!
2. Téangan conto rarakitan minimal 10 pada!
3. Téangan conto wawangsalan séjénna tuluy sebutkeun naon wangsalna!
4. Sabadamanggihan conto paparikan, rarakitan, jeung wawangsalan, pék salin kana buku tulis. Kadé nulisna sing rapih!
5. Gundukkeun mana sisindiran anu kaasup papatah, silihasih, atawa gogonjakan!
6. Cirian kecap-kecap anu teu kaharti sarta tuluy téangan hartina dina kamus!
7. Cirian purwakanti kecapna!

### Kagiatan ka-2

Tangtukeun cangkang sisindiran di handap!

1. \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
*Kahayang jadi insinyur*  
*Fisika peunteunna opat*
2. \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
*Mun Didi nyanyi di panggung*  
*Nu lalajo malédogan*
3. \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_  
*Ulah ngalawan ka kolot*  
*Bisi asup ka naraka*



4. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
*Satungtung keur hirup indung*  
*Ulah kendat nya babakti*

5. \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
*Pembantu jaman ayeuna*  
*Nyeuseuh gé ku mesin cuci*

### Kagiatan ka-3

Tangtukeun eusi sisindiran di handap!

1. *Poé Saptu poé Kemis*  
*Salasa heuleut-heuleutan*

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

2. *Baju kutud heureut pola*  
*Dikelin teu dijaluju*

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

3. *Mihapé sisor jeung minyak*  
*Kadé kaancloman leungeun*

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

4. *Hampelas raraga jati*  
*Palataran babaléan*

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

5. *Peupeujeuh ari ka dayeuh*  
*Meuli kupat jeung goréngan*

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

#### Kagiatan ka-4

Anggeuskeun wawangsalan di handap!

1. *Alat ngitung dipencétan*

\_\_\_\_\_  
(wangsalna kalkulator)

2. *Drama dina televisi*

\_\_\_\_\_  
(wangsalna sinétron)

- 3.

\_\_\_\_\_  
*Ditolak sapajodogan*

(wangsalna jalan tol)

- 4.

\_\_\_\_\_  
*Sing sabar nahan cocobi*

(wangsalna surabi)

- 5.

\_\_\_\_\_  
*Kapiraray siang wengi*

(wangsalna oray)

6. *Aya mesin bisa ngapung*

\_\_\_\_\_  
(wangsalna kapal udara)

7. *Srangéngé bijil ti peuting*

\_\_\_\_\_  
(wangsalna bulan)

8. *Dudukuy panjang gagangna*

\_\_\_\_\_  
(wangsalna payung)

9. *Sapédah maju ku mesin*

\_\_\_\_\_  
(wangsalna motor)

10. *Kendang gedé pakauman*

\_\_\_\_\_  
(wangsalna bedug)

### Kagiatan ka-5

1. Jieun paparikan jeung rarakitan anu eusina papatah masing-masing sapada!
2. Jieun paparikan jeung rarakitan anu eusina silhasih masing-masing sapada!
3. Jieun paparikan jeung rarakitan anu eusina banyol atawa heureuy, masing-masing sapada!
4. Jieun wawangsalan tilu pada!
5. Babarengan jeung kelompok, jieun sisindiran anu patémbal-témbal. Bisa wangun rarakitan, paparikan, atawa wawangsalan. Eusina ogé bébas, bisa papatah, silihasih, atawa gononjakan. Panjangna bébas, tapi ulah leupas tina téma!
6. Mun geus bérés, bacakeun hareupeun kelas. Macana kudu patémbalan. Carana, anggota kelompok dibagi dua, pahareup-hareup, tuluy silhtémpas ku sisindiran.
7. Kelompok anu séjénna ngabandungan, tuluy ngoméntaran kana pidangan kelompok nu di hareup!



Sumber: dokumen pribadi

PANGAJARAN  
**5**

**BIANTARA**

**K**amampuh nyarita hiji jalma, bisa ngarobah dunya. Buktina? Lantaran pinter nyarita, Bung Karno bisa ngamerdékakeun Indonésia. Biantara-biantara Bung Karno kasohor ka sakuliah dunya sarta bisa ngahudangkeun sumanget parapajuang Indonésia. Lantaran pinter nyarita, Hitler bisa ngahuru perang dunya kadua. Ngarobah tatanan pulitik dunya nu pangaruhna sumebar ka mana-mana. Jadi ulah nganggap énténg kana kamampuh nyarita hiji jalma. Bisi hidep hayang milu ngarobah dunya, hayu urang diajar biantara! Dina pangajaran ieu hidep bakal diajak mikawanoh babagian biantara, pilihan kecap nu biasa dipaké, nulis naskah biantara nepi ka prakna biantara hareupeun kelas.

### **A. Maca Biantara**

Di handap aya conto naskah biantara pikeun dina acara paturay tineung. Pék baca sing gemet jero haté!

*Assalamu'alaikum warrohmatullahi wabarokaatuh*

Bapa Kapala Sakola anu ku sim kuring dipihormat,  
Bapa kalih Ibu Guru anu ku sim kuring dipihormat,  
Hadirin tamu uleman, ogé anu ku sim kuring dipihormat,

Sadérék sadaya kelas salapan sareng adi-adi kelas tujuh sareng kelas dalapan, anu ku sim kuring dipikacinta.

Puji sareng sukur urang sanggakeun ka Allah Swt. Solawat sinareng salam mugi ngocor ka jungjunan urang sadaya Nabi Muhammah saw.

Bapa sareng Ibu Guru anu ku sim kuring dipihormat,

Langkung ti payun sim kuring ngahaturkeun nuhun, tos dipaparin kasempetan ngadeg di dieu, kanggo ngawakilan sadaya siswa/siswi kelas salapan ngadugikeun gerentes haté ti sim kuring sadaya anu badé ngantunkeun ieu sakola.

Dinten ieu téh panginten dinten anu pikabungaheun ogé pikasediheun kanggo sim kuring sadaya mah. Bingah kumargi sim kuring sadaya parantos lulus ti ieu sakola saparantos tilu taun jungkel jumpalik diajar. Ari sedihna, nya tangtos baé ku sadayana ogé kateguh, kedah papisah sareng Bapa/ Ibu Guru ogé adi-adi kelas tujuh sareng kelas dalapan anu ku sim kuring sadaya dipikacinta.

BapasarengIbuGuruanu ku sim kuring dipihormat,

Dina ieu kasempetan, sim kuring ngawakilan réréncangan sadaya kelas salapan, seja ngahaturkeun réwu nuhun kana sagala rupi kasaéan manah Bapa sareng Ibu Guru salami tilu taun ngasuh sim kuring sadaya. Bapa sareng Ibu Guru teu weléh sabar ngawurukan sim kuring sadaya sangkan janten jalmi anu pinter, anu bageur, anu jujur, anu disiplin taat kana aturan, anu terang kana tatakrama sopan santun, anu iman sareng takwa ka Gusti Nu Maha Suci, kanggo pibekeleun hirup sim kuring sadaya ka payunna. Hatur nuhun pisan Bapa, Ibu, mugi-mugi sadaya élmu anu parantos dipaparinkeun ku Bapa sareng Ibu ka sim kuring sadaya mangpaat lahir batin dunya ahérat. Atuh sagala rupi amal kasaéan Bapa sareng Ibu ka sim kuring sadaya, kénging ganjaran anu manglipet-lipet ti Allah Swt. amin ya Robbal alamin.

Bapa sareng Ibu Guru anu ku sim kuring dipihormat,



Sumber: [hanifroad.wordpress.com](http://hanifroad.wordpress.com)



Sim kuring sadaya ogé seja nyuhunkeun hapunten samudaya kalepatan. Rumaos sim kuring sadaya mah seueur carékeunna. Salami tilu taun téh tangtos seueur paripolah sim kuring sadaya anu matak kesel, jéngkél, sareng ngaraheutkeun kana manah Bapa sareng Ibu. Nyuhunkeun pangapunten, rupina da sanés dihaja, éta mah éstuning tina kabodoan sim kuring sadaya baé. Diémutan ayeuna mah bet matak isin geuning, margi Bapa sareng Ibu Guru mah sanaos sim kuring sadaya midamel kalakuan anu matak ngajaheutkeun manah ogé teu weléh sabar mayunanana. Teu weléh jembar ku pangampura. Hatur nuhun Bapa, Ibu, parantos sabar mayunan sim kuring salami ieu. Hatur nuhun pisan.

Bapa sareng Ibu Guru anu ku sim kuring dipihor-mat,

Sim kuring sadaya seja nyuhunkeun pidu'a, mugi-mugi sim kuring sadaya tiasa ngamangpaatkeun élmu anu parantos dipaparinkeun ku Bapa sareng Ibu, tiasa lebet ka sakola anu dipikahoyong, tiasa ngahontal sagala rupi anu dicita-citakeun, sareng janten jalmi anu guna kanggo nusa bangsa sareng agama. Amiin ya Robbal alamin.

Bapa sareng Ibu Guru anu ku sim kuring dipihor-mat,

Rupina cekap sakieu waé pisanggem ti sim kuring, mugi-mugi tiasa ngawakilan kereteg haté sadayana. Hapunten anu kasuhun, bilih aya cariosan anu kirang merenah.

*Billahi taufik walhidayah, wassalamu'alaikum wr.wb.*

## **B. Nyangkem Eusi Biantara**

### **1. Eusi jeung babagian biantara**

Biantara di luhur téh ditepikeun ku wawakil ti kelas salapan anu bakal ninggalkeun SMP-na lantaran geus

lulus. Eusina ucap pamungkas saméméh ninggalkeun almamaterna. Ti mimiti nganuhunkeun ka guruna, ménta hampura ka saréréa, jeung ménta pidu'a. Mun diwincik, kieu babagian dina biantara téh:

Eusi Biantara	Babagianna
<i>Assalamu'alaikum warrohmatullahi wabarokaatuh</i>	Salam bubuka
<p>Bapa Kapala Sakola anu ku sim kuring dipihormat,</p> <p>Bapa kalih Ibu Guru anu ku sim kuring dipihormat,</p> <p>Hadirin tamu uleman, ogé anu ku sim kuring dipihormat,</p> <p>Sadérék sadaya kelas salapan sareng adi-adi kelas tujuh sareng kelas dalapan, anu ku sim kuring dipikacinta.</p>	Pangbagéa (kata sapaan)
<p>Puji sareng sukur urang sanggakeun ka Allah Swt. Solawat sinereng salam mugi ngocor ka jungjunan urang sadaya Nabi Muhammah saw.</p> <p>Bapa sareng Ibu Guru hormateun sim kuring,</p> <p>Langkung ti payun.....jst.</p>	Bubuka biantara
Bapa sareng Ibu Guru hormateun sim kuring,	Pangbagéa randegan
<p>Dina ieu kasempetan, sim kuring ngawakilan réréncangansadayakelassalapan,sejangahaturkeun réwu nuhun kana sagala rupi kasaéan manah Bapa sareng Ibu Guru salami tilu taun ngasuh sim kuring sadaya. Bapa sareng Ibu Guru teu weléh sabar ngawurukan sim kuring sadaya sangkan janten jalmi anu pinter, anu bageur, anu jujur, anu disiplin taat kana aturan, anu terang kana tatakrama sopan</p>	



<p>santun, anu iman sareng takwa ka Gusti Nu Maha Suci, kanggo pibekeleun hirup sim kuring sadaya ka payunna. Hatur nuhun pisan Bapa, Ibu, mugi-mugi sadaya élmu anu parantos dipaparinkeun ku Bapa sareng Ibu ka sim kuring sadaya mangpaat lahir batin dunya ahérat. Atuh sagala rupi amal kasaéan Bapa sareng Ibu ka sim kuring sadaya, kénging ganjaran anu manglipet-lipet ti Allah Swt. amin ya Robbal alamin.</p> <p>Bapa sareng Ibu Guru ... jst.</p>	Eusi Biantara
<p>Rupina cekap sakieu waé pisanggem ti sim kuring, mugi-mugi tiasa ngawakilan kereteg haté sadayana. Hapunten anu kasuhun, bilih aya cariosan anu kirang merenah.</p>	Panutup Biantara
<p><i>Billahi taufik walhidayah, wassalamu'alaikum wr.wb.</i></p>	Salam Panutup

## 2. Padika Biantara

Biantara téh salahsahiji kaparigelan nyarita pikeun nepikeun maksud atawa ngajelaskeun hiji pasualan ka jalma réa. Sangkan eusi biantara urang nepi ka anu dituju atawa anu dimaksud, tangtu baé mikabutuh cara-cara (téhnik) nyarita anu teu sagawayah. Lantaran biantara mah wangun komunikasi langsung antara nu nyarita jeung jalma réa. Kumaha carana sangkan nu ngabandungan resep, saregep, nepi ka paham kana eusi biantara, éta perlu dirojong ku sababaraha hal.

Anu kudu dilatih ku hidep sangkan biantara dipikaresep téh lain ngan saukur nulis naskah biantara wungkul, tapi ogé dina prakna biantara hareupeun batur. Lamun urang geus lancar biantara, ka dituna mah teu kudu maké naskah deui, bisa langsung waé nyarita, asal kudu bener babagianana.

Dina biantara langsung, anu nyarita téh sasat jadi puseur panitén saréréa. Tuluy henteuna panongton saregep ngabandungan, gumantung kana kamampuh anu nyaritana. Lantaran sok aya geuning, eusi biantarana alus jaba penting, tapi lantaran nyaritana teu pikaresepeun, nu ngabandungan téh teu saregep. Atuh nu biantara biantara, nu ngabandungan jongjong ngobrol jeung baturna. Aya opat métodeu biantara anu salila ieu remen dipaké, nyaéta:

**1. Métodeu impromptu (ngadadak)**

Disebutna ngadadak, lantaran dina cara midangkeunana tara maké tatahar heula. Boro-boro maké naskah, da kaperluanna ogé saharitaeun. Mun bisa mah nyaritana, métodeu ieu téh sok matak kataji nu ngabandungan.

**2. Métodeu ngapalkeun**

Cara midangkeunna nu ieu mah sabalikna tina impromptu. Nu rék biantara nuliskeun heula naon anu rék diomongkeunana tuluy diapalkeun kecap demi kecap taya nu kaliwat. Nu matak sok aya kesan kaku nyaritana téh, da bari nginget-nginget anu geus diapalkeunna téa.

**3. Métodeu naskah**

Nyaéta biantara anu bari maca naskah. Tah métodeu ieu biasana kurang pikaresepeun nu ngabandungan, lantaran nu biantara sok tungkul teuing kana naskah, langka ngayakeun kontak mata jeung nu ngabandungan.

**4. Métodeu ékstémporan**

Dina prakna biantara tara maké naskah, tapi naon anu rék diomongkeun dirarancang heula kalawan

taliti. Biasana sok dijieun catetan-catetan mangrupa gurat badag atawa rangkay omongan anu rék ditepikeun téa. Jadi, nu biantara bébas ngagunakeun susunan kecap jeung kalimah, tapi susunan eusina tetep ngaleunjeur dumasar kana catetan-catetan téa. Dina biantara aya padika anu disebut T-A-G-O-G. Éta téh singgetan. Geura urang wincik singgetanna:

1) *T = Teteg sikepna.*

Teteg sikep dina nyarita, teu geumpeur diteuteup ku panongton. Sikep nu teteg sarta kalem biasana nembongkeun kamampuhna dina ngawasa nu ngabandungan (audiens). Lamun teteg mah dina nyarita, moal geumpeur lamun ngayakeun kontak mata jeung nu ngabandungan. Tah dina waktu nyarita, kontak mata jeung nu ngabandungan téh kacida pentingna, pikeun museurkeun panitén nu ngabandungan kana eusi omongan nu ditepikeun.

2) *A = Alus eusina.*

Eusi biantara anu ditepikeun alus sarta penting keur nu ngabandungan. Hal ieu kudu diluyukeun jeung kelompok massa naon anu ngabandunganna. Mun hareupeun patani, meureun anu pikaresepeun téh kumaha carana tatanén anu modalna leutik tapi hasilna mucekil. Kitu deui mun hareupeun barudak sakola, meureun barudak bakal resep lamun dibéjaan cara diajar anu henteu matak lieur ngalampahkeunana.

3) *G = Gerak awakna merenah*

Nu disebut gerak awak téh dina biantara mah géstur téa. Gerak awak téh pikeun ngarojong nandeskeun maksud atawa eusi biantara. Bisa ku rindat, ku gerak biwir, gerak leungeun, jsb. ngan kadé ulah kaleuleuwihi, nepi ka jadi

ngaganggu kana eusi biantara. Anu meujeuhna waé, luyu jeung eusi omongan, nepi ka nu ngabandungan téh ngarasa kataji. Nu penting mah mampuh ngébréhkeun yén nyarita téh lain ngan sakadar ngalisankeun kecap, tapi kudu dibarengan ku tatakrama anu témbong dina rengkuhna sarta gerak-gerik anggota badan lianna. Komo lamun nepi ka bisa némbongkeun pasemon/éksprési luyu jeung kecap/kalimah nu diucapkeun. Jiga kumaha riuk beungeut lamun ngucapkeun kalimah pananya, panyeluk, nitah atawa nyaré, jsb.

4) *O = Omonganna merenah*


Dina omongan, lian ti basa nu diucapkeun téh kaasup ogé lentong (intonasi) jeung ngucapkeunana (lapal). Susunan basana tangtu baé kudu hadé jeung bener ngalarapkeunana. Kitu deui lentong anu merenah, jeung ucapan anu bener bisa ngarojong kana nandeskeun eusi biantara. Malah nya lentong jeung ngucapkeunana pisan anu bisa nyambungkeun émosi nu nyarita jeung nu ngabandungan téh. Dina lentong kudu bisa ngabédakeun lentong/intonasi lebah ngalisankeun kalimah pananya, kalimah wawaran, jeung kalimah panyeluk (bisa ngucapkeun kalimah luyu jeung tanda-tanda bacana (peun, koma, tanda tanya, tanda panyeluk). Sedeng dina ngucapkeunana bener ngalisankeun sora-sora basa kalawan béntés (ngalisankeun eu, e (pepet) jeung é (téléng).

5) *G = Gaya nyaritana*

Nu dimaksud gaya nyarita téh kamampuh nyarita hareupeun umum (publik speaking) anu pikaresepeun, narik paniten nu ngabandungan. Ngalisankeun eusi (maksud) téh dibarengan ku cara nu luyu, gampang kaharti sarta teu matak

bosen nu ngabandungan. Biasana patali jeung métodeu biantara anu tadi geus dipedar. Naha eta biantara téh maca naskah nu tos disiapkeun ti anggalna, naha naskahna diapalkeun, naha pamilon mawa catetan gurat badag guluyurna bahan biantara, atawa naha ngapalkeun tapi loba improvisasina.

Sangkan leuwih jéntré, geura urang gambarkeun baganna:



### C. Niténan Biantara

Baca sing gemet naskah biantara di handap!

#### Biantara Mingpin Rapat

*Assalamu'alaikum Warrahmatullahi Wabaarokaatuh.*

Bapa Pembina OSIS anu ku sim kuring dipihormat,

Bapa/Ibu Guru anu ku sim kuring dipihormat,

Saderek sadaya réngréngan pangurus OSIS anu ku sim kuring dipikacinta.

Langkung ti payun mangga urang sasarengan ngedalkeun puji sukur ka Allah Swt. réhna urang tiasa riung mungpulung di ieu tempat kalayan séhat wal'afiat. Solawat sinareng salam, mugi ngocor salalamina ka jungjunan urang sadaya, Nabi Muhammad saw.

Hadirin anu sami linggih,

Salajengna sim kuring seja ngahaturkeun réwu nuhun laksa keti kabingahan ku kasumpingan sadérék sadaya kana rapat OSIS dinten ieu.

Peryogi kauninga ku sadayana, pangna urang ngariung téh nyaéta badé ngabadantenkeun perkawis rarancang kagiatan dina raraga miéling tepung taun kemerdékaan Indonésia. Sok sanaos ari kana derna acara puncak mah masih kénéh lami, nanging ari tatahar mah kedah ti ayeuna kénéh.

Hadirin anu sami linggih.

Acara miéling tepung taun kameran nagara urang téh saleresna parantos janten agénda rutin di sakola urang. Unggal taun tangtos baé diayakeun rupi-rupi kagiatan kanggo ngareuah-reuah atanapi ngaramékeunana. Sapertos taun pengker, urang ngayakeun balap karung, balap bakiak, neda kurupuk, ngagebug cai, nyandak kaléci dina séndok nu digégél, dugi ka olahraga nu kalebet daria sapertos putsal sareng maén poli ogé diayakeun. Sanaos teu dipaparin hadiah ogé geuning pamilon atanapi peserta mah sakitu seueurna. Méh waé teu kalombakeun sadayana, da kasengker ku waktos téa.

Ku kituna, dina ieu kempelan hayu urang badantenkeun sing asak, kagiatan naon baé nu bakal dilaksanakeun dina miéling kameran taun ieu. Naha badé olagraga wungkul atanapi ditambahan ku kasenian onghok. Upamina, dina olahraga, méh resep kumaha upami guru-guru diajak ngiring janten pamilon, diabenkeun sareng siswa. Jigana bakal nambahan ramé. Atuh bilih badé aya kasenian, tiasa waé dina panungtungna dipungkas ku jaipongan, *dance*, atanapi karaoké lagu Sunda. Panginten bakal resep, saparantosna capé ngiringan lomba, dihibur ku kasenian.

Tapi éta mah sakadar ideu, panginten nu pastina mah kin urang badantenkeun langkung paos, méh sadayana sapuk sarta mupakat.

Hadirin anu sami linggih.

Rupina cekap sakieu baé pamapag ti sim kuring, hapunten bilih aya basa nu kirang merenah kadanguna. *Billahi taufik walhidayah, wasalamu'alaikum warrahmatullahi wabarrakattuh.*

### Latihan

Sabada hidep paham kana babagian biantara, pék ayeuna wincik biantara di luhur jiga conto dumasar kana babagianana!

1. Sebutkeun babagianna, méh jéntré alusna mah maké tabél:
  - a. Salam bubukana
  - b. Pangbagéa (kata sapaan)
  - c. Alinéa bubuka
  - d. Alinéa eusi
  - e. Alinéa panutup
  - f. Salam panutup
2. Caritakeun deui eusi biantara di luhur maké basa hidep sorangan!
3. Téangan rakitan basa anu jadi mamanis basa jeung ngandung purwakanti!
4. Téangan conto naskah biantara séjénna, naha dina buku atawa dina internét, tuluy wincik jiga di luhur!

### D. Pancén Kelompok

Réngsékeun naskah biantara di handap babarengan jeung kelompok! Téma biantarana “Mikaresep Kasenian Sunda”. Ieu biantara ditepikeun ku pupuhu Karang Taruna dina acara gempungan anu dihadiran ku pupuhu RT, pupuhu RW, tokoh-tokoh masarakat, jeung Bapa Lurah. Anu jadi hadirinna anggota karang taruna.

*Asslamu'alaikum wr.wb.*

\_\_\_\_\_anu ku sim kuring dipihormat,

\_\_\_\_\_anu ku sim kuring dipihormat,

\_\_\_\_\_ogé anu ku sim kuring dipihormat.

*Alhamdulillah wasyukurillah* puji sinareng sukur\_\_\_\_\_

Hadirin anu di mulyakeun ku Allah,

Langkung ti payun sim kuring seja ngahaturkeun\_

\_\_\_\_\_ Ayeuna urang ngariung di dieu  
téh dina raraga \_\_\_\_\_

Hadirin anu sami linggih,

Upami ningal kana kanyataan anu lumangsung  
sabudeureun urang sapopoé, sim kuring ngaraos kacida  
prihatinna, margi barudak ayeuna tos teu wanoh deui  
kana budayana sorangan. Maranéhna leuwih apal kana \_\_\_\_

\_\_\_\_\_ Sok  
padahal kasenian urang téh \_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_ Bandingkeun jeung kasenian \_\_\_\_\_

Hadirin anu dimulyakeun ku Allah,

Ku kituna, ti kawit ayeuna hayu \_\_\_\_\_

Sim kuring neda pangrojong ti sadaya kasepuhan  
sareng aparat anu ayeuna kempel dina ieu riungan  
sangkan barudak ayeuna \_\_\_\_\_

Rupi-rupi cara tiasa dipidamel ku urang sadaya, dian-  
tawisna \_\_\_\_\_

Hadirin anu sami linggih,

Rupina mung sakieu \_\_\_\_\_

Hapunten anu kasuhun boh bilih \_\_\_\_\_

*Billahi taufik walhidayah* \_\_\_\_\_





## E. Pancén

1. Jieun naskah biantara anu témana pilih salahsahiji:
  - a. Pamuda harepan bangsa
  - b. Ngabiasakeun nyarita ku Basa Sunda
  - c. Mikanyaah budaya sorangan
  - d. Pentingna boga cita-cita
  - e. Miara kabersihan lingkungan sakola
  - f. Mangpaat perpustakaan sakola
  - g. Cara diajar anu hadé
  - h. Pentingna aktip di organisasi sakola
  - i. Sakola tong lalawora
  - j. Hormat ka kolot jeung ka guru
2. Apalkeun biantara meunang nulis hidep, tuluy praktékeun biantara hareupeun kelas saurang-saurang. Kadé ulah poho maké T-A-G-O-G téa!
3. Lamun aya anu keur biantara, anu séjénna ngabandungan kalawan gemet, bari nuliskeun naon kakurangan jeung kaunggulan babaturan anu keur biantara, boh tina naskahna boh tina tagogna.
4. Sabada bérés midang kabéh, tuluykeun kana diskusi kelompok. Catetan-catetan salila ngabandungan tadi keur bahan diskusi kelompok.



Sumber: [jhonsundanesse.blogspot.com](http://jhonsundanesse.blogspot.com)

PANGAJARAN  
**6**

# BAHASAN BUDAYA SUNDA

91

Anu disebut budaya téh sakabéh aspék anu patali jeung kahirupan manusa sapopoé. Basana, senina, adat istiadat atawa kabiasaanana. Sunda téh beunghar ku budaya anu luhung ajénna. Hanjakal dina jaman modéren jiga ayeuna, budaya Sunda loba anu geus kasilih ku budaya anu datangna ti bangsa séjén. Loba barudak ngora anu geus teu apal deui kana budayana, malah leuwih apal kana budaya deungeun. Sabalikna, budaya Sunda malah loba dipikaresep ku urang deungeun. Buktina loba urang deungeun anu ngahaja nalungtik budaya urang pikeun diwanohkeun di nagarana. Lila-lila mah bisa jadi urang deungeun leuwih wanoh kana budaya urang batan urangna sorangan anu kasebut nu bogana. Naha urang rék mikeun mun tepi ka kitu? Dina pangajaran ieu hidep bakal diwanohkeun kana rupa-rupa banda budaya urang Sunda.

#### **A. Maca Bahasan**

Di handap aya conto bahasan ngeunaan kampung adat nu masih kénéh aya di tatar Sunda. Pék baca sing gemet dina jero haté!

### **Kampung Gedé Kasepuhan Ciptagelar**

Perenahna di Kabupatén Sukabumi. Persisna mah di kampung Sukamulya, Désa Sirnaresmi, Kacamatan Cisolok. Di ditu, di sisi laut Palabuan Ratu. Ti saprak kantor Pemda Kabupatén Sukabumi pindah ka Palabuan Ratu, rada leuheung ka kota téh teu jauh teuing jiga baheula basa Pemda Kabupaténna di Cisaat kénéh.

Najan teu jauh ka kota sarta geus réa kagiridig ku jalma nu ngadon ulin, masarakat Kampung Gedé Kasepuhan Ciptagelar mah, pageuh kénéh nyekel tali paranti adat warisan parakaruhun. Boh wangunan imah



Sumber: [enjepe.wordpress.com](http://enjepe.wordpress.com)

boh hirup kumbuh sapopoéna, masih mageuhan kabiasaan urang Sunda pituin, anu can kacampuran ku pangaruh modéren.

Di pakampungan Ciptagelar mah wangunan imahna ogé potongan imah panggung tina bilik kénéh. Nu disebut imah panggung téh imah anu aya kolongan. Jangkung kolongna kira-kira 60 cm. Lamun rék unggah ka imah téh kudu nécé heula golodog, anu ditunda handapeun panto hareup. Biasana tina batu tatapakan, anu wangun pasagi opat jeung badag. Kétah, wangunan imah ogé handapna maké batu tatapakan, anu sarua jangkungna. Anggang ti batu ka batu téh paling tilu méteran.

Wangun suhunan lolobana segi panjang jeung juré. Sok ditambahan émpér di bagian hareup jeung bagian tukang. Hateupna tina daun tepus, eurih, atawa injuk. Moal matak bocor najan hujan gedé ogé, da ditumpukna rékép pisan. Sedeng minangka lanténa, tina palupuh. Babagian imah diwangun ku tengah imah paranti ngumpulna sakabéh anggota keluarga, pangkéng atawa kamar paranti saré, padaringan atawa goah paragi neundeun béas, jeung dapur paranti masak. Lian ti imah pangeusi lembur, di dinya ogé urang bisa manggihan bumi ageung, leuit, jeung saung lisung. Kumaha waé di pakampungan Sunda baheula.



Anu disebut bumi ageung téh paranti ngariungna masarakat lamun aya pasualan anu kudu dibadamikeun. Biasana dijejeran ku sesepuh lembur, anu disebutna Sesepuh Girang . Tah, ngeunaan leuit, lamun dina basa Indonésia mah disebutna “lambung” téa, paragi neundeun paré. Wangunna jiga imah, ngan leuwih leutik. Sisina ditutupan ku bilik, hateupna ku injuk. Leuit téh perenahna di sisi pakampungan. Unggal imah, pasti ngabogaan leuit. Jadi moal pacorok pangaboga. Di deukeut wangunan leuit, diwangun saung lisung nyaéta saung paranti nutu sakumna pangeusi lembur. Saung lisung mah ngan hiji, dipaké ku salelembur. Ku kituna, mangpaat saung lisung téh lian ti paranti nutu, ogé tempat campur gaulna (sosialisasi) urang lembur.

Aya sababaraha adat kabiasaan anu tetep dipiara ku urang Ciptagelar. Rupa-rupa upacara geus biasa dipigawé. Geus puguheun anu patali jeung kahirupan hiji jalma mah, ti mimiti ngandung, ngalahirkeun, ngubur bali, méré ngaran, nyunatan keur budak lalaki, ngawinkeun, nepi ka maotna, teu weléh dibarengan ku upacara anu dikokojoan ku sesepuh Girang.

Anu béda ti batur, dina upacara tatanén. Dina prak-prakkanana rék tatanén, biasana dimimitian ku jarak ka makam karuhun lembur anu aya di wewengkon Bogor Kidul jeung Banten Kidul. Anu indit jarakna mah teu kudu saréréa ngabring, cukup diwakilan ku sesepuh girang jeung réngrénganna. Di kuburan para karuhun ieu, sesepuh girang jeung réngrénganana ngagalantangkeun do’a amit rék ngamimitian ngabaladah.

Geus réngsé jarak, sesepuh girang balik deui ka lembur, mawa iber iraha ngamimitian ngagarap huma. Peutingna rék ngabaladah, di imah sesepuh girang diayakeun upacara salamatan anu dihadiran sakabéh tokoh adat jeung sesepuh lembur.

Ti saprak der tatanén, rupa-rupa upacara teu eureun-eureun dilaksanakeun. Dimimitian ku upacara muka huma (ngabaladah), upacara ngaseuk (mimiti melak binih), upacara mipit (saméméh panén gedé dimimitian), upacara sérén taun (sanggeusna bérés panén), upacara nganyaran (mimiti ngadahar hasil panén), ngadiukkeun (ngampihkeun paré ka leuit), jeung upacara ngahudangkeun (mun rék ngadahar paré anu geus didiukkeun/diteundeun dina leuit).

Anu sohor sarta sok remen diwartakeun dina koran, majalah, malah remen dipidangkeun dina televisi nasional, nyaéta upacara sérén taun. Malah dina upacara sérén taun mah sok didatangan ku turis mancanagara sagala, lian ti turis lokal téh. Upacarana mémang ngahaja dipidangkeun keur lalajoaneun. Dina usum upacara sérén taun ieu, Kampung Ciptagelar lir jadi kampung wisata. Kasenian-kasenian tradisional modél ngagotong paré, ngagondang, jsb. dipintonkeun ku masarakat anu husus meunang milih sarta didangdanan anu pantes. Anu dagang “cinderamata” has kampung Ciptagelar ogé loba, pangpangna barang-barang karajinan tina anyaman modél boboko, dudukuy, hihid, jsb. Tuh geuning, kamonésan urang lembur ogé bisa payu dijual.


## **B. Medar Eusi Bahasan**

### **1. Ngeunaan Bahasan**

Bahasan téh tulisan dina wangun lancar anu ngabahas(medar)hiji perkara.Eusinabisanaonbaé,biasana dumasar kana pakta-pakta boh tina hasil panalungtikan (penelitian) boh tina pangalaman sorangan. Nu penting mah aya pangaweruh-pangaweruh (kanyaho) anyar anu gedé mangpaatna keur anu maca. Cara nulisna bisa narasi (nyaritakeun), déskripsi (nataan atawa nyebutan), éksposisi (ngamunculkeun hiji hal anyar), bisa ogé

argumentasi (nepikeun ideu atawa pamanggih ngeunaan hiji hal). Atawa bisa ogé campuran tina sababaraha cara nulis di luhur. Upamana, narasi jeung éksposisi, narasi jeung déskripsi, atawa narasi jeung argumentasi. Ngan biasana, dina unggal tulisan bahasan, narasi mah aya waé najan ukur sabagéan leutik.

Bahasan biasana diwangun ku bubuka, eusi, jeung panutup. Disebutna babagian (struktur) bahasan. Atuh wanda tulisanna, bisa ti hal-hal anu umum ka hal-hal anu husus (déduksi), atawa sabalikna ti hal-hal anu husus ka hal-hal anu umum (induksi). Titénan gambar di handap!



Bahasan di luhur, medar ngeunaan kamp ng adat kasepuhan Cipta Gelar anu perenahna di Kabupatén Sukabumi. Cara nulisna campuran antara narasi, déskripsi, jeung éksposisi. Sedengkeun tulisanna dimimitian ti hal-hal anu umum tuluy mucuk kana hal-hal anu husus (déduksi).

## 2. Babagian (struktur) Bahasan

Tadi disebutkeun, bahasan diwangun ku bubuka, eusi, jeung panutup. Kitu deui dina bahasan ngeunaan Kampung Gedé Kasepuhan Ciptagelar, aya bagian bubuka, bagian eusi, jeung bagian panutup. Geura titénan tabél di handap!

Bahasan	Babagianana
<p>Perenahna di Kabupatén Sukabumi. Persisna mah di kampung Sukamulya, Désa Sirnaresmi, Kacamatan Cisolok. Di ditu, di sisi laut Palabuan Ratu. Ti saprak kantor Kota Kabupatén Sukabumi pindah ka Palabuan Ratu, rada leuheung ka kota téh teu jauh teuing jiga baheula basa Kota Kabupaténna di Cisaat kénéh.</p> <p>Najan teu jauh ka kota sarta geus réa kagiridig ku jalma nu ngadon ulin, masarakat Kampung Gedé Kasepuhan Ciptagelar mah, pageuh kénéh nyekel tali paranti adat warisan parakaruhun. Boh wangunan imah boh hirup kumbuh sapopoéna, masih mageuhan kabiasaan urang Sunda pituin, anu can kacampuran ku pangaruh modéren.</p>	Bubuka
<p>Di pakampungan Ciptagelar mah wangunan imahna ogé potongan imah panggung tina bilik kénéh. Nu disebut imah panggung téh imah anu aya kolongan. Jangkung kolongna kira-kira 60 cm. Lamun rék unggah ka imah téh kudu nécé heula golodog, anu ditunda handapeun panto hareup. Biasana tina batu tatapakan, anu wangun pasagi opat jeung badag. Kétah, wangunan imah ogé handapna maké batu tatapakan, anu sarua jangkungna. Anggang ti batu ka batu téh paling tilu méteran.</p> <p>Wangun suhunan lolobana segi panjang jeung juré. Sok ditambahan émpér di bagian hareup jeung bagian tukang. Hateupna tina daun tepus, eurih, atawa injuk. Moal matak bocor najan hujan gedé ogé, da ditumpukna rékép pisan. Sedeng minangka lanténa, tina palupuh. Babagian imah diwangun ku tengah imah paranti ngumpulna sakabéh anggota keluarga, pangkeng atawa kamar paranti saré, padaringan atawa goah paragi neundeun béas, jeung dapur paranti masak. Lian ti imah pangeusi lembur, di dinya ogé urang bisa manggihan bumi ageung, leuit, jeung saung lisung. Kumaha waé di pakampungan Sunda baheula.</p>	eusi/pedaran



Anu disebut bumi ageung téh paranti ngariungna masarakat lamun aya pasualan anu kudu dibadamikeun. Biasana dijejeran ku sesepuh lembur, anu disebutna Sesepuh Girang . Tah, ngeunaan leuit, lamun dina basa Indonésia mah disebutna “lumbung” téa, paragi neundeun paré. Wangunna jiga imah, ngan leuwih leutik. Sisina ditutupan ku bilik, hateupna ku injuk. Leuit téh perenahna di sisi pakampungan. Unggal imah, pasti ngabogaan leuit. Jadi moal pacorok pangaboga. Di deukeut wangunan leuit, diwangun saung lisung nya éta saung paranti nutu sakumna pangeusi lembur. Saung lisung mah ngan hiji, dipaké ku salelembur. Ku kituna, mangpaat saung lisung téh lian ti paranti nutu, ogé tempat campur gaulna (sosialisasi) urang lembur.

Aya sababaraha adat kabiasaan anu tetep dipiara ku urang Ciptagelar. Rupa-rupa upacara geus biasa dipigawé. Geus puguheun anu patali jeung kahirupan hiji jalma mah, ti mimiti ngandung, ngalahirkeun, ngubur bali, méré ngaran, nyunatan keur budak lalaki, ngawinkeun, nepi ka maotna, teu weléh dibarengan ku upacara anu dikokojoan ku sesepuh Girang.

Anu béda ti batur, dina upacara tatanén. Dina prak-prakkanna rék tatanén, biasana dimimitian ku jarah ka makam karuhun lembur anu aya di wewengkon Bogor Kidul jeung Banten Kidul. Anu indit jarahna mah teu kudu saréréa ngabring, cukup diwakilan ku sesepuh girang jeung réngrénganna. Di kuburan para karuhunieu, sesepuh girang jeung réngrénganana ngagalantangkeun do’a amit rék ngamimitian ngabaladah.

Geus réngsé jarah, sesepuh girang balik deui ka lembur, mawa iber iraha ngamimitian ngagarap huma. Peutingna rék ngabaladah, di imah sesepuh girang diayakeun upacara salametan anu dihadiran sakabéh tokoh adat jeung sesepuh lembur.

<p>Ti saprak der tatanén, rupa-rupa upacara teu eureun-eureun dilaksanakeun. Dimimitian ku upacara muka huma (ngabaladah), upacara ngaseuk (mimiti melak binih), upacara mipit (saméméh panén gedé dimimitian), upacara sérén taun (sanggeusna bérés panén), upacara nganyaran (mimiti ngadahar hasil panén), ngadiukkeun (ngampihkeun paré ka leuit), jeung upacara ngahudangkeun (mun rék ngadahar paré anu geus didiukkeun/diteundeun dina leuit).</p>	
<p>Anu sohor sarta sok remen diwartakeun dina koran, majalah, malah remen dipidangkeun dina televisi nasional, nya éta upacara sérén taun. Malah dina upacara sérén taun mah sok didatangan ku turis mancanagara sagala, lian ti turis lokal téh. Upacarana mémang ngahaja dipidangkeun keur lalajoaneun. Dina usum upacara sérén taun ieu, Kampung Ciptagelar lir jadi kampung wisata. Kasenian-kasenian tradisional modél ngagotong paré, ngagondang, jsb. dipintonkeun ku masarakat anu husus meunang milih sarta didangdanan anu pantes. Anu dagang “cinderamata” has kampung Ciptagelar ogé loba, pangpangna barang-barang karajinan tina anyaman modél boboko, dudukuy, hihid, jsb.</p> <p>Tuh geuning, kamonésan urang lembur ogé bisa payu dijual.</p>	panutup

### Latihan

Sangkan leuwih paham kana eusi wacana di luhur, jawab pananya di handap!

1. Di mana perenahna kampung Adat Ciptagelar téh?
2. Naha disebut Kampung Adat?
3. Kumaha wangunan imah anu aya di Kampung Adat Ciptagelar ? Jéntrékeun!
4. Tina naon bahan-bahan material imahna?
5. Sebutkeun babagian imah jeung keur naon waé pungsina!
6. Naon pungsina Bumi Ageung téh?
7. Wangunan naon anu pungsina pikeun ngayakeun hubungan sosial di antara masarakat Kampung Adat Ciptagelar?

8. Sebutkeun upacara-upacara anu biasa diayakeun anu aya patalina jeung kahirupan hiji jalma!
9. Sebutkeun upacara-upacara anu aya patalina tatanén!
10. Upacara naon anu sohor nepi ka sok dilalajoan ku turis mancanagara?
11. Caritakeun prak-prakkan upacara dina saméméh ngaseuk (melak binih)!
12. Kasenian naon waé anu biasa dipintonkeun dina upacara sérén taun?

### 3. Ngalarapkeun Kecap kana Kalimah

Dina bacaan di luhur aya sababaraha kecap anu carang dipaké dina obrolan sapopoé. Geura urang cutat deui kalimahna:

- a. *Perenahna* di Kabupatén Sukabumi.  
Kecap *perenahna* ngabogaan harti lebah-lebahna.  
Larapna dina kalimah:
  - 1) Kacamatan Cidaun téh perenahna di pakidulan Cianjur.
  - 2) Kantor Bupati Kabupatén Sukabumi perenahna sisi basisir Palabuan Ratu.
- b. Najan teu jauh ka kota sarta geus réa *kagiridig* ku jalma nu ngadon ulin.  
Kecap *kagiridig* ngabogaan harti mindeng kadatangan atawa kaliwatan.  
Larapna dina kalimah:
  - 1) Imahna sisi jalan pisan, matak kagiridig ku batur.
  - 2) Lembang téh ayeuna mah geus teu tingtrim deui, geus loba kagiridig ku jalma réa.
- c. Masarakat Kampung Gedé Kasepuhan Ciptagelar mah, pageuh kénéh nyekel *tali paranti* adat warisan parakaruhun.  
Kecap *tali paranti* ngabogaan harti kabiasaan atawa adat.  
Larapna dina kalimah:
  - 1) Najan geus modéren, kadé ulah poho kana tali paranti anu geus turun-tumurun dilaksanakeun ku kolot urang.
  - 2) Unggal sélér bangsa ngabogaan tali paranti séwang-séwangan.

- d. Masih mageuhan kabiasaan urang Sunda *pituin*.  
Kacap *pituin* ngabogaan harti tulén atawa asli.  
Larapna dina kalimah:
  - 1) Kang Adang téh *pituin* urang Sunda.
  - 2) Bu Tési teureuh Ciamis *pituin*.
- e. Jadi moal *pacorok* pangaboga.  
Kecap *pacorok* ngabogaan harti paselang atawa pacampur.  
Larapna dina kalimah:
  - 1) Ari gawé ulah sok *pacorok* kokod, moal bener hasilna.
  - 2) Tangkal awi mani *pacorok* rékép pisan.

### Latihan:

Sangkan hidep leuwih paham kana harti-harti kecap séjénna anu aya dina bahasan, pék jieun kalimah ngagunakeun kecap ieu di handap!

1. Ka kota teu jauh teuing jiga baheula *basa* kota kabupaténna di Cisaat kénéh.  
*Basa* dina éta kalimah hartina waktu atawa eukeur.  
Larapna dina kalimah:
  - 1) \_\_\_\_\_
  - 2) \_\_\_\_\_
2. *Wangunan* imahna ogé potongan imah panggung tina bilik kénéh.  
*Wangunan* hartina modél atawa bentuk.  
Larapna dina kalimah:
  - 1) \_\_\_\_\_
  - 2) \_\_\_\_\_
3. Lamun rék ungguh ka imah téh kudu nécé heula kana *golodog*.  
*Ungguh* hartina hanjat  
Larapna dina kalimah:
  - 1) \_\_\_\_\_
  - 2) \_\_\_\_\_

*Golodog* hartina kai gedé atawa batu anu ditunda handapeun panto paranti asup ka imah, pikeun tétécéan lamun rék hanjat ka imah.  
Larapna dina kalimah:
 
  - 1) \_\_\_\_\_
  - 2) \_\_\_\_\_

4. Biasana *dijejeran* ku sesepuh lembur.  
*Dijejeran* hartina dikokojoan, diluluguan, atawa dipingpin.  
 Larapna dina kalimah:  
 1) \_\_\_\_\_  
 2) \_\_\_\_\_
5. Anu béda ti batur, dina upacara *tatanén*.  
*Tatanén* hartina tani, pepelakan anu jenisna paré atawa palawija.  
 Larapna dina kalimah:  
 1) \_\_\_\_\_  
 2) \_\_\_\_\_



## C. Nulis Bahasan

Sabada hidep niténan bahasan Kampung Gedé Kasepuhan Ciptagelar, tangtu hidep geus boga gambaran nu kumaha anu disebut bahasan téh. Pikeun ngalancarkeun nulis, hayu urang diajar nulis bahasan anu basajan baé heula, anu pakta-paktana aya sabudeureun diri hidep. Sangkan tulisan henteu ka mana karep, hadéna méméh tret nulis téh susun heula rangkay karanganana atawa pikiran utama anu jadi jejer dina hiji alinéa. Upamana hidep bakal nulis bahasan ngeunaan “Pentingna Ngamumulé Basa Indung”. Tulisanna dina wangun déduksi atawa nulis nu hal-hal anu umum heula tuluy kana hal-hal anu leuwih husus.

1. Rangkay karangan
  - a. Naon anu dimaksud basa indung (bagian bubuka)
  - b. Basa indung naon waé anu aya di Jawa Barat (bagian bubuka)
  - c. Kumaha kaayaan basa indung panggedéna (basa Sunda) kiwari (bagian eusi)
  - d. Naon sababna barudak ayeuna embung ngagunakeun basa Indung (bagian eusi)
  - e. Kumaha carana sangkan barudak ayeuna daék maké basa indung (bagian eusi)
  - f. Naon pentingna ngamumulé basa indung téh (bagian panutup)
2. Sabada rangkay karanganana nyusun, kakara mimitian nulis. Hiji poko pikiran anu disusun tadi, bisa ditulis dina hiji atawa leuwih

alinéa. Hartina bisa dua atawa tilu alinéa. Teu kudu kawatesanan hiji waé. Lamun sakirana perlu ngajelaskeun nu leuwih jéntré, bisa baé ditambahan. Ngan inget, tulisanna teu meunang ngalantur ka mana karep, kudu angger ngaleunjeur dina jejer anu poko. Geura urang mimitian nulis:

## **Pentingna Ngamumulé Basa Indung**

1. Basa indung téh mun istilah asingna mah mother tangué. Saprak UNESCO netepkeun poé miéling basa indung tanggal 21 Pebruari, basa indung téh unggal taun dipiéling ku masarakat sadunya. Unggal bangsa, tangtu ngabogaan basa indung. Ari anu dimaksud basa indung téh basa anu mimiti diajarkeun ku indung ka anakna luyu jeung sélér bangsana. Upamana, urang Sunda basa indungna basa Sunda, urang Batak basa indungna basa Batak, urang Padang, Papua, Acéh, Jawa, Bugis, Batawi, Cirebon, jsb. ngabogaan basa indung anu béda-béda luyu jeung sélér bangsana. Éta kakara di wilayah Indonésia, di sakuliah dunya leuwih rupa-rupa deui, da unggal nagara boga basa indungna séwang-séwangan.
2. Di Jawa Barat, aya tilu basa indung anu kaasup badag. Di wilayah panglegana aya basa Sunda, di wilayah Cirebon aya basa Cirebon, jeung di wilayah Bekasi aya basa Batawi. Tapi anu ngumbara di tanah Sunda ogé, modél urang Padang, urang Batak, urang Jawa, jsb. ka tanah Sundana téh mawa basa indungna sorangan, najan dipakéna ngan di lingkungan maranéhna wungkul ogé.
3. Husus ngeunaan basa Sunda, geus loba nu manghariwangkeun sieun tumpur, lantaran cenah unggal taun panyaturna (nu nyarita basa Sunda) beuki ngurangan baé. Teu saeutik barudak turunan Sunda pituin, ti barang diajar nyarita, ku indungna téh teu diajarkeun basa Sunda, tapi langsung basa Indonésia. Padahal, indung bapana pituin urang Sunda sarta bisa nyarita ku basa Sunda. Atuh pagegedéanana ogé budak téh teu biasa nyarita ku basa Sunda. Najan dina gaul sok bareng jeung nu nyarita ku basa Sunda, tapi angger teu lancar nyaritana, da teu biasa téa. Nu matak, pangajaran basa Sunda di sakola téh kaasup pangajaran anu hésé, malah cenah leuwih hésé batan diajar basa Inggris.

4. Saha anu salah? Tangtu baé kolot, pangpangna indung, anu teu daék ngajarkeun basana. Padahal basa téh cicirén bangsa. Rék kumaha ngaku urang Sunda, lamun nyarita ku basana ogé teu bisa. Loba anu ngarasa éra atawa géngsi nyarita ku basa Sunda. Rasa éra éta téh sabenerna “warisan” ti indungna langsung. Enya apan indung anu teu daék ngajarkeun basa Sunda ka anakna téh lantaran ngarasa éra, sieun anakna disebut teu gaul atawa disebut kampungan ku tatangga jeung babaturanana. Rasa éra éta téh tuluy kawariskeun ka anak-anakna, nepi ka ngadarah ngadaging, antukna cul waé basa Sunda téh ditinggalkeun, embung maraké.
5. Tah, kolot anu teu daék ngajarkeun basa Sunda ka anakna, atawa budak turunan Sunda anu ngarasa éra maké basa Sunda, éta cirining jelema anu henteu pédé (percaya diri) kana kaayaan jeung kamampuh dirina sorangan. Ngarasa dirina bodo jeung harkatna leuwih handap ti batur, nu matak nahap-nahapkeun manéh hayang disebut ngota jeung gaul, nepi ka mopohokeun jati dirina sorangan. Padahal lamun ngarasa pinter, loba kabisa, jeung luhur ajén diri mah, moal ieuh sieun disebut teu gaul atawa kampungan, da batur ogé ningali, najan nyarita ku basa Sunda tapi pinter dina widang séjén sarta loba kabisana.
6. Ku kituna, lamun urang hayang diajénan ku batur, urang kudu wani némbongkeun jati diri sorangan. Teu kudu ditutup-tutup, tapi témbongkeun bari dibarengan ku tuluy-tumuluy ngaronjatkeun kualitas diri sangkan punjul ti batur, nepi ka taya nu wani moyok sanajan teu weléh nyarita ku basa Sunda. Basa indung kudu jadi jati diri hiji pribadi anu mibogana. Indung kudu daék ngajarkeun basa Sunda ka anakna, barudak Sunda kudu daék maké basana, sangkan henteu kaleungitan idéntitas budayana.

### Latihan

Sabada tadi dituyun nulis bahasan, pék ayeuna lengkepan ku hidep bahasan di handap!

1. Témana ngeunaan Basa Sunda
2. Judulna : Pangajaran Basa Sunda di Sakola

3. Ranggay karanganna:
  - a. Kaayaan basa Sunda di sakola (bagian bubuka)
  - b. Matéri anu dipikaresep (bagian bubuka)
  - c. Masalah-masalah anu timbul salila diajar basa Sunda (bagian eusi)
  - d. Kumaha carana sangkan pangajaran basa Sunda pikaresepeun (bagian eusi)
  - e. Kumaha carana sangkan budak sakola daék maké basa Sunda Sapopoé (bagian eusi)
  - f. Magpaat diajar basa Sunda (bagian panutup)
4. Pék lengkepan!

### Pangajaran Basa Sunda di Sakola

- a. Basa Sunda di Jawa Barat, diajarkeun ti mimiti SD, SMP, nepi ka SMA. Dina saminggu téh diajarkeun lilana dua jam pangajaran.

---

---

---

- b. Pangajaran basa Sunda téh sabenerna pikaresepeun. Komo lamun guruna resep heureuy mah, di kelas téh suasanana henteu tegang. Pangresepna lamun diajar \_\_\_\_\_

---

---

---

- c. Ngan hanjakal, pangajaran basa Sunda téh henteu dirojong ku buku-buku pangrojong anu nyukupan. Di perpustakaan, buku, koran, jeung majalah basa Sunda \_\_\_\_\_

---

---

---

---



- d. Henteu sakabéh siswa resep diajar basa Sunda, da cenah hésé pisan, leuwih hésé batan basa Inggris. Komo da loba siswa anu di imahna teu diajarkeun nyarita ku basa Sunda. Ku kituna, \_\_

\_\_\_\_\_

- e. Rupa-rupa tarékah anu dilaksanakeun, boh ku guru boh ku pamaréntah, sangkan barudak ayeuna daék maké basa Sunda. Di antarana waé \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

- f. Loba anu teu apal, naon mangpaatna diajar basa Sunda téh. Padahal kacida lobana. Lantaran diajar basa Sunda, urang bisa

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

## **D. Niténan Bahasan**

### **1. Hajat Babarit**

Wacana di handap dibaca jeung dititénan ku kelompok hiji jeung kelompok dua. Tuluy engké jawab pertanyaanana!

### **Hajat Babarit**

Urang Sunda mah kasohor loba adat kabiasaan warisan parakaruhunna. Najan dina pajamanan anu geus sakieu modéréenna, di sawatara lembur di pasisian, masarakatna masih loba anu nyekel pageuh éta kabiasaan sarta tangtu baé dipigawé dina waktu-waktu anu geus ditangtukeun. Aya nu ngan sakadar keur kapentingan ngamumulé budaya, aya nu keur pintonkeuneun ka masarakat luareun lemburna, aya ogé nu mémang dibarengan ku kayakinan yén éta kabiasaan téh kudu dipigawé lantaran lamun teu dipigawé bisi aya mamalana ka saréréa.

Upamana dina tatanén. Ti mimiti melak paré nepi ka dibuatna, sok diayakeun heula upacara atawa hajat. Geura ti mimiti hajat mitembeyan melak atawa tandur, hajat mitembeyan dibuat, hajat nganyaran (mimiti nyangu béas meunang dibuat), hajat ngadiukkeun paré (ngampihkeun paré ka goah), jeung hajat ngahudangkeun (ngagunakeun béas anu geus diampihkeun keur kaperluan séjénna). Kitu deui dina salametan budak, ti mimiti dikandung opat bulan, tujuh bulan, nepi ka nurunkeun dina waktu umur budak nu dilahirkeun geus opat puluh poé, pasti dihajatan waé. Luareun ti éta, sok aya nu disebut hajat mulud, hajat ngaruat, jeung hajat wawar atawa nu sok disebut hajat babarit téa.

Hajat babarit, diayakeun dina diperlukeun wungkul. Teu kudu matok taun jeung bulanna mah. Dina sataun bisa leuwih ti sakali diayakeun, gumantung kana pangabutuh masarakatna. Ngan nu penting kudu peutingan Juma'ah kaliwon dina itungan Jawa.

Nu dimaksud kumaha pangabutuh masarakat téh, hajatna diayakeun mun di lembur geus aya musibah gedé, boh keuna ka salahsaurang pangeusi lembur boh keuna ka saréréa. Upamana, aya nu imahna kaasupan bangsat, aya nu kahuruan, aya nu kacaahan, loba nu gering ripuh, loba nu maot pauntuy-untuy, panén anu gagal lantaran hama (ieu mah keunana ka saréréa), jsb. Cindekna mah hajat babarit téh ditujukeun pikeun nolak balai atawa nyingkahan musibah.

Dina prak-prakanana, hajat babarit diayakeun méméh dur bedug magrib. Najan kudu peutingan Jumaah kaliwon, tara dilaksanakeun peuting, tapi Kemis soré mangsa sareupna. Diayakeunna kudu di tengah-tengah parapatan jalan anu jadi jalan utama di éta lembur.

Sakumna warga, kudu nyongcot. Ari keur kaperluan nyuguh mah urunan saméméhna, aya nu ku duit aya nu ku béas urunanana mah. Gedéna ogé teu ditangtukeun, saridona waé. Tah duit ladang urunan dipaké meuli kaperluan nyuguh ka karuhun sapuratina. Ti mimiti “rujakeun” (kembang rampé), nyieun bubur beureum bubur bodas, bungbuahan tujuh rupa, beubeutian tujuh rupa, dahareun tradisional modél apem, peuyeum tujuh rupa, roko upet, rupa-rupa inuman ti mimiti kopi pait nepi ka cai entéh, nepi ka bungbu dapur jeung beuleum pépéték. Geus puguheun bangsaning menyan mah, kasebutna ogé barang anu sipatna wajib aya, éta mah.



Sumber: [commons.wikimedia.org](https://commons.wikimedia.org)

Tah pasosoré téh susuguh sapuratina geus ngabarak di tengah jalan, persis dina parapatanana. Biasa ngampar samak sagala. Menyan ngelun ti tengah-tengah susuguh. Susuguh téh dipapaésan ku tangkal tiwu ka pucukna, daun kawung, daun kalapa, atawa tangkal hanjuang, sarua kapucukna. Engkéna, éta tatangkalan téh dicecebkeun di tempat anu kamusibahan téa.

Mun nu dihajatanna sawah, nya dicecebkeunna ogé di sawah.

Sanggeus “susuguh” ngabérés diriung ku bapa-bapa jeung kokolot lembur, jul-jol ibu-ibu marawa congcoot sabakina-sabakina. Tuluy ditunda ngurilingan susuguh nu geus nyampak téa. Mun sakabéh imah geus ngirimkeun congcootna, kakara hajat dimimitian. Biasa baé, dimimitian ku rajah ka parakaruhun, ka dituna disambung ku do’a-do’a nu dicampur antara ka karuhun sareng ka Gusti Allah nu Murbéng Alam. Do’ana digalantangkeun. Sabot kokolot ngado’a, nu séjén niupan menyan sangkan tuluy ngelun. Panjang pisan do’a téh sarta ditungtungan ku pertobat sangkan ulah aya musibah deui keuna ka sakumna warga lembur.

Nu resepna mah, mun do’a jeung pertobat réngsé. Saréréa nu ngariung, kaasup ibu-ibu nu najan teu milu ngariung ogé tapi caricingna teu jauh tina riungan, parebut dahareun anu ngabayak. Loba nu patukeur-tukeur congcoot jeung deungeunna. Tuluy dalahar balakécrakan di dinya nepi ka dur bedug magrib. Malah kalan-kalan mah, bedug magrib- bedug magrib, nu balakécrakan jongjon nepi ka anggeus. Mun nyésa, dahareun téh dibawara ka imahna séwang-séwangan. Ari susuguh keur karuhun mah sok dipérénan ku kokolot, duka di kamanakeun.

### Kegiatan Kelompok

- a. Sangkan leuwih paham kana eusi wacana, pék jawab pananya di handap!
  1. Naon jejer/téma bacaan di luhur?
  2. Di mana waé diayakeunna hajat babarit téh?
  3. Naha waktuna teu ditangtukeun?
  4. Wayah kumaha diayakeunana?
  5. Naon waé susuguh anu kudu aya dina hajat babarit?
  6. Mun aya kajadian naon waé diayakeunna hajat babarit téh?
  7. Naon tujuan diayakeunna hajat babarit téh?
  8. Saha waé anu milu ngariung dina waktuna hajat?
  9. Caritakeun kumaha prak-prakanna hajat babarit!
  10. Mun geus bérés pertobat, naon waé anu dipigawé ku urang lembur?
- b. Pék pigawé babarengan!
  1. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti tuluy téangan hartinadina kamus. Geus kitu larapkeun kana kalimah!
  2. Sebutkeun poko pikiran anu aya dina unggal alinéa!
  3. Tangtukeun mana bagian bubuka, eusi, jeung panutup!
  4. Tangtukeun jenis tulisanna, naha narasi, déskripsi, eksposisi, arguméntasi, atawa gabungan tina sababaraha jenis tulisan. Lamun gabungan, sebutkeun naon waé!
  5. Tangtukeun wanda tulisanna, naha induksi naha déduksi. Sebutkeun alesanana!
  6. Caritakeun deui eusi wacana di luhur maké basa hidep sorangan!

## 2. Dogér Kontrak

Wacana ieu mah husus dibaca jeung dititénan ku kelompok tilu jeung kelompok opat. Tuluy jawab pertanyaanana!

## Dogér Kontrak

Singhoréng, lain basa wungkul anu nungtutan laleungit téh. Kasenian ogé, geus loba anu hirup teu neut paéh teu hos. Malah anu tumpur gé, lain saeutik. Jigana, keur Indonésia, anu beunghar ku seni budaya, leungitna hiji dua kasenian téh moal pati karasa, da loba téa. Tapi ari ku masarakat anu sapopoéna kungsi pagilinggisik jeung kasenianana mah, pasti bakal karasa pisan leungitna téh. Aya sababaraha sabab, nu ngabalukarkeun leungitna seni budaya téh. Loba malah. Ngan nu gedé pangaruhna mah nya tangtu baé lantaran éta kasenian téh langka ditanggap hareupeun umum jeung teu diwariskeun ka entranan sapandeurieunana.

Leuheung mun aya nu “maling”, da pasti kanyahoan ari kangaranan maling seni jeung budaya mah. Saréréa bisa milu narékahan sangkan éta seni budaya bolay dipalingna. Contona waé, hasil seni budaya urang nu “dipaling” ku Malaysia, pan bisa diuruskeun ku pamaréntah sangkan teu jadi dipimilik ku batur. Tapi ari nu nungtut leungit ku sorangan mah, hésé dicegahna, lantaran prosésna biasana teu kanyahoan. Nu kaleungitanna teu sadar yén aya hasil seni budayana anu leungit.

Tapi kétéh, nu maling jaman ayeuna mah da palinter. Geuning Malaysia ogé, sanggeus diprotés ku bangsa urang lantaran ngadaptar-daptarkeun seni budaya urang jadi hak milikna, ayeuna mah maling senina téh teu ngaliwatan daptar sacara légal, tapi ku cara nu kacida lemesna. Upamana, ayeuna ceuk nu kungsi ka ditu, di Malaysia kasenian degung jeung angklung geus wajib diajarkeun di sakola-sakola ti mimiti SD nepi ka SMA. Sedeng di nagara urang, dalah di Jawa Barat anu ngabogaan éta kasenian, teu singna aya kawajiban ngajarkeun. Ampir sakabéh siswa ti mimiti SD, SMP, nepi ka SMA, nu kungsi ditanya nyebutkeun saumur hirupna can kungsi nyabak angklung. Waditra degung onaman kungsi nempo-nempo waé mah. Sok padahal angklung téh banda budayana sorangan. Kilangbara atuh pamaréntah nyadiakeun alatna ngabagi ka sakola-sakola, atuh nitah-nitah wéh. Pan ieu mah henteu.

Bisa jadi, hiji waktu jaga, barudak ngora urang Malaysia leuwih palinter maén degung jeung angklung, tibatan barudak ngora di Jawa Barat. Teu munasabah mun hiji waktu mah seni degung jeung angklung téh dianggap seni bogana urang Malaysia, lantaran di ditu tumuwuhna

leuwih subur batan di lemah caina sorangan. Geus aya pangakuan ti batur kitu mah, geus teu kudu didaptarkeun ka lembaga anu nangtayungan hak cipta sagala, da geus pasti bakal dianggap jadi hak milikna. Jadi seni urang téh keur ngeureuyeuh dipaling sacara lemes, bari jeung nu bogana teu sadareun. Eling-éling ké mun geus bener-bener jadi banda batur.

Eta mah conto gedéna. Conto leutikna, di daérah-daérah di Jawa Barat, geus loba kasenian anu maluguran. Upamana di kabupatén Subang. Baheula, aya kasenian anu sohor pisan, disebutna Dogér Kontrak. Ieu kasenian tumuwuh subur dina jaman perkebunan kontrak keur jaya-jayana di Kabupatén Subang.

Nu matak dingaranan Dogér Kontrak téh lantaran grup kasenianna sok ngamén ka kontrak-kontrak perkebunan. Asalna mah anu dihiburna ukur kalangan kuli-kuli perkebunan. Nu kaasup jalma pangkat téh paling ogé mandorna. Tapi lila-lila mah ieu kasenian téh dipikaresep ku tuan-tuan Walanda. Tah sabada dipintonkeun hareupeun tuan-tuan Walanda, ieu kasenian téh “dikemas” deui jadi tontonan nu leuwih narik ati, boh tina gerak tari boh tina pakéan (kostum).

Saprak merdéka sarta perkebunan teu dikawasa deui ku tuan-tuan Walanda, ieu kasenian téh tetep nanjung. Ditanggapna teu ngan saukur di perkebunan deui, tapi geus mimiti ditanggap ku masarakat dina acara-acara husus. Nu lalajona geus mimiti nyebar ti mimiti pangagung nepi ka kalangan rayat biasa. Tapi kabéhdieunakeun, duka pangaruh naon, ieu kasenian téh mimiti pareum sarta carang nu nanggap deui. Bisa jadi lantaran aya dogér téa, dianggap ngandung unsur negatip nu kurang luyu jeung ajén moral masarakat.

Ieu pintonan nu dipaénkeun ku paling saeutik genep belas urang téh, kaasup nu tari jeung pangrawit (nayaga), dibuka ku ngahaleuangkeun lagu Kembang Gadung. Réngsé lagu, paradogér asup kana kalang, ngibing diluluguan ku primadonana. Ditengah kalang ditancebkeun oncor keur nyaangan nu ngibing. Jadi, anu ngibing téh ngurilingan oncor. Paradogér ngibing dina gerak tari keurseus dipirig lagu Banjar Sinom. Ti dinya robah kana gerak tari ketuk tilu sarta dipirig ku lagu Sulanjana. Tah dina ibinganna ogé teu asal réngkénék, tapi aya aturan-aturan anu tangtu.

Sabada ibing poko dipidangkeun, paradogér mimiti nawaran kaul ka nu lalajo. Boh primadona boh dogér biasa, tuluyna ngibing papasangan jeung nu kaul. Mun taya nu ngibingan, biasana ngibing papasangan jeung sasama dogér deui waé.

Jigana, adegan ieu pisan anu loba disurahan negatip téh. Lantaran biasana anu milu kaul ngibing téh parajawara anu tangtu baé kaum lalaki. Mun ayeuna mah disebut bajidor téa. Unggal bajidor boga ceungceuman dogér sorangan nu mun manggung di mana waé sok dituturkeun. Husus ngadon ngibingan.

Manglebarkeun, kiwari kasenian Dogér Kontrak geus méh tumpur. Tong boroning urang luar, dalah urang Subang-na sorangan geus loba nu teu apal kana ieu kasenian. Sok padahal ieu kasenian téh euyeub ku pintonan tari anu némbongkeun kaparigelan luhur. Kitu deui dina lagu jeung tatabeuhanna.

### Kegiatan Kelompok

- a. Sangkan leuwih paham kana eusi bacaan di luhur, pék jawab pananya di handap!
  1. Naha hasil seni budaya urang loba anu diaku ku deungeun?
  2. Hasil budaya naon waé anu geus diaku jadi milik bangsa deungeun téh?
  3. Kasenian naon anu ayeuna geus diajarkeun di sakola-sakola di nagara deungeun?
  4. Naon sababna di sakola-sakola di Jawa Barat teu diajarkeun?
  5. Lamun diantep, bakal kumaha nasib kasenian urang téh?
  6. Dogér kontrak kasenian ti daérah mana?
  7. Naha bet disebut Dogér Kontrak?
  8. Sabaraha urang pamaénna?
  9. Tari naon waé anu dipintonkeun dina dogér kontrak?
  10. Kumaha nasib seni Dogér Kontrak ayeuna?
  11. Naon sababna seni Dogér Kontrak disurahan negatip?
  12. Naon sababna urang Subang geus teu arapaleun deui kana senina sorangan?

b. Pék pigawé babarengan!

1. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti tuluy téangan hartina dina kamus. Geus kitu larapkeun kana kalimah!
2. Sebutkeun poko pikiran anu aya dina unggal alinéa!
3. Tangtukeun mana bagian bubuka, eusi, jeung panutup!
4. Tangtukeun jenis tulisanna, naha narasi, déskripsi, eksposisi, arguméntasi, atawa gabungan tina sababaraha jenis tulisan. Lamun gabungan, sebutkeun naon waé!
5. Tangtukeun wanda tulisanna, naha induksi naha déduksi. Sebutkeun alesanana!
6. Caritakeun deui eusi wacana di luhur maké basa hidep sorangan!

### 3. Lebaran di Pilemburan

Wacana ieu dibaca jeung dititénan ku kelompok lima jeung kelompok genep. Tuluy jawab pananyana!

#### Lebaran di Pilemburan

Mun aya nu nanyakeun, kabiasaan naon nu ayana ngan di Indonsia wungkul anu patali jeung lebaran? Pasti jawabanana kabiasaan mudik. Apanan urusan mudik téh di nagara urang mah geus jadi urusan nasional. Lain ngan suku Sunda wungkul nu biasa migawéna, tapi geus jadi tradisi sakumna sélér bangsa nu aya di Indonésia. Urang Sumatera, urang Maluku, urang Sulawesi, urang Kalimantan, Papua, Bali, jsb. geus biasa migawé ieu tradisi dina usum lebaran. Meureun pédah nagara urang mah loba pulona, sarta pangeusina loba nu ngumbara ka pulo séjén. Dina waktuna milih balik ka lembur téh sok disataun-sakalikeun. Da sapopoé mah riweuh ku gawé téa, ongkoh tara aya liburan rada lila anu bareng saréréa, iwal usum lebaran. Katurug-turug, kapan tos lebaran mah wanci anu kacida mustarina pikeun silihlarkeun kasalahan anu dipigawé, boh dihaja boh teu kahaja, salila sataun landung.



Jauh tangéh ka lebaran, pamaréntah dina hal ieu kementrian perhubungan, tihothat nataharkeun arus mudik sangkan lungsur-langsar saréréa. Angkutan darat, laut, jeung udara ditataharkeun ti anggalna sangkan nyumponan bubutuh anu mudik. Malah pausahaan-pausahaan badag ogé loba anu milu nyarumbang nyadiakeun angkutan lebaran keur nu mudik. Tuh, pan saréréa milu riweuh ku ayana tradisi mudik téh.

Ari nu mudik, nu matak sok maraksakeun bélaan ngéndong di setasion karéta atawa di palabuan pameuntasan antar pulo téh, lain ngan sakadar pikeun nyumponan kawajiban salaku anak ka kolot atawa adi ka lanceuk wungkul, tapi ogé pikeun nyumponan bubutuh batinna mulangkeun panineungan kana sagalarupa anu kungsi dipilampah jeung nu dipikaresep basa keur leutikna di lembur.

Komo urang Sunda mah da geus kawentar kandel rasa romantismena. Mudik téh jadi hiji wanci pikeun ngalubarkeun kasonona kana sagalarupa tradisi anu geus tara kapanggih di kota. Pangpangna mun aya tradisi atawa kabiasaan anu nyengceling béda ti batur, tong boroning di kota dalah di lembur séjénna deui ogé tara kapanggih.

Di pakidulan Sukabumi, persisna di kampung Salagedang Désa Bojongsari Kacamatan Jampangkulon, aya hiji kabiasaan dina poéan lebaran anu asa can kapanggih deui di wewengkon séjén mah. Ari perkara munggah jeung peupeuncitan mah prah waé jeung di lembur séjénna. Tarawéh pon kitu deui, taya bédana. Atuh solat Idul fitri jeung idul adha kitu kénéh, umum jeung batur.

Tah anu béda téh acara sabadana ngalaksanakeun solat Idul Fitri atawa Idul Adha. Dina ngalaksanakeun solat téh tara ka lapang atawa ngahiji ka lembur séjén. Cukup dilaksanakeun di masigit anu aya di lembur waé. Sok padahal mun solat Jumaah mah sok ngadon ka masigit nu aya di lembur tatangga, meureun méh jamaahna rada rempeg. Kawuwuh di kampung éta mah jumlah pangeusina ogé teu loba, ukur aya 23 suhunan. Najan katambahan ku nu mudik ogé pangeusi lembur téh tara ieu nepi ka heurin usik. Bubuhan anu ngumbara ka kotana ogé teu pati loba.

Sabada solat ied dilaksanakeun, tos hutbah téh dituluykeun ku nguriling sasalaman. Di dinya baé di jero masigit. Kolot-kolot ngajajar turut-turut sisi témbok, barudak ngantay nguriling sasalaman.



Sumber: pikiran rakyat.com

Bérés sasalaman, lalaki mah tuluy dariuk ngagarunduk jeung kulawargana séwang-séwangan. Sedeng ibu-ibuna jeung barudak awéwé, baralik heula ka imahna séwang-séwangan. Baralik deuina ka masigit téh geus mawa idangan lebaran sapuratina. Ti mimiti sangu, kupat, opor, rendang, sambel goreng kumeli, lodéh mi, asé cabé, beuleum hayam, sambel nepi ka lalabna, pepek. Geus kitu mah, brak baé saréréa, awéwé lalaki, kolot budak, dahar balakécrakan jero masigit. Resepna dina waktu silihtukeur dahareun. Ringkok jeung lodor, pabeulit patukeur tempat. Silihasaan pasakan. Bari ramé ngobrol gogonjakan. Saralsé baé dahar téh, malah sok bari popotoan sagala. Meungpeung amprok rinéh jeung batur salembur sarta bisa silihasaan dahareun, bubuhan sapopoé mah riweuh ku pagawéan. Bérés dahar balakécrakan, kakara nguruskeun kapentingan séwang-séwangan, pangpangna mah nu boga kolot di lembur séjén sok tuluy arindit ngadon silaturahmi. Ari anu geus ngariung sadudulur mah sok tuluy arulin ka laut Minajaya atawa Ujung Genténg, ngadon sukan-sukan babarengan.

Ieu kabiasaan téh ngan diayakeun sataun dua kali, dina waktuna lebaran idul fitri jeung idul adha. Anéhna, ieu kabiasaan téh di lembur séjén mah, najan natangga, geuning teu aya. Hiji kabiasaan nu teu weléh ngondang kasono pikeun nu ngumbara ka jauhna.

### Kegiatan Kelompok

- a. Jawab pananya di handap!
  1. Tradisi naon anu geus jadi urusan nasional téh?
  2. Naha bet disebut urusan nasional?
  3. Ceuk dina bacaan di luhur, di wewengkon mana anu kabiasaan dina poé lebaranna béda jeung batur téh?
  4. Cik caritakeun maké basa hidep sorangan kabiasaan anu béda ti batur ceuk bacaan di luhur!
  5. Kabiasaan naon anu matak resepna?
  6. Di lembur hidep naon waé anu dipigawé dina poéan lebaran téh?
  7. Hidep kungsi manggihan kabiasaan nu béda dina waktu lebaran? Naha nyaksian langsung atawa lalajo dina televisi, pék caritakeun kumaha kabiasaanana téh!
- b. Pék pigawé babarengan!
  1. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti tuluy téangan hartinadina kamus. Geus kitu larapkeun kana kalimah!
  2. Sebutkeun poko pikiran anu aya dina unggal alinéa!
  3. Tangtukeun mana bagian bubuka, eusi, jeung panutup!
  4. Tangtukeun jenis tulisanna, naha narasi, déskripsi, eksposisi, arguméntasi, atawa gabungan tina sababaraha jenis tulisan. Lamun gabungan, sebutkeun naon waé!
  5. Tangtukeun wanda tulisanna, naha induksi naha déduksi. Sebutkeun alesanana!
  6. Caritakeun deui eusi wacana di luhur maké basa hidep sorangan!

## 4. Kampung Urug

Wacana ieu dibaca jeung dititénan ku kelompok tujuh jeung dalapan. Tuluy jawab pananyana!

## Kampung Urug

Urug téh mun taneuh anu ayana di béh luhur ngolosod, nutupan anu aya handapeunana. Duka tah, kumaha mimitina éta lembur dingaranan Kampung Urug. Naha pédah kungsi kajadian aya taneuh ngolosod, atawa mémang taneuhna teu padet jadi babari urug. Ngan nu sidik, ieu lembur nu perenahna di Desa Kiarapandak, Kacamatan Sukajaya, Kabupatén Bogor téh kaasup kampung adat. Masarakatna masih mageuhan tali paranti adat kabiasaan urang Sunda pituin.

Mun ditilik tina wangunan imahna, sabenerna teu sakabéh imah nu aya di lembur Urug masih modél baheula. Geus aya sababaraha imah anu diwangun permanén jeung semipermanén. Maksudna, sisina geus ditémbok, hateupna geus maké kenténg atawa asbés. Mun anu semi permanén mah ka hadapna wungkul ditémbokna, sapotong ka luhurna disambung ku bilik atawa triplék. Tégelna ogé, boh nu permanén boh nu semipermanén, geus maké ubin atawa keramik.

Tapi lolobana mah masih kénéh wangunan tradisional. Imah panggung aya kolongan, sisina ku bilik jeung hateupna ku daun eurih. Tapi kétéh loba ogé anu hateupna maké daun kiray. Ari lanténa, maké awi anu dibeulahan, tuluy dijajarkeun rékép pisan. Jandélana maké jalosi, atawa sarigsig anu dijieunna tina awi atawa kai. Hareupeun panto aya golodog, paranti unggah ka imah.

Ari jerona mah umum waé jeung imah Sunda séjénna, aya bagian hareup keur narima sémah, bagian tengah keur ngariung pangeusi imah, jeung bagian tukang anu mangrupa dapur. Di dapur aya bagian husus anu disebut goah, paranti neundeun béas.

Lian ti wangunan imah pangeusi lembur, ogé aya wangunan anu jadi puseur kagiatan urang lembur nyaéta gedong gedé, gedong luhur, jeung gedong alit.

Tah di Kampung Urug ogé aya upacara sérén taun. Sarua deuih jeung di kampung Ciptagelar, diayakeunana saréngsena panén. Ngan di kampung Urug mah tanggalna geus dipastikeun unggal tanggal 10 Muharam. Aya dua upacara anu dilaksanakeun dina bulan Muharam téh, sérén taun jeung salametan Ngabuli (upacara tutup taun) anu diayakeunna di gedong Sanghyang Tunggal.





Sumber: [www.mala08.wordpress.com](http://www.mala08.wordpress.com)

Lian ti éta, aya deui upacara rewah anu diayakeun unggal tanggal 12 rewah. Tujuan diayakeunna ieu upacara, pikeun “rewah” ka nabi Adam. Maksudna mah miéling Nabi Adam sareng turunanana, nyaéta umat manusa.

Masih kénéh upacara anu maneuh diayakeun nyaéta salametan Mulud anu diayakeun unggal tanggal 12 Mulud, pikeun miéling dibabarkeunana Kangjeng Nabi Muhammad SAW. Mun di urang mah sok disebut Muludan téa geuning. Ieu upacara téh sok diayakeun di rohang pancaniti Gedong Sanghyang Tunggal.

Sedeng upacara sidekah bumi mah lain tanggalna anu maneuh téh tapi poéna. Ieu upacara dilaksanakeun dina waktu arék tebar bibinihan. Diayakeun sataun sakali. Tanggal jeung bulanna mah teu ditangtukeun, ngan anu jelas kudu dilaksanakeun dina poé Rebo.

Hiji deui upacara anu teu ditangtukeun bulan jeung tanggalna téh nyaéta upacara salametan puasa jeung lebaran. Tangtu baé teu bisa maneuh waktuna, da nuturkeun kumaha datangna bulan puasa waé. Sapoé méméh puasa, diayakeun salametan heula. Meureun mun di urang mah sok disebut mungghah téa. Tuluy disambung deui dina poéan lebaran.

Ka kampung Urug ogé geus loba wisatawan, boh domestik boh mancanagara, anu datang. Komo dina upacara-upacara anu tanggalna geus maneuh mah. ku kituna, kampung adat téh mun terus dipiara mah bisa jadi asét wisata anu nguntungkeun, boh keur pamaréntah sumawonna keur masarakat nu aya di éta lembur .

### Kegiatan Kelompok

- a. Sangkan hidep leuwih paham kana eusi bacaan, pék jawab pananya di handap!
  1. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti tuluy téangan hartina dina kamus!
  2. Di mana perenahna Kampung Urug téh?
  3. Modél naon waé wangunan anu aya di Kampung Urug?
  4. Bahan-bahan material anu biasa dipaké ngawangun imah di kampung Urug naon waé?
  5. Bagian imah naon waé anu aya dina wangunan imah di Kampung Urug tapi teu aya dina wangunan imah modéren?
  6. Bahan material modéren naon waé anu geus mimiti dipaké di Kampung Urug?
  7. Wangunan naon anu jadi puseur kagiatan di kampung Urug?
  8. Upacara naon waé anu geus maneuh tanggalna?
  9. Upacara naon waé anu teu maneuh tanggalna tapi nuturkeun datangna usum?
  10. Upacara naon waé anu aya, boh di Kampung Urug boh di Kampung Ciptagelar?
- b. Pék pigawé babarengan!
  1. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti tuluy téangan hartina dina kamus. Geus kitu larapkeun kana kalimah!
  2. Sebutkeun poko pikiran anu aya dina unggal alinéa!
  3. Tangtukeun mana bagian bubuka, eusi, jeung panutup!
  4. Tangtukeun jenis tulisanna, naha narasi, déskripsi, eksposisi, arguméntasi, atawa gabungan tina sababaraha jenis tulisan. Lamun gabungan, sebutkeun naon waé!
  5. Tangtukeun wanda tulisanna, naha induksi naha déduksi. Sebutkeun alesanana!
  6. Caritakeun deui eusi wacana di luhur maké basa hidep sorangan!

## **E. Pancén**

1. Masih kénéh jeung kelompok anu tadi, téangan conto bahasan anu aya patalina jeung budaya Sunda, boh tina majalah boh tina internét. Geura dina website Sunda loba pisan bahasan ngeunaan budaya. Pilih anu dipikaresep ku hidep. Tuluy pigawé:
  - a. Baca sing gemet
  - b. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti sarta téangan hartina dina kamus.
  - c. Kecap-kecap anu hartina geus kapanggih tuluy larapkeun kana kalimah anu béda jeung dina bacaan.
  - d. Sebutkeun poko pikiran anu aya dina unggal alinéa!
  - e. Tangtukeun mana bagian bubuka, eusi, jeung panutup!
  - f. Tangtukeun jenis tulisanna, naha narasi, déskripsi, eksposisi, arguméntasi, atawa gabungan tina sababaraha jenis tulisan. Lamun gabungan, sebutkeun naon waé!
  - g. Tangtukeun wanda tulisanna, naha induksi naha déduksi. Sebutkeun alesanana!
  - h. Caritakeun deui eusi wacana di luhur maké basa hidep sorangan!
2. Di handap aya rangkay karangan bahasan, pék ku hidep jieun jadi hiji karangan!
  - a. Rupa-rupa kasenian Jawa Barat dina wangun tari
  - b. Jaipongan, salahsahiji tari kréasi anyar
  - c. Mimiti ceuyahna jaipongan
  - d. Kamekaran seni jaipongan
  - e. Minat barudak ngora kana jaipongna
  - f. Jaipongan di sakola
  - g. Kaayaan seni jaipongan ayeuna
3. Masih pancén kelompok, jieun bahasan ngeunaan budaya Sunda, pilih salasahiji témana. Ulah poho jieun heula rangkay karanganna!
  - a. Kabiasaan panén di lembur kuring
  - b. Kasenian anu sok ditanggap dina hajatan nyunatan
  - c. Kasenian has ti daérah kuring
  - d. Tradisi anu sok dilaksanakeun dina upacara tujuh bulanan nu kakandungan
  - e. Karajinan has ti daérah kuring
  - f. Dahareun has ti daérah ku



Purchase and sale online  
[www.mylikerz.com](http://www.mylikerz.com)

 **Mylikerz**  
Purchase and sale online



 **OINK**  
**DESIGN**  
Graphic Design Services  
Purchase and sale online  
[www.mylikerz.com](http://www.mylikerz.com)

[www.mylikerz.com](http://www.mylikerz.com)

Sumber: [www.mylikerz.com](http://www.mylikerz.com)

PANGAJARAN  
**7**

**S U R A T**

**121**



Jaman kiwari masih aya kénéh anu sok silihsuratan? Jigana geus carang pisan nya. Tong boroning ti anak ka kolotna atawa ti kolot ka anakna, ti babaturan ka babaturan deui, atawa ti lalaki ka kabogohna, dalah ti organisasi ka anggotana ogé geus carang nu ngondang maké surat. Gara-gara aya sms, BBM, kakaoTalk, line, chat on, instagram, path, facebook, twitter, email, jsb. sarupaning komunikasi digital, pungsi surat pikeun alat komunikasi téh geus ngésér jauh pisan. Ngedalkeun rasa resep ka awéwé atawa ka lalaki, cukup sms atawa BBM waé. Kitu deui mun mutuskeun kabogoh. Tara ieuh maké surat. Ayeuna hidep bakal diajar mikawanoh surat resmi, surat undangan hajat, jeung surat pribadi. Ti mimiti struktur suratna, eusina, kagunaanna, nepi ka bisa nyieunna.

## **A. Maca Surat Dines**

### **ORGANISASI SISWA INTRA SEKOLAH SMP NEGERI BANDUNG Jalan D. Kartawigena Nomer 31 Bandung**

Nomer : 02/OSIS/vii/14 Bandung, 1 Juli 2014

Pangdeudeul : -

Jejer : Uleman Gempungan

Kahatur  
Rénggréngan Pangurus OSIS  
Di Bandung


Kairing hormat,


Hatur uninga, dina raraga mayunan acara Pekan Kréativitas Siswa sasih Séptémber nu bakal dongkap, peryogi dibadantenkeun kagiatan naon waé nu bakal dilaksanakeun. Ku margi kitu, sim kuring ngulem sadérék supados hadir dina gempungan nu badé dilaksanakeun,


dinten : Saptu,  
ping : 6 Juli 2014,

waktos : tabuh 12.00 WIB dugi ka réngsé,  
tempatna di sekretariat OSIS SMPN Bandung.

Kalintang bingahna upami sadérék tiasa sumping dina waktosna. Hatur nuhun kana perhatosanana.

Pupuhu,  
  
Alghifari Raspati

Kairing salam,  
Girang serat,  
  
Alzahra Pramanik

Kauninga ku  
Pembina OSIS SMPN Bandung,  
  
Hj. Nani Rohayati, S.Pd.

## 1. Eusi Surat

Mun nilik kana wangunna, tangu baé ieu surat téh disebutna surat resmi/dines. Disebut resmi téh lantaran nu ngaluarkeunna hiji organisasi, ditujukeun ka anggota organisasi, sarta eusina ngan wungkul urusan dina éta organisasi. Pan eusina ogé pupuhu OSIS ngondang rapat ka anggotana pikeun ngabadamikeun kagiatan anu bakal dilaksanakeun ku organisasina.

## 2. Babagian suratna

Dina nulis surat resmi, dimimitian ku kop surat nu nuduhkeun ngaran dinas atawa organisasi nu ngaluarkeun éta surat. Sanggeus kop surat, lian ti aya titimangsa téh aya ogé nomer kaluarna surat jeung maksud dikaluarkeunna éta surat. Malah mun dibarengan ku berkas séjénna mah biasana ditulis dina pangdeudeul sabaraha lobana berkas anu dibarengkeun jeung surat téa. Sanggeus éta, kakara ditulis tujul surat atawa saha anu dikirim éta surat. Tuluy na mah sarua waé, aya salam bubuka, alinéa

bubuka, eusi surat, panutup surat, salam panutup, sarta ditanda ku anu ngirim. Ngan lantaran sipatna dines téa, anu nandana ogé henteu saurang, lain pupuhu wungkul, tapi dibarengan ku girang serat jeung pangapingna.

Mun digambarkeun mah kieu babagian surat resmi téh:

1. (kop surat)
2. (Nomer surat)
3. (titimangsa surat)
4. (Lampiran)
5. (jejer/téma)
6. (tujul surat/anu dikirim)
7. (salam bubuka)
8. (alinéa bubuka)
9. (eusi surat)
10. (alinéa panutup)
11. (salam panutup)
12. (tanda tangan pupuhu)
13. (tanda tangan girang serat)
13. (tanda tangan kasaluyuan pananggung jawab organisasi/lembaga)

## Latihan

Sangkan leuwih paham kana eusi surat di luhur, pék jawab pananya di handap!

1. Naon anu dimaksud surat téh?
2. Naon kagunaanana?
3. Naha surat di luhur disebut surat dines? Jéntrékeun!
4. Naon anu dimaksud titimangsa?
5. Tuliskeun deui bagian kop surat dina surat di luhur!
6. Tuliskeun deui bagian tujul surat dina surat di luhur!
7. Tuliskeun deui bagian salam bubuka jeung alinéa bubuka dina surat di luhur!
8. Tuliskeun deui bagian eusi dina surat di luhur!
9. Tuliskeun deui bagian panutup jeung salam panutup dina surat di luhur!
10. Naha dina surat dines anu nandatanganna kudu tiluan? Sebutkeun alesanana!

## B. Maca Surat Pribadi

*Bandung, 20 Agustus 2012*

*Kahatur*

*Néndén nu geulis*

*di bumi*

*Salam sono,*

*Ndén, kumaha damang? Mugia Allah nangtayungan Néndén sakulawargi salalamina. Amiin. Alhamdulillah Zahra gé dina waktos ngadamel ieu serat mah nuju séhat walafiat, teu kirang sawios-wios. Mung artos nu kirang waé téh héhéhé.....*

Ndén, asa tos lami nya teu tepang? Meni sonooooooooo pisan ka Néndén téh. Komo basa muka facebook Néndén aya foto-poto nuju ngaliwet sisi balong sareng réréncangan SMA Néndén. Deueueueuh..... resep jigana téh. Emut harita nuju urang ngaliwet téa di bumi Néndén. Heuheu... Si Anggun tigujubar kana balong da grogi aya Si Heri hahaha.....geuning urang saréréa meni ngeunah seuri. Zahra mah meni nyeri kulit beuteung.

Ayeuna mah Néndén tos gaduh réréncangan énggal nya. Tos tara ameng deui sareng grup Pinker? Sakolana malencar atuda nya. Anu sa-SMA sareng Néndén saha wae ti grup Pinker? Saurna Si Anggun sareng Si Cikal ka SMK neraskeun sakolana?

Zahra gé tadina mah pami teu lulus ka SMA badé ka SMK waé. Teu aya niat neraskeun sakola ka Bandung. Eh Si Bibi keukeuh miwarang sakola ka Bandung, da di bumina teu aya sasaha. Hoyong aya réncang saurna, pan Si Bibi mah teu kagungan putra. Tos milik Zahra panginten, kalah ngacleg sorangan ka Bandung. Tapi resep kétéh sakola di Bandung mah seueur pangalaman anyar. Ngan hiji wé, teu kiat ku sono ka Mamah, ka Bapa, ka Si Adé, sareng grup Pinker. Iraha atuh urang ngariung deui?

Pami Zahra kin liburan di Subang, urang ngumpul nya, urang ngaliwet bari meuleum lauk nila deui. Laaah meni tos ngaruy kieu hoyong geura am héhéhé.....

Sakali-kalieun Néndén ameng atuh ka Bandung, urang shopping sasarengan. Di Bandung mah seueur geura mall téh, teu ngan ukur hiji jiga di Subang.

Néndén anu geulis anu bageur anu sagalana.....tos heula nya seratna dugi ka dieu heula. Sanés waktos disambung deui. Salam ka sadayana. Dadaaaaaah.....

Sonona,



Zahra Pinker

## 1. Eusi Surat

Dina conto surat di luhur, éta surat téh ditulis ku Zahra ka babaturanna keur SMP anu ngaran Néndén. Zahra nulis surat téh lantaran kahudang kasonona sabada mukaan facebook-na Néndén nu aya potu Néndén jeung babaturan SMA-na ngaliwet sisi balong. Komo da baheulana Zahra ogé kungsi ngalaman ngaliwet di imahna Néndén.

Najan teu diobrolkeun kabéh, tapi ku urang bisa katéguh yén Zahra jeung Néndén téh keur SMP-na boga grup nu dingaranan Pinker. Grup Pinker anu kasebut ku Zahra dina suratna nyaéta Anggun jeung Cikal. Ari Heri mah jigana kabogoh Anggun nu matak Anggun grogi ogé.

Éta anggota grup Pinker téh sabada lulus SMP, sakolana malencar. Zahra ogé anu teu niat sakola ka Bandung, kalah ngacileng sosoangan. Da cenah bibina palay dibaturan. Tangtu baé Zahra resepeun sakola di Bandung téh, najan sok teu kuat ngarasa sono ka adi jeung indung bapana.

Zahra gé ngajak, mun manéhna liburan di Subang, hayang ngumpul bari ngaliwet deui jeung babaturan grup Pinker-na. Atuh ka Néndén ogé ngajak ulin ka Bandung, ngajak ulin ka mall anu di Bandung mah loba pisan, béda jeung di kota asalna.

Ku sabab eusina urusan pribadi sarta nu ngirimna ogé ti hiji pribadi ka pribadi séjénna, ieu surat téh disebutna surat pribadi.

## 2. Babagian Surat Pribadi

Dina prak-prakan nulis surat kudu luyu jeung babagéan surat pribadi:

- a. Titimangsa, nyaéta tempat, tanggal, bulan, jeung taun dijieunna éta surat.
- b. Alamat/tujuan surat, nyaéta saha nu jadi tujuan éta surat.
- c. Salam bubuka
- d. Eusi surat, nu ngawengku :
  - a. Bubuka (alinéa bubuka)
  - b. Eusi (maksud atawa tujuan éta surat)
  - c. Panutup (alinéa panutup)
- e. Salam panutup
- f. Tanda tangan nu ngirim/nu nulis surat
- g. Ngaran anu ngirim surat

Mun digambarkeun saperti kieu:

(1) titimangsa

(2) tujuan surat

(3) salam bubuka

(4) a. alinéa bubuka

b. eusi/maksud surat

c. alinéa panutup

(5)salam panutup

(6)tanda tangan

(7) ngaran anu ngirim surat

### Latihan:

1. Naon anu dimaksud surat pribadi téh?
2. Naon kagunaanana?
3. Ti saha jeung keur saha surat pribadi di luhur téh?
4. Naha wangun surat pribadi béda jeung surat dines?
5. Tuliskeun deui titimangsa surat dina surat di luhur!
6. Tuliskeun deui bagian tujul surat dina surat di luhur!
7. Tuliskeun deui bagian salam bubuka jeung alinéa bubuka dina surat di luhur!
8. Tuliskeun deui bagian eusi dina surat di luhur!
9. Tuliskeun deui bagian panutup jeung salam panutup dina surat di luhur!
10. Basa nu kumaha anu merenah dipaké dina surat pribadi? Naha basa lemes, basa loma, atawa basa kasar?





## Maca Surat Ondangan Hajat

*Subang, 01 Séptémber 2014*

*Bismillahirrohmanirrohiim*

*Assalamu'alaikum warohmatullahi wabarokaatuh  
Manawí aya widi ti Gusti Nu Maha Suci, Sim Kuring  
sakulawargi seja Sukuran  
Nikahkeun pun anak :*

*Dudu Dwarira Sumantri, S. Rd*

*Ka*

*Néndén Déwi Pramanik, S. Rd*

*Dupi tempat sareng waktosna dina :  
 dinten : Senén*

*kaping : 15 Séptémber 2014*

*waktos : Tabuh 11.00 dugi ka 17.00*

*tempatna: Gedung Graha Shopia*

*Jl. Otista no. 29 Subang*

*Ngaraos bingah nu taya papadana saupami Bapa, Ibu,  
miwah sadérék sadaya tiasa sumping rurumpaheun dina  
waktosna, ngadeudeul du'a ka pun anak nu badé ngambah  
sagara rumah tangga.*

*Kana kaweningan galih salira, langkung ti payun timpah  
hatur réwu nuhun.*

*Wassalamu'alaikum warohmatullahi wabarokaatuh.*

*Kulawarga*

*Jayadi, SH*

*Kulawarga*

*Drs. Suryadinata*

## 1. Ngeunaan Surat Ondangan

Tangtu baé surat nu ieu mah disebutna surat ondangan hajat. Kabaca dina maksud anu ditulis dina éta surat. Kulawarga Bapa Jayadi, SH. sareng Bapa Drs. Suryadinata bébésan nikahkeun putra-putrina. Najan ditujukeunna ka lobaan, tapi da kaasup kénéh kana surat pribadi, lantaran eusina ngandung maksud pribadi nu ngirim surat.

### a. Babagian Surat Ondangan

Dina surat ondangan di luhur, dimimitian ku titimangsa (Subang, 01 Séptémber 2014), tuluy salam bubuka, maksud atawa eusi surat, waktu jeung tempat anu kudu didatangan ku anu diondang, panutup surat, salam panutup, jeung idéntitas anu ngirim suratna. Lantaran ieu mah surat anu ditujukeun ka umum, basana ogé ringkes tur padet, najan rada diréka ku basa anu maké mamanis sangkan genah dibacana. Biasana sok ditambahan ku pamangku hajat jeung gupay panghiap (turut mengundang). Kitu deui waktu akad jeung hiburan sok ditétélakeun, ngan biasana dina lambaran séjénna.

### b. Mun digambarkeun kieu babagian surat ondangan hajat téh:

1. (titimangsa)
2. Salam bubuka
3. Bubuka surat panganteur kana maksud
4. Maksud/eusi surat
5. Panutup surat nganuhunkeun ti saméméhna
6. salam panutup
7. Ngaran kulawarga nu ngondang. Mun nikahkeun ditulis ngaran nu hajat jeung ngaran pibésaneun (kolot lalaki jeung kolot awéwé)

### Latihan:

1. Naha surat ondangan hajat kaasup surat pribadi atawa surat dines? Sebutkeun alesanana!
2. Naon kagunaanna surat ondangan hajat?
3. Ti saha jeung keur saha surat ondangan di luhur téh?
4. Naha wangun surat ondangan hajat béda jeung surat pribadi?

5. Tuliskeun deui bagian salam bubuka jeung alinéa bubuka dina surat di luhur!
6. Tuliskeun deui bagian eusi dina surat di luhur!
7. Tuliskeun deui bagian panutup jeung salam panutup dina surat di luhur!
8. Basa nu kumaha anu merenah dipaké dina surat ondangan hajat? Naha basa lemes, basa loma, atawa basa kasar?
9. Hidep tangtu mindeng maca surat ondangan hajat. Cik pék sebutan naon waé anu kuduna aya dina surat ondangan hajat, tapi dina conto di luhur teu kapanggih?

#### **D. Medar Surat**

Dina tilu conto surat di luhur, pasti anu remen kapanggih ku hidep mah ngan dua, nyaéta surat resmi/dines jeung surat ondangan hajat. Ari sababna, kapan anu dua éta mah masih kénéh dipaké dina komunikasi sapopoé. Surat dina, tetep dipaké lantaran keur kaperluan administrasi organisasi atawa lembaga. Sok sanajan, dina émprona mah sok diganda ku sms atawa ondangan ngalimatan *éléktronik mail (email)*. Kitu deui surat ondangan hajat, masih dipaké pikeun ngondang dulur, baraya, atawa babaturan sangkan datang dina waktuna hajat. Lamun ondangan hajat ngaliwatan sms, karasana teu daria ngondangna.

Ngan surat pribadi anu geus tara pati dipaké téh, najan bisa jadi masih aya kénéh nu resep silihsuratan dina keretas. Pungsi surat pribadi pikeun silihtanya kaayaan atawa nyaritakeun eusining haté nu nulis, geus ngésér ku ceuyahna surat digital modél email jeung sms/bbm. Malah pikeun kapentingan praktis, punksi surat pribadi jaman kiwari mah geus diganti ku sms/bbm waé, langka nu ngaliwatan email. Sabenerna lebar pisan kabiasaan nulis surat pribadi diganti ku sms/bbm téh, lantaran rohang tulisan dina sms ngawatesanan pikeun mekarkeun kaparigelan nulis. Geura titénan sababaraha conto surat pribadi jeung resmi anu ditulis dina sms jeung email:

##### **1. Conto sms ondangan**

- a. Uleman “Harmoni Kawih Bandung” Pidangan 20 Lagu karya Kang Ubun R. Kubarsah. Dihaleuangkeun ku Rita Tila, Rosyanti, Nénéng Dinar, Ujang Bejo, Dian Héndrayana, Tedi S. Diar, Daséntra grup.

Jumat 8 Nov 2013. Pukul 20.00 – 22.00 WIB. Di Padépokan Seni Mayang Sunda Jln. PETA No. 209, Bdg. Acara terbuka untuk umum gratis. (PS. Mayang Sunda. Disbudpar Kota Bdg.)

- b. Uleman Deui; Bedah buku Antologi Sajak “Katumbiri” Ku Acep Iwan Saidi + Hawe Setiawan, di Padépokan Seni Mayang Sunda Jln Peta no 209, dinten Rebo 16 Oktober 2013 tbh 9.30. Mugi tiasa sumping nyandak balad. Punten béwarakeun deui ka nu sanés.
- c. Ass. Dulur2 dihaturan ngiring Temu Sastrawan Jabar ping 27- 29 Méi di Hotél Panorama Lembang nu diayakeun ku Disparbud Jabar. Serat ulemanna aya di sim kuring. Kumargi bd medalkeun buku nu ngamuat karya peserta, panuhun ka sdyn ti ayeuna ngintunkeun 2 karya ka email sim kuring.

## 2. Conto sms pribadi

- a. Damang ceu? Ka mana waé, mani plengles teu aya wartosna. Éh tgl 20 kuring rék ka Bdg. Urang amprok di alun2 yu, kuring rék ngajak dahar, kabeneran keur boga milik. Kadé poho nya. Ok?
- b. Rina keur naon? Hiks-hiks....hayang ceurik jejeritan. Keuheul ka si mamah, isuk2 geus ngawékwék waé. Aya waé anu dicawadna téh. Kitu salah kieu salah. Kudu kumaha nya ari kuring?
- c. Héy rék malmingan di mana? Urang lalajo band yu di alun2. Tibatan nganjentul teu puguh. Teu mayar ieuh. Mun arék ké disampeur. Bls.

Dina conto di luhur kaciri ondangan atawa surat pribadi dina sms mah pondok, najan informasina mah lengkep. Boh jejer, waktu, tempat, nepi ka anu ngondangna aya. Ngan ku sabab diwatesanan ku jumlah karakter (hurup), loba tulisan anu disingget. Upamana: Bandung jadi Bdg., dulur-dulur jadi dulur2, badé jadi bd., tanggal jadi tgl., jsb.

## Latihan

Sangkan leuwih paham kana conto surat ngaliwatan sms, pék jawab pananya di handap!

1. Sebutkeun jejer surat dina sms ondangan resmi di luhur!
  - a. \_\_\_\_\_
  - b. \_\_\_\_\_
  - c. \_\_\_\_\_

2. Sebutkeun jejer sms pribadi di luhur!
- a. \_\_\_\_\_
- b. \_\_\_\_\_
- c. \_\_\_\_\_
3. Tina conto sms undangan resmi “Harmoni Kawih Bandung”, jieun jadi surat undangan resmi. Méh babari, pék anggeuskeun surat di handap!

**DINAS KABUDAYAAN JEUNG PARIWISATA KOTA BANDUNG  
PADEPOKAN SENI MAYANG SUNDA  
Jln. Peta No. 209 Bandung**

Nomer : \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

4. Tina conto sms pribadi anu ditujukeun ka Rina, pék jieun jadi surat pribadi ti hidep. Eusi pokona mah geus aya dina sms téa, kadé bagian séjénna kudu aya lengkep. Méh babari, anggeuskeun surat di handap!

Bandung, 21 Désémber 2013

Kahatur: Rina sobat sajati  
di bumi

Salam kangen,  
Rin, kumaha damang? Nuju naon ayeuna? Pasti nuju maca serat ti abdi nya héhé...  
Eh Rin, \_\_\_\_\_

## **E. Pancén**

1. Titénan conto surat pribadi di handap!

*Subang, 10 Agustus 2012*

*Kahatur: Sílvia Déwi*

*Dí bumi*

*Salam sono ti katebihan,*

*Via, kumaha damang? Ka mana waé, mani lami teu aya wartos nanaon. Mugimugi waé Via sareng kulawarga aya dina panangtayungan Allah SWT. salalamina. Aamiin ya Robbal alamin.*

*Via sono teu ka Adit? Ku naon geuning meni pleng les teu aya wartosna. Adit nyobian nga-sms, teu kakintun waé. Di miscall, hapé Via teu aktip. Nyobian muka facebook, geuning Adit di-remove ku Via. Ku Adit di-inbox, teu aya waé waleran. Aya naon Via? Gaduh dosa naon Adit ka Via, dugi ka jiga nu alim silaturahmi deui?*

*Ehm Via, Adit téh meni sedih sakalangkung. Tangtos Via gentos nomer, numawi teu aktip ogé nomer nu kamari nya. Bilih Adit gaduh kalepatan anungaja heutkeun manah Via, numawi isin-isin ogé Adit lahlahan ngintun ieu serat. Supados Via terang kumaha kaayaan Adit saparantosna teu aya kontak sareng Via, atuh Adit ogé tiasa terang naon saleresna kalepatan Adit ka Via, dugi ka Via téga ka Adit.*

*Upami téa mah leres Adit aya kalepatan, mangga Via nyarios waé. Sagala rupi masalah tiasa diréngsékeun upami aya komunikasi ti dua pihak mah. Ulah asa-asa Vi, badé raos badé teu raos, Adit tos siap nampi. Tibatan dipangnyingkeun jiga kieu, Adit mah mending langsung diseueulan waé. Hadé ku omong goréng ku omong. Upami leres aya kalepatan, Adit tiasa langsung neda sihapunten ka Via. Upami éta kalepatan mung panyangki Via wungkul, panginten Adit tiasa ngajéntrékeun anu saleresna. Rupina bakal raos, boh ka Via boh ka Adit. Ku kituna, panuhun Via kersa ngawaler ieu serat. Wios mung ukur sakecap ceuk paripaosna, Adit tangtos ngaraos bingah anu taya papadana. Mugi Via luntur galih, kersa ngaluangkeun waktos ngawaler serat ti Adit. Bilih Via teu aya waktos nyerat, mangga waler ngalangkungan sms waé. Nomer Adit teu acan gentos.*

*Via anu bageur,*

*Rupina mung sakieu waé serat ti Adit. Hapunten bilih aya basa anu teu karéka atanapi kecap nu lepat dina larapna. Hapunten anu kasuhun. Diantos waleranana. Hatur nuhun sateuacanna. Mangga Vi.....*

*Nu nganti waleran,*

*Aditya Pratama*

Sangkan leuwih paham kana eusi surat di luhur, pigawé kagiatan di handap!

- a. Baca surat tadi sing gemet. Catetkeun hal-hal anu penting anu kapanggih dina éta surat!
  - b. Wincik surat di luhur, dumasar kana babagianna. Sebutkeun ti mimiti titimangsa, tujuan surat, salam bubuka, eusi, salam panutup, nepi ka anu ngirimna!
  - c. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti, tuluy téangan hartina dina kamus!
  - d. Dina surat di luhur aya kecap anu diréka jeung babasan. Cik pék sebutkeun kecap naon waé. Cutat tina kalimahna!
  - e. Caritakeun deui eusi suratna maké basa sorangan! Dumasar kana eusi surat, sebutkeun saha ari Adit, kumaha karakterna, saha ari Via, kumaha karakter Via, kumaha perasaan Adit ka Via, naon sabenerna kahayang Adit ka Via, kira-kira Adit téh naonna Via, jeung réa-réa deui.
2. Bandingkeun surat pribadi, ondangan hajat, jeung surat dines di luhur. Tuliskeun naon bédana jeung naon baé sasaruanna, pangpangna tina:
    1. Wangunna
    2. Témana
    3. Eusi suratna!

Sangkan katiténna leuwih jelas, babandinganana tuliskeun dina tabél di handap. Ulah poho tabélna disalin heula kana buku tulis!



Surat	wangunna	témana	eusina
Resmi			
Pribadi			
Ondangan hajat			

3. Jieun conto surat resmi/dines ngaliwatan sms!
4. Jieun conto surat pribadi ngaliwatan sms!
5. Jieun surat pribadi ka babaturan nu eusina pilih salahsahiji:
  - a. Ngajak ulin ka Gunung Tangkuban parahu
  - b. Ngajak latihan putsal di sakola
  - c. Ngajak ulin ka kebon binatang Bandung
  - d. Ngabéjaan aya babaturan sakola baheula anu keur gering ripuh
  - e. Ngabéjaan rék pindah sakola nuturkeun bapana nu pindah tugas ka kota séjén
  - f. Ngabéjaan ninina gering nepi ka anu tadina jangji rék ngéndong téh teu tulus.
6. Jieun surat surat undangan anu eusina pilih salahsahiji:
  - a. Ondangan acara tepung taun
  - b. Ondangan acara sukuran rék naék haji
  - c. Ondangan hajat nyunatan

7. Jieun surat resmi/dines anu eusina pilih salah-sahiji:
- a. Ondangan ti organisasi Pramuka ka anggotana
  - b. Ondangan ti organisasi PMR ka anggotana
  - c. Ondangan ti organisasi IRMA ka anggotana
  - d. Ondangan ti ogranisasi Karang Taruna ka pangurusna
  - e. Ondangan ti pupuhu panitia paturay tineung ka panitiana



# CARITA PONDOK

**N**garanna ogé carita pondok, tangtu caritana ogé parondok. Mun dibaca téa mah pasti sakali anggeus. Matak ulah wegah méméh der maca, da pondok ieu. Geura resep pisan macaan carita pondok téh. Loba pulunganeunana. Komo lamun eusi caritana sarua jeung nu kaalaman ku urang, deuh sok resep bari jeung sok seuseurian sorangan. Sakapeung sok asa kasindiran. Hal kitu téh teu anéh, da carita pondok mah eusina ogé sok ngagambarkeun kahirupan sapopoé. Dina pangajaran ieu hidep bakal diwanohkeun kana wangun carita pondok sarta mikaweruh nu disebut téma, palaku, latar waktu jeung tempat, galur, jeung amanat dina carita. Geura yu, urang macaan carita pondok!



## **A. MACA CARITA PONDOK**

**Baca sing bedas. Kadé lentongna kudu alus!**

### **Duh Indung**

**Carpon Tetti Hodijah**

Geus saminggu dipaparin pancén ku Ibu Guru di sakola. Nepi ka ayeuna can sakotrét-kotrét acan. Mangkaning kudu dibawa poé isuk, bari kudu dibaca di hareup saurang-saurang. Basa keur kelas hiji kénéh mah asa teu beurat-beurat teuing pancén ngarang téh. Paling dititah nyaritakeun pangalaman poé pakanci. Gampang nu kitu mah.

“Barudak, dina raraga miéling dibabarkeunna pahlawan wanoja Rd. Déwi Sartika, ogé dina raraga miéling Hari Ibu, hidep kudu nyieun karangan nu patali jeung kaum wanoja!” saur Bu Guru.

“Bu, ari wanoja téh naon?” Si Ipon ngacung.

“Wanoja téh awéwé,” waler Bu Guru.

Sabenerna mah kuring gé sarua teu nyaho. Hadéna wé Si Ipon miheulaan ngacung, bubuhan manéhna mah pangpinterna di kelas, katurug-turug kolotna jeneng tur beunghar. Puguh wé pédé pisan. Ari kuring, kajeun réa kapanasaran gé tara ieu réa tatanya, inggis pada nyeungseurikeun, ma’lum uteuk ajar pasar, jajauheun kana nyongcolang.

Boga kolot kari sabeulah, kitu ogé ukur tukang buburuh nyeuseuh di imah batur, kalan-kalan sok aya nu ménta dipeuseul. Apan nelahna gé Ema téh tukang pijet. Enya, apan saprak ditinggalkeun ku Bapa mah Ema téh sasat dudulungsruk, nyiar kipayah sorangan keur ngabayuan kuring sadulur-dulur. Baréto onaman, najan ukur bisa hirup basajan, aya Bapa nu néangan pangupa jiwa. Ema mah asal boga tanaga keur nunungtun Bapa mun pareng indit-inditan jauh, balikna tangtu beubeunangan. Enya, pan Bapa kuring mah tuna nétra, pacabakanana jadi tukang pijet.

Karérét Ema saged dangdan, moal salah aya nu manggil, ménta dipijet.

“Odéd, dibandingan téh ti kamari ngan huleng jentul waé. Geura ngala cai anggur mah. Tuh, meungpeung lowong,” Ema ngasongkeun émbér bari nunjuk kana lebah keran nu pernahna di buruan bumi Pa RW.

Najan awak asa lungsé, teu burung émbér ditampanan. Leumpang bari ngajingjing émbér muru buruan Pa RW. Gen émbér handapeun keran, cai ngagolontor hérang naker. Leuh, mun seug di imah sorangan réa cai bari hérang kawas kieu, meureun moal capé ngakutan. Leuheung basa ayeuna, soré, teu dirurusuh. Ari isuk-isuk mah waktu téh sok asa samporét pisan, bubuhan rék indit ka sakola.

“Deuleu étah, cai seret mudal kitu, Oded?” Ma Acih nyampeurkeun, leungeun kénca katuhuna ranggém ku émbér.

“Hah...!” awak ngarénjag, leungeun rikat nutup keran.

“Tong dihambur-hambur cai téh, lebar. Mangkaning geus mimiti halodo,” Ma Acih gegelendeng.

Embér satengah dijéwang, rege-yeng dijinjing. Leumpang ngici-prit, ambéh téréh nepi. Barang sup ka kamar mandi, gulujur cai dicicikeun. Euleuh, meni celong kieu? Palangsiang, moal mahi saémbér dua émbér keur minuhanana. Mangkaning nu ngala cai geus mimiti rajol. Baréto mah basa mimiti pindah ka dieu, dipipir aya sumur timba. Asal daék nimba, cai ngocor ka kamar mandi ngaliwatan talang tina awi. Ngan sanggeus di sakuriling imah jlug-jleg imah sigrong tur tohaga, sumur jadi saat. Hadéna aya Pa RW nu bageur, kersa maparin cai ka sing saha nu di imahna teu barogaeun cai kawas kulawarga kuring. Réréana mah

nu sok ngala cai ti Pa RW téh masarakat leutik nu ti baréto dumuk di wewengkon ieu. Da jalma anyar mah imahna alagréng, duka urang mana, cék béja mah para inohong ti kota ngadon ngadaramel bumi di dieu. Ari urang dieu butuh cai téh cukup ku ngali sumur opat atawa lima méter, sedengkeun nu baleunghar mah maraké jétpam nu jerona puluhan méter. Hadéna Pa RW mah najan urang dieu asli ogé kabedag masang jétpam, bubuhan anjeunna mah usaha kana matrial. Ampir kabéh nu ngabangun di lelewék ieu mah mareuli matrial ti Pa RW.

“Odéd, ieu kosong,” Si Atun ngagorowok ti lebah keran Pa RW. Tayohna kacirieun kuring ti tadi nangtung hareupeun imah bari nyenyekel émbér kosong.

“Nuhun, Tun,” pok téh bari tereleng lumpat muru keran, tuluy dipurilitkeun, cai ngagolontor minuhan émbér. Teu kungsi lima balikan, bak pinuh. Sabot ngareureuh mépéskeun késang, leungeun ngarongkong buku jeung pulpén, tuluy ngalangeu dina teras, susuganan manggih ilham. Ras ka Si Ipon, kamari seret ka cuh nyaritakeun eusi karanganana.

“Ipon mah nyaritakeun Si Tetéh nu jadi Pramugari,” pokna. “Saban poé ngangkleung dina kapal udara, kalan-kalan pelesir ka mancanagara. Malah Ipon sakulawarga kungsi dibawa ka Thailand, ka Brunei, jeung ka Singapura,” cenah.

Si Nisa siga nu embung éléh, nyaritakeun Bibina nu jadi Camat. “Bibi Nisa mah mun pidato téh meni capetang jeung perténtang,” cenah. Nyarita kituna téh bari luway- liwey gumeulis.

Lah, barudak awéwé mah sok resep pamér. Tapi kituna téh da puguh aya pamérkeuneunana. Ari uing kudu nyaritakeun saha atuh? Mun nyaritakeun Si Ema, moal pada nyeungseurikun, kitu?

Méméh trét nulis, nyelang narik napas, panon dipeureumkeun. Barang nyah panon dibeunteun pulpén ngigel luhureun keretas.

### Indung Kuring

*Indung kuring geus lila hirup rarandaan, ngabayuan kulawarga ngandelkeun pangasilan tina buburuh nyeuseuh jeung ngistrika. Basa Bapa maot, Kang Iwan kelas tilu SMP, Ceu Wiwin kelas 1 SMP, Kang Jaka kelas 5 SD, ari kuring karék umur 3 taun.*



*Ayeuna, Kang Iwan geus jadi Sarjana, sok nyieunan komik bacaeun barudak dibantuan ku Kang Jaka nu karek kuliah tingkat hiji. Ceu Wiwin mah lulusan SMK jurusan Tata Boga, ayeuna sok nyieunan kuéh-kuéh jajanan barudak, dititipkeun di warung sakola, bari ngeureuyeuh kuliah, geus tingkat dua. Pancén kuring mah mawa kuéh bari indit ka sakola, tuluy disimpen di warung, Néang sésa jeung ladangna mah sok langsung ku Ceu Wiwin.*

*Najan Kang Iwan jeung Ceu Wiwin geus bisa mantuan nyiar kipayah, Ema mah teu eureun buburuh keur nutupan kabutuhan kulawarga, bubuhan pangasilan Akang jeung Euceu mah teu bisa diandelkeun. Komo mun di kampusna keur usum ujian, Ceu Wiwin sok eureun dagang kuéh. Aya tilu kulawarga nu maneuh sok muruhkeun nyeuseuh jeung ngistrika ka Ema téh. Jadi jero sapoé téh Ema ngider ka tilu imah. Indit isuk-isuk mun geus bérés pagawéan di imah, balikna pasosoré, kira-kira ba'da Asar. Sakalieun poé Ahad mah Ema sok peré buburuh, sabab sok ngahadiran acara pangaosan di masigit.*

*Hiji waktu basa kasémahan ku Ua Emi, lanceuk Ema ti lembur, kuring ngintip obrolanana. Ua nyaurkeun héran duméh Ema bisa ngabayuan rumah tangga bari nyakolakeun budak opat ku sorangan. Sihoréng téh ku dunungan nu tiluan Ema dibéré kabébasan nyetél radio, jadi bari digawé téh Ema bisa ngupingkeun radio. Aya radio kameumeut nu acarana euyeub ku naséhat. Nya naséhat éta pisan nu méré kakuatan ka Ema téh, cenah. Tah kitu carita ngeunaan Indung kuring.*

*Réngsé nulis, deui-deui narik napas. Karangan dibaca teu sirikna sababaraha balikan. Cék rarasaan mah asa alus, tapi naha eusina moal matak éra? Mun kudu ngarang deui, asa teu sanggup, jeung teu boga deui picaritaeun.*

*Ah, kajeun teuing rék pada nyeungseurikeun ogé, batan kudu nyieun deui karangan séjén mah, hésé.*

*Najan geus maké baju saragem, asa horéam rék indit sakola téh, teu sanggup nahan wiwirang mun karangan pada nyeungseurikeun.*

*“Angger ari geus ngaheruk waé téh manéh mah Odéd. Geura indit anggur mah, bisi kabeurangan,” Ema ngagorowok ti lawang dapur, basa mireungeuh kuring keur ngadeluk dina téras.*

*Awak nguniang, leumpang semu teunangan. Barang nepi ka buruan sakola, batur meni cuih nyaritakeun eusi karangan. Kuring mah sup wé ka rohangan. Gék diuk, tuluy narik napas. Basa bél disada, babaturan arasup ka kelas. Teu karuhan keteg jajantung ngadadak ngerepan. Komo basa ningal Bu Guru nyepeng buku pangajaran Basa Sunda, beungeut asa ngahéab.*

*“Cung nu karanganana geus réngsé?” saur Bu guru.*

*Babaturan ampir kabéh ngacungkeun leungeun, ari leungeun kuring bet agag-agagan, asa-asa rék ngacung téh.*

*“Odéd?” Bu Guru mencrong rada kerung.*

*“Pap..., par...parantos Bu,” pok téh bari ngaluarkeun keretas tina jero tas.*

*“Cingan....,” Bu Guru ngadeukeutan. “Tuh geuning? Sok baca ka hareup,” saurna.*

*Najan karasa ngeleper, awak nguniang, ngoloyong leumpang.*

*“Lahaola,” cék haté.*

*Teu sakara-kara, geus nangtung di hareup mah jadi teteg, karangan dibaca norolang ti mimiti nepi ka anggeus.*

*Bu Guru gumujeng bari ngacungkeun jempol. Babaturan kaleprok. Méméh ngaloyong balik deui kana tempat diuk, nyelang narik napas.*

*Plong.....!*

## **B. Medar Carita Pondok**

### **1. Eusi Carita**

Sangkan leuwih gampang paham kana eusi carita pondok, urang bisa nyieun sababaraha pananya anu patali jeung eusi, sarta tuluy pilih salasahiji jawabanana!

#### **a. Naon sababna Si Odéd huleng jentul waé?**

- 1) Lantaran ngarasa éra pédah boga indung tukang buburuh nyeuseuh.
- 2) Lantaran kabita ku caritaan Ipon babaturan sakolana ngeunaan kahirupanna nu singsarwa ngeunah.



- 3) Lantaran capé ngakutan cai kana émbér unggal poé
- 4) Lantaran bingung ku guru basa Sundana dititah nyieun karangan nu patali jeung wanoja.

**b. Saha anu jadi palaku utama dina éta carita pondok?**

- 1) Emana Odéd
- 2) Odéd
- 3) Ipon
- 4) Nisa

**c. Kumawa ari watek Odéd?**

- 1) Loba kaéra lantaran rumasa jadi jalma teu boga tapi boga sumanget anu gedé
- 2) Loba kaéra lantaran rumasa jadi jalma teu boga sarta teu daék gaul jeung batur
- 3) Loba kaéra lantaran rumasa jadi jalma teu boga sarta babarian ambek
- 4) Loba kaéra lantaran rumasa jadi jalma teu boga sarta sok sirik kana milik batur

**d. Di mana waé éta carita lumangsungna?**

- 1) Di sakola
- 2) Di imahna
- 3) Di deukeut imah Pa RW
- 4) Kabéh jawaban di luhur bener

**e. Naon anu jadi téma éta carita pondok?**

- 1) Ulah sok ngadéngé omongan batur
- 2) Ulah agul pédah jadi anak nu beunghar
- 3) Ulah éra ku kaayaan sorangan, nganggap sorangan taya harega
- 4). Ulah sok ngéra-ngéra kolot sorangan

Mun urang geus bisa ngajawab patalékan di luhur, tangtu bakal bisa paham kana eusi carita pondok sagemblengna, nyaéta:

1. Galur éta carita pondok téh nyaritakeun Si Odéd anu ngarasa bingung lantaran ku guru basa Sunda-na titah nyieun karangan anu aya patalina jeung wanoja, dina raraga miéling dibabarkeunna Rd. Déwi Sartika ogé Hari Ibu. Salila dua minggu manéhna ngan huleng jentul, lantaran bingung kudu nyaritakeun saha. Mun nyaritakeun wanoja anu deukeut jeung kahirupanana (indungna), ngarasa éra lantaran indungna ukur tukang ngurut jeung buburuh nyeuseuh sarta ngistrika di tatanggana. Lantaran teu manggih waé bahan caritakeuneun, antukna Odéd lahlahan nyaritakeun kaayaan indungna waé. Ku Odéd dicaritakeun satarabasna indungna anu geus randa sarta gawé tisuusut tidungdung nepi ka bisa nyakolakeun opat anakna, malah aya nu nepi ka jadi sarjana sagala. Mimitina mah Odéd ngarasa éra, sieun karanganna pada nyengseurikeun lantaran kahirupan indungna téh pikaéraeun. Tapi geuning sanggeus dibacakeun mah padamuji ku saréréa.
2. Palaku anu kasebut dina carita pondok tadi téh Odéd, indungna, Ipon, Nisa, Téh Wiwin, Kang Iwan, Kang Jaka, Bu Guru, Ma Acih, Si Atun, jeung Pa RW. Tapi carita museur ka Si Odéd, nu séjén mah ukur kacatur saliwat, malah aya nu ngan kasebut wungkul. Ku kituna bisa dicindekkeun, anu jadi palaku utama dina éta carita téh Si Odéd.
3. Watek palaku bisa kagambar dina kalakuan jeung omonganana. Upamana watek Si Odéd éraan tapi teu babari putus pangaharepan. Si Ipon jeung Nisa, resep ngagul-ngagul kaayaan, emana Odéd pinuh sumanget, Teh Wiwin, Kang Iwan, jeung Kang Jaka watekna motékar, Atun jeung Pa RW watekna bageur.

4. Latar/setting/ tempat kajadian éta carita di sakola, di imahna Si Odéd, jeung di tempat ngala cai.
5. Anu jadi téma karanganna nyaéta ulah sok éra ku kaayaan sorangan, nganggap sorangan taya harega.
6. Amanat anu aya dina éta carpon nyaéta ulah sok ngalelewang kaayaan anu tacan kasorang, kudu percaya kana kamampuh sorangan.

## 2. Gaya Basa keur Ngawangun Suasana

### a. Dina carita pondok di luhur aya kalimah kieu:

*“Barang nyah panon dibeuntakeun, pulpén ngigel luhureun keretas”*

Dina kalimah di luhur, pulpén téh saolah-olah mahluk hirup anu bisa ngigel (ngibing/jogéd). Sok padahal pan pulpén mah ukur barang paéh anu pamohalan bisa ngigel. Maksud ngigel di dinya mah pulpén téh gerak dipaké nulis dina keretas. Tangtu baé digerakkeun ku Odéd, nu nulisna. Disebut ngigel sotéh lantaran pangarang hayang nuduhkeun suasana basa keur nyieun karangan téh Odéd jiga anu teu sadar kana naon anu keur ditulisna. Tah gaya basa anu ngupamakeun barang paéh jiga hirup téh disebutna gaya basa mijalma.

### b. Lian ti éta aya deui kalimah:

*“Awak nguniang, leumpang semu teunangan.”*

Kecap nguniang jeung teunangan nuduhkeun suasana haté Odéd nu taya sumanget sama sakali. Hudang nguniang, biasana antaré rada harésé rék cengkat téh. Kitu deui leumpang teunangan ngalénghoy semu taya tanaga. Gerak awak anu kitu téh tangtu baé kapangaruhan ku suasana haté nu sagala horéam loba kahariwang.



## Runtah Kénging Rahmaida

Geus sababaraha poé di imah téh *huluwar-hiliwir* waé bau bangké. *Ulak-ilik* kana handapeun bupét, bisi aya bugang beurit, teu aya nanaon. *Kurah-koréh* di buruan nu héjo ku kekembangan bisi aya oray atawa bangkong paéh, angger euweuh.

“Naha naon nya Mah, nu matak bau téh?” ceuk kuring ka Mamah nu keur anteng *kaprak-keprek* di dapur.

“Duka atuh, Mamah gé héran,” waler Mamah. “Ngan ku Mamah diperhatikeun, nu bau téh jolna ti garasi,” saur Mamah deui.

“Ti garasi Mah?” kuring héran.

“Enya, jung geura pariksa ku Tatan,” waler Mamah.

Koréléng ka garasi. *Ulak-ilik* ka ditu ka dieu. Irung *diungsa-angseu* bisi enya anu nimbulkeun bau téh jolna ti garasi.

“Ah teu bau nanaon geuning,” haté ngagerentes sanggeus teu manggihan nanaon anu matak nyurigakeun.

Basa rék ngoloyong ka jero imah, di luar pager témbong aya mobil eureun. Bapa nembé mulih ti kantor. *Gura-giru* kuring mukakeun pager. Geleser mobil asup ka garasi.

Sabot kitu, pelenghir bau bangké téh kaangseu deui. Nepi ka asa murel rék utah. Kapaksa kuring nungkupan irung.

“Ku naon Tan, nungkupan irung?” Bapa naros.

“Bau, Pa,” walon kuring ngirung.

“Eh, éh...nya, enya geuning di dieu nu bau téh,” saur Bapa deui bari nungkupan pangambungna. Koloyong ka jero imah. Kuring ngiclik nuturkeun tukangeunana.

Leng kuring mikir. *Kari-kari* bapa datang, bau bangké téh mani jelas kaangseu. Sanajan ceuk Mamah tadi nu bau téh di garasi, tapi can jol Bapa mah da teu *bau-bau* teuing.

“Pa!” ceuk kuring satengah nyorowok bari lumpat ka jero imah.

“Aya naon Tan, nyarita téh *tarik-tarik* teuing. Sok ngareureuwas baé,” Mamah nu ngajawab téh.

“Mah, Tatan terang ayeuna mah anu janten sumber bau téh,” ceuk kuring.

“Naon?” Mamah naros.

“Mobil Bapa.”

“Har...naha mobil Bapa?” Bapa ngerungkeun halisna.

“Pa, Bapa téh apan saban dinten ngalangkung ka Pasar Antay. Di dinya apan seueur runtah. Tah, anu matak bau téh ban mobil anu tos ngagéléng runtah di Pasar Antay téa,” ceuk kuring yakin.

Mamah jeung Bapa katémbong silihrérét. Koloyong Bapa ka luar. Kuring jeung Mamah nuturkeun tukangeunana.

“Enya, pamanggih Tatan téh sigana bener,” saur Bapa sanggeus aya gigireun mobil. “Runtah téh geus bahé ka jalan tuda,” Bapa siga nu gegelendeng.

“Pa, kaluarkeun deui atuh mobilna. Kumbah heula di ditu, di luar. Sok Tan, siapkeun selangna!” Mamah nyarios.

Sabot Bapa ngaluarkeun mobil ti garasi, bari nyiapkeun selang téh pikiran mah kumalayang ka sababaraha tempat di ieu kota anu ayeuna geus jadi tempat pamiceunan runtah. Upamana waé Pasar Antay, Pasar Tonggoh, jeung Cikuda, apan éta mah tempat umum anu sakuduna mah bararesih. Ku lantaran dipaké pamiceunan runtah, atuh jadi barau jeung réa laleur.

“Sok Tan, geura kocorkeun caina!” Bapa miwarang.

“Banna wungkul wé nya nu dikumbahna, da ka luhurna mah beresih kénéh,” ceuk kuring bari nyebrotkeun cai kana ban tukang. Bapa ngawaler ku unggeuk.

Sanggeus bérés ngumbah mobil, kuring nyarita ka Bapa, “Pa, énjing mah ulah ngalangkung ka Pasar Antay atuh, ambéh teu bau deui bangké di garasi.”

“Enya, ti mimiti isuk mah rék ka jalan Otista wé, kajeun rada nguriling,” waler Bapa.

“Naha moal waka diangkut kitu, runtah téh?” Mamah naros.

“Wah, duka iraha diangkutna, apan pamiceunan runtahna gé can aya nepi ka ayeuna gé,” waler Bapa.

“Naha meni dugi ka numpuk kitu runtah téh nya Pa? Naha henteu diduruk waé?” ceuk kuring ngarasa héran.

“Di duruk gé moal teurak, da runtahna baseuh,” waler Bapa.

“Eta tuda ari miceun runtah téh sok padu *bra-bru* waé, tara dipisahkeun runtah baseuh jeung jeung runtah garing téh,” ceuk Mamah bari ngaléos ka jero imah. Teu lila Bapa jeung kuring ogé nuturkeun asup ka jero imah.

Isukna, jeung saterusna ari indit jeung mulang ti kantor téh, cenah, Bapa tara ngaliwat ka Pasar Antay.

Enya wé ari teu ngaliwat ka dinya mah teu bau deui bangké di imah téh. *Ngaliwat-ngaliwat* deui ka Pasar Antay téh sanggeus aya kana sabulanna, sabada runtah nu tingtalambru diangkutan ku mobil ti Dinas Kebersihan Kota. Ayeuna mah, cenah, geus aya pamiceunan runtah téh, di daérah Padalarang.

*(Dicutat tina Manglé Alit no. 1108-6-12 Maret 2008)*

1. Sangkan hidep leuwih paham kana eusi carita pondok di luhur, hayu urang pesék deui eusina babarengan.
  - a. Galur ieu carita téh nyaéta nyaritakeun Tatan nu geus sababaraha poé ngambeu bau bangké di imahna. Sanggeus ditéangan, singhoréng lain bau bangké, tapi bau tina runtah ti Pasay Antay anu kagéléng ku ban mobil bapana sarta bauna kabawa ka imah. Sanggeus bapana teu ngaliwat ka Pasar Antay mah bau bangké téh leungit.
  - b. Anu jadi palaku utama dina ieu carita pondok téh nyaéta Tatan. Palaku panambahna Bapana jeung Mamahna.
  - c. Watek Tatan téh apik sarta berséka. Daékan deuih, teu hésé nitah.

- d. Ieu carita lumangsung di imahna Tatan.
  - e. Témana ngeunaan miara kabersihan lingkungan.
  - f. Amanatna nyaéta kudu getol ngajaga kabersihan lingkungan, pangpangna di tempat umum, lantaran balukarna bisa karasa ku saréréa.
2. Kecap anu dibalikan deui dina ieu carpon
- Sabada maca gemet eusi carita pondok “Runtah”, katangén aya sababaraha kecap anu nyebutna dibalikan deui, boh dibalikan deui sagemblengna boh dibalikan deui bari diréka tina kecap asalna. Maksudna pikeun némbongkeun kaayaan atawa kalakuan anu kajadian atawa dipigawéna mindeng atawa tuluy-tumuluy. Geura urang cutat:
- a. Geus sababaraha poé di imah téh *huluwar-hiliwir* waé bau bangké.  
Kecap *huluwar-hiliwir* asal kecapna *hiliwir* ngandung harti lamun geus dirarangkénan atawa dirajék. Upamana ngahiliwir anu harti-na niup lalaunan, biasana angin leutik. Éta kecap téh dirajék (disebut dua kali) bari jeung aya anu dirobah kecapna. Disebutna *rajékan dwiréka*. *Huluwar-hiliwir* maksudna remen ngahiliwirna.
  - b. *Ulak-ilik* kana handapeun bupét, bisi aya bugang beurit, teu aya nanaon.  
Kecap *ulak-ilik* asalna *ilik* ngandung harti mun geus dirarangkénan atawa dirajék. Upamana ngilikan anu hartina ningalian kalawan taliti. Sarua kecap ieu gé dirajék dua kali bari jeung dirobah kecapna (*dwiréka*).  
*Ulak-ilik* hartina nénjo ka ditu ka dieu saliwat-saliwat.
  - c. *Kurah-koréh* di buruan nu héjo ku kekem-bangan...  
Kecap *kurah-koréh* asalna tina kecap *koréh*, ngandung harti mun geus dirarangkénan atawa dirajék. Upamana ngoréh hartina nyakaran taneuh néangan hakaneun. Sarua dirajék dua kali bari jeung dirobah kecapna (*dwiréka*). *Kurah-koréh* hartina mukaan lomari atawa ngungkab-ngungkabkeun runtah lantaran aya nu ditéangan.
  - d. Ceuk kuring ka Mamah anu keur anteng *kaprak-keprek* di dapur.

Kecap *kaprak-keprek* téh asal kecapna *keprek*, tapi ieu kecap ngabogaan harti lamun dihiijikeun jeung kecap séjén. *Kaprak-keprek* téh migawé pagawéan anu tuluy-tumuluy atawa teu eureun-eureun. Kaasup kana kecap *rajékan dwiréka*.

- e. Irung *diungsa-angseu* bisi enya anu jadi nimbul-keun bau téh jolna ti garasi.

Kecap *diungsa-angseu* asal kecapna *angseu* lemesna tina ambeu (ngambeu). *Diungsa-angseu* maksudna ngambeuan ka ditu ka dieu. Sarua dirajék *dwiréka*.

- f. *Gura-giru* kuring mukakeun pager.

*Gura-giru* asal kecapna *giru* tapi kakara ngan-dung harti mun dirarangkénan atawa dirajék. *Gura-giru* hartina rurusuhan. Dirajék dua kali bari dirobah kecapna (*dwiréka*).

- g. *Kari-kari* Bapa datang, bau bangké téh mani jelas kaangseu.

Asal kecapna *kari* anu hartina tinggal atawa sésa. Dirajék dua kali bari jeung teu dirobah kecapna. Disebutna *rajékan dwimurni*. Najan kecapna teu dirobah, tapi hartina mah jadi robah. *Kari-kari* hartina nuduhkeun sangkaan yén antara dua perkara nu kajadian aya patalina (hubunganana).

- h. Eta tuda ari miceun runtah téh sok padu *bra-bru* waé.

Kecap *bra-bru* asal kecapna *bru*. Nuduhkeun pagawéan nunda barang anu loba, ditunda kitu waé teu dibébérés. Ieu disebutna kecap *rajékan dwiréka*.

- i. Tapi can jol Bapa mah da teu *bau-bau* teuing.

Kecap *bau-bau* asal kecapna *bau*, nuduhkeun aambeuan anu teu ngeunah. Ieu kecap disebut-na dua kali bari jeung taya vokal anu dirobah. Disebutna kecap *rajékan dwimurni*.

- j. *Ngaliwat-ngaliwat* deui ka Pasar Antay téh sanggeus aya kana sabulanna.

Kecap *ngaliwat-ngaliwat* asal kecapna *ngaliwat*, hartina migawé pagawéan nyorang hiji jalan atawa tempat. Kecap *ngaliwat* disebutna dua kali bari jeung taya anu dirobah. Disebutna kecap *rajékan dwimurni*.



Sangkan leuwih jéntré, titénan tabél di handap!

Kecap Rajékan	Asal Kecap	Rajékan
huluwar-hiliwir	hiliwir	dwiréka
ulak-ilik	ilik	dwiréka
kurah-koréh	koréh	dwiréka
kaprak-keprek	keprek	dwiréka
ungsa-angseu	angseu	dwiréka
gura-giru	giru	dwiréka
bra - bru	bru	dwiréka
kari-kari	kari	dwimurni
ngaliwat-ngaliwat	ngaliwat	dwimurni
bau-bau	bau	dwimurni

3. Pikeun nambahan pangaweruh hidep ngeunaan kecap rajékan, titénan pedaran di handap!

Kecap rajékan téh nyaéta kecap anu diwangun ku cara nyebut dua kali atawa leuwih wangun dasarna, sabagian atawa sagemblengna, boh robah sorana boh henteu atawa boh dibarengan ku ngararangkénan boh henteu. Prosés ngawangun kecap rajékan téh disebutna ngarajék (*réduplikasi*).

Wangun kecap rajékan aya tilu:

- a. Kecap rajékan sagemblengna (sakabéhna) nyaéta kecapna disebut dua kali sakabéhna, boh robah sorana boh henteu. Kecap rajékan sagemblengna aya dua rupa:
  - 1) Dwilingga (disebutna dua kali). Dwilingga aya dua nyaéta:
    - a) Dwilingga murni (dwimurni) anu kecapna disebut dua kali bari jeung sorana teu robah. Contona: *buku-buku, amis-amis, korsi-korsi*, jsb.
    - b) Dwilingga réka (dwiréka) anu kecapna disebut dua kali bari jeung sorana robah. Contona: *bulak-balik, alak-ilik, tulas-tulis*, jsb.

- 2) Trilingga (disebutna tilu kali) bari robah sorana. Contona: *dar-dér-dor, brag-brig-brug, brang-bréng-brong*, jsb.
- b. Kecap rajékan sabagian nyaéta ku cara nyebut dua kali sabagian wangun dasarna, boh robah sorana boh henteu. Kecap rajékan sabagian aya dua rupa, nyaéta:
- 1) Dwipurwa nyaéta kecap rajékan ku cara nyebut dua kali engang mimiti wangun dasarna. Contona: *tajong* jadi *tatajong, sépak* jadi *sésépak, gejlí* jadi *gegejlí*, jsb.
  - 2) Dwimadya nyaéta kecap rajékan ku cara nyebut dua kali engang tengah wangun dasarna. Contona: *sabaraha* jadi *sababaraha*.
- c. Kecap rajékan binarung ngararangkénan nyaéta anu disebut dua kali atawa leuwih, boh robah sorana boh henteu, bari ditambahan ku rarangkén (imbuhan).
- Contona:
- *awut* + R (dwimurni) + rarangkén hareup *di-* jadi *diawut-awut*
  - *balik* + R (dwiréka) + rarangkén hareup *di-* jadi *dibulak-balik*
  - *peuting* + R (dwipurwa) + rarangkén hareup *sa-* jadi *sapeupeuting*
  - *baca* + R (dwipurwa) + rarangkén tukang *-an*, jadi *babacaan*

### Latihan

1.
  - a. hareup + R (dwimurni) + rarangkén hareup *pa-* = \_\_\_\_\_
  - b. bisa + R (dwimurni) + rarangkén hareup *sa-* = \_\_\_\_\_
  - c. alus + R (dwimurni) + rarangkén hareup *sa-* jeung rarangkén tukang *-na* = \_\_\_\_\_
  - d. tawar + R (dwipurwa) + rarangkén hareup *di-* jeung rarangkén tukang *-keun*, = \_\_\_\_\_
  - e. bodo + R (dwipurwa) + rarangkén hareup *sa-* + tukang *-na* = \_\_\_\_\_
  - f. peuting + R (dwipurwa) + rarangkén hareup *sa-* = \_\_\_\_\_
  - g. murah + R (dwiréka) + rarangkén hareup *di-* = \_\_\_\_\_
  - h. tilep + R (dwiréka) + rarangkén hareup *ka-* = \_\_\_\_\_
2. Jieun dua kalimah anu maké kecap rajékan dwimurni!
3. Jieun dua kalimah anu maké kecap rajékan dwiréka!
4. Jieun dua kalimah anu maké kecap rajékan trilingga!
5. Jieun dua kalimah anu maké kecap rajékan dwipurwa!
6. Jieun dua kalimah anu maké kecap rajékan dwimadya!



## D. Pancén

- a. Di handap aya deui carita pondok. Pék baca sing gemet, tuluy pesék eusina babarengan jeung kelompok anu sakelompokna opatan. Anu kudu ditéangan:
  1. Kumaha galur caritana?
  2. Saha waé palakuna jeung saha anu jadi palaku utamana?
  3. Kumaha watek palaku-palakuna?
  4. Di mana tempat kajadianna jeung iraha waktuna?
  5. Naon téma caritana?
  6. Naon amanatna?
  7. Téangan kecap-kecap anu teu kaharti tuluy téangan hartina dina kamus!
  8. Mun geus kapanggih hartina, kecap-kecap tadi larapkeun kana kalimah anu béda!
  9. Téangan kecap-kecap anu kaasup kana kecap rajékan dwiréka jeung dwimurni, boh binarung dirarangkenan boh heunteu, sarta tangtukeun asal kecapna tuluy téangan hartina dina kamus!

## Tarawéh

### Kenging: Alzahra Pramanik

Geus datang deui bulan puasa. Kuring mah sok resep mun bulan puasa téh. Ari waktuna puasa mah teu pati resep, da sok lapar. Komo mun tengah poé, peujit téh tangka sok murilit bakating ku lapar. Tikoro tuhur balas hayang nginum. Awak lungsé taya tanaga. Titingalian gé sok ranyay teu puguh.

Resepna mun waktuna buka. Sagala ngeunah rarasaan téh. Nginum cai hérang gé asa ngeunaaaaah pisan. Mun geus ngasaan mah boa asa cai surga ku ngeunah-ngeunahna. Mamah sok nyadiakeun és buah, nu dijieunna téh tina mélon, bléwah atawa bonténg suri, ager, rumput laut, jeung kawéni. Mani seger pisan. Mamah mah sagala ngadamel nyalira. Gulana sok ngahaja ngadamel seueur, tuluy dibotolan, disimpen dina kulkas. Jadi mun kurang amis téh tinggal ngucurkeun baé tina botol.

Tos éta ngahanca bala-bala anu dicocolkeun kana sambel suuk. Ieu ogé kénging ngadamel Mamah. Tara kersaeun mésér, najan nu dagang bala-bala loba, atuh bungbuna aya di toko nu geus jadi. Da béda ngeunahna bungbu meunang toko jeung buatan Mamah mah, leuwih ngeunah meunang ngaréndos Mamah.

Mun tos wareg bala-bala, diselang heula ku solat magrib berjamaah. Bapa nu jadi imamna. Tuluy ngado'a babarengan. Kuring mah sok ngado'a sangkan Bapa, Mamah, kuring jeung Si Adé, saréhat seueur rejeki, sarta seueur nu nyaheun.

Bérés solat, kakara nyerbu sangu sabalad-balad. Sadayana pasakan Mamah. Mun tos bérés neda téh sok tara kuat cengklat, bakating ku wareg. Tinggalolér heula hareupeun TV. Saur Mamah mah korban perang, keuna ku témbakan cenah. Enya, pan sapopoé tos perang, merangan hawa napsu. Ari tos waktuna buka, tara kuat nahan napsu, sagala dihuapkeun. Akibatna sok tinggalolér.

Tapi da ngagolér téh teu bisa lila, Mamah sok ngaburu-buru ngajak ka Masjid, tarawéh. Tah, dina waktuna tarawéh deuih nu sok resep téh. Sok loba pikaseurieunana. Tapi kétéh mun tarawéhna gigireun Mamah mah tara bisa lalusa seuri, da sok molototan. Mamah mah galak pisan kana ibadah téh, teu meunang heureuy. Mun barudak lalaki nu balangor sok heureuy gé sok dicarékan ku Mamah, nepi ka cicingna.

Ari bangorna barudak lalaki téa atuh, sok kaleuwihan. Mun keur nangtung sok silihséréd, nepi ka tingrampéol. Malah sok aya nu ngagebut labuh sagala. Mun geus kitu sok tingarusek seuri ditahan. Mun keur ruku, nu cicing di tukang sok nyundul bujur nu hareupeunana, nepi ka ngajolongjong, nyundul deui nu hareupeunana. Atuh jadi tabrakan beruntun. Atawa mun keur sujud, nu tukang sok nyolok bujur nu hareupeunana, nepi ka tinggurubug. Kitu deui mun amin, sok bari diheureuykeun. Patarik-tarik bari dilagukeun. Pan sakali waktu mah Pa Ustad bendu, pédah aminna diheureuykeun ku barudak. Tapi da répéhna téh ukur sababaraha rakaat, ka dituna mah der deui der deui.

Kuring mah tangka sok nyeri beuteung nahan piseurieun. Ari teu seuri da lucu, ari seuri sieun ku Mamah. Saur Mamah téh, "Nu ngaheureuykeun agama dianggap lucu! Kudu diélingan nu kitu mah lain diseungseurikeun!" cenah bari baeud.

Ti tanggal hiji nepi ka tanggal sapuluh mah Masjid téh pinuh-pinuh waé ku anu tarawéh. Tangka sok lébér ka buruan Masjid nu solat téh, da di jero teu kabagéan. Nincak tanggal wewelasan, mimiti coréngcang. Loba nu alpana. Nu sok getol téh ukur barudak wé, kolotna mah jarang. Ceuk Mamah mah geus loba nu gugur dina babak penyisihan. Jadi pas semifinal téh tinggal saeutikan.

Tah, mun geus tanggal lilikuran, Masjid téh sok rada pinuh deui, da katambahan ku nu mudik ti kota. Jamaah lolobana mah angger wé barudak sakola. Da éta meureun meunang tugas ti guru agamana masing-masing kudu ngeusian buku romadhon. Jadi daék teu daék kudu hadir baé di Masjid, da mun rék curang ménta tanda tangan wungkul, Pa Ustadna tara daékeun néken.

Pas peutingan pangahirna, kuring jeung Mamah pangheulana datang ka Masjid. Ulah kalékéd, saur Mamah téh, ayeuna malem final. Ngan juara bertahan nu kuat hadir. Kitu cenah. Kuring jadi sumanget tarawéh téh da asa jadi juara bertahan. Kabeneran Jama'ah téh rada rempeg. Masjid pinuh, malah aya nu ngampar di émpér sagala. Anu tadina geus bolos baé, aya nu daratang deui. Lumayan jadi haneuteun deui Masjid téh. Pa Ustad gé katingalina rada sumanget. Anu biasana tara aya ceramah gé ngadadak ceramah heula anu eusina nyaritakeun peutingan lailatul qodar.

Maca suratna gé nu paranjang deuih. Malah dina witir mah maca surat Yassin sagala. Teu tamat suratna mah, ukur sabagéan, ngan lumayan panjang wé. Pan di Masjid kuring mah mun solat witir téh sok dua kali salam. Dua rakaat jeung sarakaat. Caritana, pas rakaat nu pangahirna, sumanget Pa Ustad jigana ngagedur kénéh. Da éta wé, basa sujud pangahirna, dililakeun. Lilaaaaaaa pisan, nepi ka kesel nonggég.

Ari keur kesel kitu, aya nu nyebut Allahu Akbar. Jamaah jajaran tukang mah kabéh cengkat, kaasup kuring jeung Mamah. Ari pas ngarérét ka hareup, kuring reuwas, lantaran Pa Ustad jeung dua shap panghareupna mah can cengkat tina sujudna. Nu séjén brak-bruk sarujud deui, bari gandéng saleuseurian. Ari Mamah mah angger calik. Teu lila Pa Ustad ngucapkeun Allahu Akbar bari calik tahiyat ahir. Ari pas bérés salam, sугan téh mamah rék ngambek, ari heug téh kalah ngiring imut. Kagugu meureun. Lantaran lila teuing sujud, aya nu iseng nyebut Allahu Akbar. Atuh loba nu katipu.

“Nu matak mun jadi imam kudu taliti, ulah nepi ka solat diheureuykeun jamaah. Imam mah teu meunang sagawayah, kudu nu masagi élmuna, boh élmu agamana boh élmu kamanusaanana,” saur Mamah bari nilepan mukena.

Kuring teu pati ngarti maksud Mamah, ongkoh piseurieun can béak-béak. Ngeunah seuri téh, da sakali ieu mah Mamah teu molototan. \*\*\*

*(Dicutat tina Manglé Alit)*

## **E. Nulis Carita Pondok**

Ceuk saha nulis carpon hésé? Hésé soténan mun ukur dibayangkeun bari jeung teu prak ditulis. Lamun hidep ngalaman hiji kajadian anu matak karasa pisan kana haté, geuwat tuliskeun. Ulah waka mikiran alus jeung goréngna tulisan, nu penting nulis heula. Pikeun latihan mah alusna unggal poé nulis. Kajadian naon baé, rék nu ramé rek henteu, tuliskeun. Tina nyusun kecap, ké bakal manjangan jadi nyusun kalimah. Mun geus jadi kalimah, tuluy manjangan jadi paragraf. Teu nanaon mimiti nulis mah saparagraf heula, tapi sakabéh unsur anu aya dina carpon aya. Upamana, kasebut saha palakuna, kumaha watekna, di mana tempatna, naon témana, amanatna, jeung kumaha kajadianana.

Léngkah satuluyna, éta unsur-unsur anu aya téh dipisahkeun neundeunna. Anu tadina aya dina saparagraf, dipisahkeun kana paragraf kadua. Kitu jeung kitu baé, paragraf tambahan pikeun ngajéntrékeun tulisan saméméhna, tapi ulah kaluar tina carita anu poko. Lila-lila mah geura bakal beuki lancar nulisna. Lamun nulisna beuki lancar, bakal beuki gampang nyusun caritana.

Sangkan babari sarta eusi caritana henteu méngpar tina jejer, alusna mah dijieun waé rangkay karanganana anu mangrupa runtuyan kajadian anu bakal ngawangun eusi carita. Upamana hidep rék nulis ngeunaan kanyaah indung.

Rangkay karanganana:

1. Gambaran indung hidep, boh wujud lahiriahna boh pagawéan sapopoéna.
2. Kabiasaanna indung anu pikaresepeun atawa pikakeuheuleun hidep

3. Gambaran kaayaan sapopoé di kulawarga, hubungan antara indung jeung bapa, kolot jeung anak, adi jeung lanceuk. Harmonis atawa henteu.
4. Hidep paséa jeung adi, nepi ka adi hidep cilaka, sarta dibawa ka rumah sakit.
5. Timbul rasa dosa dina diri hidep basa ningali kasedih indung nyanghareupan éta musibah.
6. Hidep sieun dicarékan, tapi henteu, kanyaah indung ka hidep teu ngurangan najan ngalakukeun salah.
7. Hidep ménta hampura sarta jangji moal deui deui maséaan adi.
8. Di rumah sakit saréréa kumpul, babarengan nguruskeun adi anu di rawat.

Tina rangkay karangan di luhur, hidep bisa nyieun carpon anu lumayan panjangna. Ulah poho diselapan ku paguneman antara tokoh jeung tokoh. Kalimah mimitina bisa dimimitian ku naon waé. Upamana:

Poé ieu Mamah masak pais lauk nila. Karesep kuring jeung si Adé. Seungit pais anu keur diseupan, melenghir minuhan dapur. Ngahudang lapar. Kuring ngintip ka dapur, teu kuat geus hayang geura am. Mamah nuju jongjon ngaréndos sambel. Najan salirana lintuh, Mamah mah gesit pisan barangdamelna...jst.

### Latihan

Pikeun latihan, hayu urang babarengan nulis carita pondok. Judulna “Kabeurangan”. Ieu rangkay karanganna:

1. Peuting lalajo maén bal di televisi nepi ka jam 12
2. Isukna hudang kabeurangan
3. Rusuh dangdan rék sakola, nepi ka poho teu sasarap
4. Datang ka sakola panto gerbang geus ditutup
5. Dibawa ka rohang PKS kesiswaan, tuluy ditanya ku PKS kesiswaan
6. Dihukum mulungan runtah
7. Keur mulungan runtah handapeun tangkal palem anu kékép, dipacok oray
8. Guru-guru reuwaseun, tuluy dibawa ka rumah sakit.
9. Bapa jeung Mamah datang ka rumah sakit
10. Dipapatahan ku Bapa.

Méh teu hésé teuing pikeun bubukana, tuluykeun alinéa di handap, tuluy susun karanganna dumasar kana rangkay di luhur!

## Kabeurangan

Koréjat Si Udin hudang. Kagareuwahkeun ku sora anu brang-bréng-brong di dapur. Tina sela-sela hordéng, kaciri di luar geus caang. Boa-boa kabeurangan. Rék kana jam Ben10 anu ngadaplok dina témbok kamar. Gustiiii...geuning geus jam genep! Si Udin tibuburanjat turun tina risbang, ngarawél anduk, deregdeg lumpat ka kamar mandi \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



### F. Pancén Mandiri

- a. Tangtu hidep sok manggihan Majalah atawa koran anu ditulis dina basa Sunda. Tah dina éta majalah atawa koran sok aya rubrik husus anu ngamuat carita pondok, boh keur bacaeun kolot boh keur bacaeun budak. Atawa dina internét ogé sok loba website Sunda anu ngamuat carita pondok. Bacaan ku hidep carita pondokna, tuluy pilih salahsahiji anu dipikaresep ku hidep. Baca sing gemet, tuluy pigawé:
  1. Jieun ringkesanana maké basa hidep sorangan
  2. Tangtukeun témana
  3. Saha palakuna
  4. Kumaha watek palakuna
  5. Sebutkeun latar waktu jeung tempatna
  6. Sebutkeun amanatna
  7. Tuliskeun galur atawa runtuyan kajadianana
- b. Jieun conto carita pondok anu témana bébas, panjangna minimal dua lambar keretas tulis. Pikeun néangan ide caritana bisa ku rupa-rupa cara:
  1. Ngupingkeun lalaguan boh lagu Sunda, lagu Indonésia, atawa



lagu barat (dina basa Inggris), malah mun ngarti mah lagu Koréa jeung Jepang ogé pék waé.

Biasana dina lagu téh aya nu ngalalakonkeun hiji kajadian, aya nungansakadar ngabudal-keuneusi haté wungkul. Ngan pédah lagu mah kekecapanna ringkes pisan. Ku hidep bisa ditulis deui eusi caritana maké basa lancar-an. Meunang ditambahan sautak-saeutik sangkan leuwih ramé atawa ditambahan ku paguneman.

2. Tina catetan poéan hidep. Mun hidep boga catetan poéan, heug aya pangalaman anu teu bisa dipopohokeun sabab keuna pisan kana haté. Tah éta bisa dijieun jejer/téma carita. Sangkan ramé, kajadian bisa ditambah ku hasil lamunan hidep.
  3. Kajadian spopoé anu kaalaman ku sorangan atawa ku babaturan. Ieu ogé bisa dijieun jejer carita, tapi lamun hidep nyaritakeun lalakon anu kaalaman ku babaturan, kadé ngaranna ulah saenyana, bisi ngambek. Maké ngaran samaran baé. Tapi caritana ulah saenyana teuing, meunang ditambahan ku hasil imajinasi hidep, bisi jiga nulis pangalaman pribadi. Teu nanaon da carpon mah carita fiksi atawa rékaan.
- c. Carpon meunag nulis hidep téh baca hareupeun kelas saurang-saurang. Kadé lentong jeung ucapanana kudu merenah. Pangpangna dina ngucapkeun warna kalimah. Upamana kumaha lentong kalimah tanya, kalimah warta, kalimah paréntah, jsb. kitu deui dina ngucapkeun sora, upamana dina ngucapkeun sora eu, e (pepet), jeung é (téléng). Leuwih alus mun dibarengan ku pasemon atawa riuk beungeut jeung gerak awak anu luyu jeung eusi carita pondokna!

## Daptar Pustaka

- Durahman, Duduh. 1991. *Sastra Sunda Sausap Saulas*. Bandung: Geger Sunten.
- Etti, R.S. 2012. *Jangjawokan*. Jawa Barat: Dinas Pariwisata dan Kebudayaan.
- Faturohman, Taufik. 1982. *Tatabasa Sunda*. Bandung: Djatnika.
- Hadi, Ahmad, Drs. 1991. *Peperenan*. Bandung: Geger Sunten.
- Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah FPBS UPI. 2008. *Éjahan Basa Sunda*. Bandung: Sonagar Press.
- LBSS. 1980. *Kamus Umum Basa Sunda*. Bandung: Taraté.
- Rusyana, Yus, Drs. 1978. *Panyungsi Sastra*. Bandung: Gunung Larang.
- Satjadibrata, R., 2005, *Kamus Basa Sunda*. Bandung: PT. Kiblat Buku Utama.
- Sudaryat, Yayat, Drs. 1985. *Pedaran Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Tamsyah, Rahayu, Budi, Drs. 1991. *Kamus Undak Usuk Basa Sunda*. Bandung: Geger Sunten.
- Tamsyah, Rahayu, Budi, Drs. 1996. *Pangajaran sastra Sunda*. Bandung: Pustaka Setia.
- Wibisana, Wahyu. 2000. *Lima Abad Sastra Sunda; Sebuah Antologi*. Bandung: Geger Sunten.